ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ

Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети

Ҳуқықтаныў кафедрасы

# Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары пәнинен лекция текстлери

Дүзген: ю.ф.д., проф.Кутыбаева Е.Д.

Нөкис-2014 ж.

# Кирисиў

Демократия раўажланған пуқаралық жәмийетлерде ҳәкимиятлар бөлиниўине тийкарланған ҳуқықый мәмлекет қурыўға өткен. Ғәрезсизлик тийкарында ҳәкимият нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятларына бөлинди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың мийнетлеринде Өзбекстан Республикасында ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў мақсет етип қойылды. Ғәрезсиз Өзбекстанның биринши Конституциясында Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимиятының системасы ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлиниў принципине тийкарланады деп белгиленди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И. А. Каримов өзиниң «Өзбекстанның сиясий-жәмийетлик ҳәм экономикалық келешегиниң тийкарғы принциплери» атлы мийнетинде «Басқарыў ўазыйпаларының тийкарғы бөлегин орайдан областьларға областлардан қала районлардағы мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларына өтиўин тәмийнлеў дәркар. Сол тийкарда бул басқыш әсте-секин өзин-өзи басқарыў жәмәәтшилик шөлкемлерине де жетип барады» деген еди. Өзбекстан Республикасындағы мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары системасындағы өткизилген реформаның тийкарғы мақсети Президентимиз И. А. Каримовтың «Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында» деген мийнетинде бир аўыз сөз пенен айтқанда «инсанға хызмет қылмаған қандайда бир мәмлекет системасы бар болыўға ҳақылы емес» деп атап көрсеткен еди. Турақлы базар экономикасы, ашық сыртқы сиясатқа тийкарланған күшли демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин дүзиў тийкарғы мақсет болып қалыў керек. Сол мақсетти әмелге асырыўда мәмлекет ҳәкимиятының ўәкилликли ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў ўазыйпалары айрықша орынды ийелейди.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ериспестен алдын бул пән (мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары) “Совет қурылысы„ деп аталатуғын еди. Советлер ислеўши корпорациялар сыпатында нызам қабыл етиў, басқарыў ҳәм бақлаў бирлигин тәмийинлениўи лазым еди. Буннан сораў келип шығады. Сайлап қойылатуғын ўәкиллик уйымы қалай етип нызам қабыл етеди ҳәм оны орынлаўы мүмкин. Бул еки бағдардағы ўәкилликлерди әмелге асырыў ушын қәнигелер ҳәм ҳәр тәреплеме жетилискен аппарат керек. Қысқасы, нызам қабыл етиў хызметин, атқарыў ҳәкимияты менен қосып алып барыў мүмкин емеслигин бизге жақын тарийхымыз дәлийлледи.

**Тема 1: Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары пәнинининң түсиниги.**

- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары пәнининң түсиниги ҳәм оның предмети.
- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары пәнининң тийкарғы дереклери.
- Пәнниң басқа жәмийетлик пәнлер менен өз-ара қатнасы.
- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының ҳәзирги дәўирдеги роли, олардың әҳмийети.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизликке ерисиўи ҳәм демократиялық ҳуқықый мәмлекетти дүзиў процессинде ең әҳмийетли ўазыйпалардан бири базар қатнасықларына тийкарланған экономиканы пайда етиў болса, екинши әҳмийетли ўазыйпа республикада мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жаңа республикалардың ғәрезсизлиги шәраятларына сәйкес келетуғын системасын жаратыў еди. Өзбекстан Республикасы Конституциясының 99-статьясына муўапық областьлар, районлар ҳәм қалаларда ҳәкимлер басшылық ететуғын халық депутатлары кеңеслери ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары болып, олар мәмлекет ҳәм пуқаралардың мәплерин гөзлеп, өз ўәкилликлерине тийисли мәселелерди шешеди.

Ҳәкимлер нызамға муўапық ўәкилликли уйымларға ҳәм атқарыў уйымларына да басшылық етеди. Ҳәким тийисли аймақта жоқары лаўазымлы шахс болып есапланады. Республикадағы мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларының төменги басқышлары аўыл, поселка, районға бойсыныўшы қала ҳәм районлардағы халық депутатлары кеңеслери тоқтатылып, олардың орнына өзин-өзи басқарыў уйымлары пайда болды. Пуқаралық жәмийетин қурыўдың мәниси, мәмлекет раўажланып барған сайын басқарыўдың ҳәр түрли ўазыйпалары тиккелей халыққа тапсырыў, яғный өзин-өзи басқарыў уйымларын және де раўажландырыў болып табылады.

Мәмлекет ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары пәни Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары халық депутатлары кеңеслери ҳәм өзин-өзи басқарыў ўазыйпаларының пайда болыўы ҳәм раўажланыўын, сол уйымлар жумысының шөлкемлестирилиўин үйренеди.

Бул пәнниң мазмуны төмендегилерди өз ишине алады.

1) Халық депутатлары кеңеслериниң системасы, оларды шөлкемлестириў принциплери, кеңеслердиң түрлери, олардың өз-ара ҳәм басқа мәмлекетлик уйымлар менен ҳәм де жәмийетлик бирлеспелер менен қатнасықлары:

2) Кеңеслердиң функциялары, яғный олардың хызметиниң тийкарғы бағдарлары, олардың мәмлекет, хожалық ҳәм социаллық мәдений қурылысына басшылық етиўи;

3) Халық депутатлары кеңеслериниң ишки шөлкемлесиўшилик дүзилиси, атқарыў уйымларының дүзилиси ҳәм ишки шөлкемлесиўшилик бөлимлердиң өз-ара қатнасы;

4) Халық депутатлары кеңеслериниң жумысларын бирлестириў яғный олар ҳәрекетин шөлкемлестириў формалары.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизлиги шараятында республикадағы экономикалық социал-сиясий ҳәм идеологиялық шараятларды есапқа алған ҳалда республикадағы халық депутатлары кеңеслери ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары өзгешеликлерин салыстырыў әҳмийетли талаплардан бири есапланып усы пән арқалы анықланады.

Бул пәнниң басқа жәмийетлик пәнлер өз-ара байланысына тоқтап өтетуғын болсақ, мәмлекет ҳәм хуқық тәлийматы, конституциялық хуқық, ҳәкимшилик ҳуқық сыяқлы ҳуқықый пәнлер менен ал жәмийетлик пәнлер экономика, сиясаттаныў, философия пәнлери мененде тығыз байланыслы болып табылады.

Бул пәнниң экономика пәни менен байланысы еки бағдарда көринеди,

биринshiden, экономика халық депутатлары кеңеслериниң халық хожалығына басшылық етиўиниң нәтийжелилигиниң нормаларын ислеп шығады,

екиншиден, халық депутатлары кеңеслерин экономика тараўларындағы хызмети ҳәм компетенцияларын белгилеп бериўге жәрдем береди.

Сиясаттаныў пәни басқарыўды туўры шөлкемлестириў, халықты ўәкиллик уйымлар жумысына тиккелей қатнасыўын депутатларды, ҳәкимлик аппараты хызметкерлерин, халық депутатлары кеңеслери ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары қатнасыўшылары жумысының психологиялық тәреплерин ислеп шығады. Мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы пәниниң мәмлекет ҳаққындағы, мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары ҳаққындағы шығарған жуўмақларына сүйенеди. Конституциялық ҳуқық мәмлекет ҳәм жәмийет ислерин басқарыўдың улыўма талапларын үйретеди, ал ҳәкимшилик ҳуқық ўәкилликли уйымлардың жумысын туўры шөлкемлестириўге жәрдем береди.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары пәниниң дереклери ҳаққында сөз ететуғын болсақ, оның тийкарғы дереги сыпатында Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың мийнетлерин көрсетсек болады, себеби республиканың ғәрезсизлиги шараятында мәмлекетимиздиң экономикалық-социаллық ҳәм ҳуқықый системасында тийкар болатуғын мәселелер биринши мәртебе усы мийнетлеринде тәлийматы жағынан ислеп шығылған ҳәм турмыста қолланып келмекте. Пәнниң дереклерине республикамыз мәмлекетлик ғәрезсизлигине ҳәм сиясий суверенитетине ерискеннен кейинги қабыл еткен нызамлары ҳәм ҳуқықый ҳүжжетлер киреди. Буларға жоқарғы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қабыл еткен нызамлары ҳәм басқа ҳуқықый ҳүжжетлери, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының қарарлары ҳәм басқа ҳүжжетлери, республикадағы жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының жумыс тәжрийбесинен алынған ҳүжжетлерде киреди.

Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстанда инсан мәплери, тынышлығына ҳәм жақсы турмыс кешириўи ушын хызмет қылатуғын демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыўды тәмийнлеўши кең түрдеги сиясий реформалар әселге асырылмақта. Сиясий реформалардың тийкарғы бағдарларынан бири Өзбекстанда нызам шығарыўшы жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы-парламентти қәлиплестириўге қаратылған еди.

Өзбекстан ғәрезсизлиги жәрияланған ўақытта 1990 жыл февралда сайланған нызам шығарыўшы ҳәкимият уйымы-Олий Кенгаш хызмет көрсетпекте еди. Өзбекстанда демократиялық реформаларды басқышпа-басқыш әмелге асырыў жолынан барылып, Олий Кенгаш 1990-1994 жылларды нызам шығарыўшы ҳәкимият сыпатында жумыс алып барды. Олий Кенгаш өз ўәкиллиги дәўиринде 200 ге жақын нызам 500 ден артық қарар қабыл қылды. 1992 жыл 8-декабрде қабылланған Өзбекстан Республикасының Конституциясында демократиялық принциплерге тийкарланған жаңа парламентти қәлиплестириўдиң ҳуқықый тийкарлары белгилеп берилди. Оның 76-статьясында; „Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы болып, нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады“ деп белгилеп берилди.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына муўапық, бир палаталы парламент-Олий Мәжилисти қәлиплестириўге кирисилди. 1993 жыл 8-декабрде «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаўлар ҳаққында», 1994 жыл 22-сентябрде ««Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳаққында»ғы Нызамлар қабыл етилди. Оларда Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси аймақлық сайлаў округлери бойынша көппартиялық тийкарында бес жыл мүддетке сайланатуғын 250 депутаттан ибарат екенлиги белгилеп қойылды. Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашининиң 1994-жыл сентябрьде болып өткен он алтыншы сессиясы 1994-жыл 25-декабрь күни Олий Мәжилиске, область, район, қала Кеңеслерине сайлаў өтизиўге қарар қылды. Сайлаўларды нызам талаплары тийкарында өткизиў ушын республика бойынша 250 округ ҳәм 7192 участка сайлаў комиссиясы дүзилди.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси депутатлығына Халық демократиялық партиясы, «Ватан тараққиети» партиясы ҳәм ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларынан барлығы болып 700 талабан дизимге алынды. 1994-жыл 25-декабрь сайлаў күни даўыс бериўде дизимге алынған 11,2 млн артық сайлаўшыдан 93,6% қатнасты. талабанлар жетерли даўыс топламаған сайлаў округлеринде 1995-жыл 8 ҳәм 25-декабрь күнлери тәкирарланып сайлаўлар болды.

Олий Мәжилиске 250 депутат сайланды. 1995-жыл 23-февраль күни Өзбекстаның жаңа сайланған парламенти-биринши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси өз жумысын баслады. Ол өз ўәкиллиги дәўиринде 1995-1999 жылларда 15 сессия өткизди, сессияларда 10 кодекс, 2 миллий дәстүр, 145 нызам, 452 қарар қабыл қылды. Олий Мәжилис халық аралық конвенцияларға қосылыў ҳаққында 58 қарар қабыллады. Биринши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлисиниң 1999-жыл 19-20-август күнлери болып өткен он

бесинши сессиясы екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси депутатлары сайлаўын  1999-жыл 5-декабрь күнине белгилеў ҳаққында қарар қылды. екинши шақырық  Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаўлар биринши шақырық сайлаўларына қарағанда нәтийжелирек болды. бурын депутатлыққа үш субъект бес сиясий партия ҳәкимият ўәкиллик уйымлары ҳәм сайлаўшылардың инта топарларынан барлығы болып, 1010 талабан дизимге алынды. Болып өткен сайлаўларда 250 депутат сайланды. Олардың 111 ағзасы ҳәкимият ўәкиллик уйынан, 48-ағзасы халық демократиялық партиясына, 34-ағзасы «фидокарлар» миллий-демократиялық партиясынан 20-ағзасы «Ватан тараққиети» партиясынан, 11-ағзасы «Адолат» социал-демократиялық партиясынан, 10-ағзасы «Милллий тиклениў» партиясынан, 16-ағзасы пуқаралардың инта топарларынан талабан етип көсетилген еди. Екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси де бир палаталы парламет сыпатында қәлиплестирилди.

Президент Ислам Каримов 2000 жыл 25-май күни екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң екинши сессиясында «Өзгерис ҳәм жаңаланыў-турмыс талабы» деген темадағы жасаған баянатында еки палаталы парламент дүзиў идеясын алға қойды. «Бизиң жәмийетимиз тез раўажланып өзгерип атыр, адамлар руўхый жетилисиў жолында алға қәдем басып атыр, бул узақты гөзлеген сиясатымыз, алдағы мақсет жолымыздағы умтылыўымыз нәтийжеси. Сол жағдайларды нәзерде тутып, мен турақлы тийкарда ислейтуғын еки палаталы парламент системасына өтиў усынысын киритпекшимен», -деген еди Президентимиз. Бул демократиялық реформаларды басқышпа-басқыш әмелге асырыў принципине сай түрде Республика парламентин еки палаталы тийкарда жәнеде тереңлестириўди нәзерде тутқан идея болып табылады. 2001 жыл 6-7 декабрь күнлери болып өткен екинши шақырық Өзбекстан Республикасы  Олий Мәжилисиниң жетинши сессиясында еки палаталы парламент дүзиў мәселеси додаланды. Сессия еки палаталы профессионал парламент дүзиў  ҳәм оның хызмети ушын ең зәрүрли болған усыллар-жоқары қәнигели сиясатшылар, юристлер, экономистлер ҳәм басқа қәнигели кадрлар корпусы жетилискенлигин, көп партиялы система қәлиплескенлигин жәмийетимизде ҳуқықый мәденият дәрежесиниң жоқары дәрежеде екенлигин инабатқа алады ҳәм парламентти еки палаталы етип дүзиў зәрүр деген жуўмаққа келди. Мәлим болғанындай демократиялық ҳуқықый мәмлекетлердиң көпшилигинде парламент еки палаталы системаға ийе. XX әсирде еки палаталы система парламентаризм раўажланыўының ең тийкарғы тенденциясына айланды. XX әсирдиң кейинги он жыллықларында еки палаталы парламентлер саны 45 ден 70 ке көбейди.

Олий Мәжилистиң жетинши сесиясында  2002 жыл 27-январь күни еки палаталы парламентти қәлиплестириў мәселеси бойынша Өзбекстан Республикасы референдумын өткизиў ҳаққында қарар қабыл қылды. Референдумда даўыс бериў бюллетенине «Сиз келеси шақырық Өзбекстан Республикасы парламенти  еки

палаталы етип сайланыўына разымысыз» деген сораў киритилди. Буған референдумда қатнасқанлардан 11344242 адам, яғный 93,65 проценти жақлап даўыс берди. Сайлаўшылар еки палаталы парламент дүзиў мәселесин қоллап-қуўатлады.

2002-жылдың 27-январында улыўма халықлық референдум өткизилиўи ҳәм еки палаталы парламент дүзиў ҳаққындағы қарар қабылланыўы мәмлекетимизде парламентаризмниң раўажланыўында жаңа басқыш болды. 2002 жыл 4-5 апрель күнлери болып өткен екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң VIII-сессиясында «Референдум жуўмақлары ҳәм мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Конституциялық нызамы ҳәм «2002-жыл 27-январда өткизилген Өзбекстан Республикасы референдумының жуўмақлары бойынша әмелге асырылатуғын нызамшылық ислериниң тийкарғы бағдарлары ҳаққында» Қарар қабыл қылды. Бул ҳүжжетлер бир палаталы парламенттен еки палаталы парламент системасына өтиў, мәмлекет басқарыў мәселесинде нызам шығарыўшы ҳәкимият болған Олий Мәжилис қурамын өзгерттириў яғный төменги палата-нызамшылық палатасы ҳәм Сенат деп аталатуғын жоқары палатаны шөлкемлестириў, Өзбекстан Республикасы Президентиниң ўәкиллик мүддетин 5 жылдан 7 жылға өзгерттириў қағыйдаларын беккемледи, парламент реформасы менен байланыслы басқа да әҳмийетли мәселелерге айдынлық киритти. Буннан кейинде Өзбекстан Республикасының Жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы-паламентиниң аты Олий Мәжилис деп атала береди. Онып қурамында еки палата дүзиледи. Төменги палата-нызамшылық палатасы, жоқары палатасы сенат деп аталады. Еки палаталы парламент 2004 жылдың декабр айында өткизилетуғын сайлаўлар тийкарында қәлиплестирилди. Төменги палата 120 депутаттан, сенат 100 сенатордан ибарат болады. Сенатқа Қарақалпақстан Республикасы, областлар ҳәм Ташкент қаласынан алты адамнан, барлығы 84 адам сайланады. Президент тәрепинен тайынланатуғын 16 адам тәжирийбели, үлкен абыройға ийе адамлар Сенаттың ағзасы болады.

2002 жыл 12-13 декабрь күнлери болып өткен Олий Мәжилисиниң онынышы сесиясында «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Сенаты ҳаққында» ҳәм «Өзбекстан Республикасы Нызамшылық палатасы ҳаққында»ғы Конституциялық нызамлар ҳәмде оларды әмелге киритиў ҳаққында қарарлар қабыл қылды. Сондай-ақ, 2003 жыл 24-апрельде «Өзбекстан Республикасының Конституциясына өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында» Нызам қабыл қылынды.

Дүньяның раўажланған мәмлекетлеринде топлаған парламентаризм тәжирийбеси, Өзбекстан халқының қәдриятлары ҳәм менталитетин есапқа алған ҳалда ислеп шығылған.Усы нызамлар парламентимиз еки палатасы ўәкилликлерин ҳәм жумысының тийкарғы формаларын анық белгилеп береди. Еки палаталы парламент дүзиў, Өзбекстан Республикасының Конституциясына киритилген өзгерис ҳәм қосымшаларының принципиал мазмуны нелерден ибарат?

Өзгерислердиң принципиал мазмуны Президент Ислам Каримовтың 2003-жыл 24-апрельдеги Өзбекстан Республикасы Конституциясына өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиўге арналған баянатында өз көринисин тапқан.

Биринширен, нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты ортасында ўәкилликлер жәнеде демократиялық тийисли түрде қайта бөлистириледи. Ҳәкимият тармағының ҳәр бири өзиниң ҳуқық ҳәм миннетлемелерин ғәрезсиз ҳалда әмелге асырыўы ушын зәрүрли шәраятлар ҳәм кепилликлер тәмийинленеди. Парламенттиң роли артады. Олий Мәжилистиң ҳүкиметти қәлиплестири, оның жумысын қадағалаўдағы ўәкиллиги күшейеди.

Президент ўәкиллериниң бир бөлеги-мәмлекет суд системасы ҳәм арнаўлы хызметлердиң басшыларын шет еллер ҳәм халық аралық шөлкемлериндеги дипломатиялық ўәкиллердитайынлаў ҳәм тастыйықлаў -Сенатқа өткизиледи.

Екиншиден, Өзбекстан Республикасы Конституциясының 89-статьясы өзгертилди. Оның «Өзбекстан Республикасы Президенти бир ўақытта Министрлер Кабинетиниң Баслығы есапланады» деген бөлими алып тасланды. Бул жағдай Бас Министрдиң ҳүкиметтиң ҳәм пүткил ҳүкимет дүзилмелериниң ўәкилликлери ҳәм жуўапкершилигин күшейтиреди.

Үшиншиден, Нызамшылық палатасы өз жумысын турақлы, профессионал тийкарда әмелге асырады. Бул жағдай усы палатаға сайланатуғын депутатлар қурамын сыпат жағынан өзгертириўге, олардың квалификация ҳәм кәсип жетилискенлигине болған талаплардың артыўына алып келеди. Нызамлар үстинен ислеў процесси де түптен өзгереди, олардың сыпатыда жақсыланады.

Нызамшылық палатасына депутатлар сиясий партиялар тәрепинен усынылған дизимлер тийкарында ҳәм пуқаралардың өз кандидатурасын қойыў жолы менен сайланады. Бул жағдай сиясий партиялар, жәмәәт шөлкемлери, пуқаралық ҳәм мәмлекетлик емес институтларының турмыстағы орны, тәсири ҳәм әҳмийети күшейиўине имканият береди.

Сенаттың қәлиплесиўи мәмлекеттиң ис алып барыўын билип турыўы, аймақлар менен тиккелей, байланысты әмелге асырыў, олардың мәплерин сәўлелендириў ҳәм қорғаў имканиятын береди.

Төртиншиден, миллий парламент ҳәр қыйлы палатасының ўәкилликлери, ҳуқық ҳәм миннетлери Конституцияда анық белгилеп берилди, олардың тиккелей ҳәм биргеликте әмелге асыратуғын жумыс тараўлары анық шегараланып қойылды. Нызамлы тийкарда, конституциялық көз-қарастан белгилеп қойылған бул ҳуқықый жағдай палаталар ишинде бир қыйлылық ҳәм бир-бирин тәкирарлаў итималын сапластырыўды тәмийнлейди.

Бесиншиден, Конституцияға киргизген өзгерис ҳәм қосымшалар жәмийет сиясий турмысын жақсылаў ушын әҳмийетли усыл болады, пуқараларда жәмийетлик ҳәм сиясий тәртиптен өзлигин аңлаў туйғысын күшейттиреди. Бул жағдай пуқараларда өзин-өзи басқарыўдың демократиялық дүзилмелеринде мәмлекет ҳәм мәмлекет басшысы алып барып атырған ишки ҳәм сыртқы сиясатқа

салыстырмалы тәрептен қалыс баҳа бериў, пуқаралық жантасыў ҳәм позиция қәлиплесиўине көмеклеседи.

**Тема 2: Еки палаталы парламентлик басқарыўдың әҳмийети.**

- Парламент ҳаққында түсиник.
- Еки палаталы парламентли басқарыўдың Өзбекстанда енгизилиўи.
- Шет ел тәжирийбелеринде парламенттиң қәлиплесиў тәртиби.
- Еки палаталы парламетке өтиўдиң әҳмийети.

Парламент французша „parIer“-сөйлеў сөзинен келип шыққан болып, рәсмий сөйлесиў орны деген мәнисин аңлатады.

Парламент мәмлекеттиң жоқары ўәкилликли уйымы есапланады ҳәм нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады. Парламент нызам бойынша белгилененген сандағы депутатлардан ибарат болып, аймақлық сайлаў округлери бойынша көппартиялылық тийкарында белгиленген жасқа толған пуқаралардан сайланады.

Парламент тарийхы әсирлер менен өлшенеди. Парламентаризм идеясы биринши рет Римде, Англия ҳәм Испанияда халық мәжилислери формасында пайда болып, мәмлекет анжиуманы дәрежесине көтерилиўине шекем бир неше басқышлардан өткен.

Парламент Англияда 1215 жылда қабылланған «Еркинликтиң Уллы Хартиясы» нан басланады ҳәм мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымы сыпатында шөлкемлестириледи. XVII-XVIII әсирлерде басқа мәмлекетлерде де парламент жүзеге келеди.

Парламент ўәкиллигине мәмлекет Конституциясын қабыллаў, оған қосымшалар ҳәм өзгерислер нызамлар жойбарын таярлаў ҳәм қабыллаў, оларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиў, ишки ҳәм сыртқы сиясаттың тийкарғы бағдарларын белгилеў, мәмлекет бюджеттин қабыллаў ҳәм оның орынланыўын қадағалаў стратегиялық әҳмийетке ийе. Мәмлекетлик дәстүрлерди белгилеў, мәмлекеттиң ҳәкимшилик аймақлық дүзилис мәселелерин тәртипке салыў ҳәм шегараларын белгилеў, нызам шығарыўшы атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты системасы, олардың ўәкилликлерин анықлаў ҳәм басқа ўазыйпалар киреди.

Нызам шығарыўшы ҳәкимият уйымы парламент сырт ел мәмлекетлеринде ҳәр қыйлы атлар менен жүритиледи. Мысалы: АҚШ ҳәм Латын Америкасы мәмлекетлеринде Конгресс, Уллы Британияда Парламент, Россияда-федеральное собрание (дума), Қытайда Халық ўәкиллери Уллы Қытай мәжилиси, финляндия ҳәм Польшада Сейм, Испанияда, Кортес, Швецияда Рискдаг, Германияда Бундестаг, Норвегияда Стартинг, Өзбекстанда Олий Мәжилис ҳ.т.б.

Парламентаризм тәжирийбеси соны көрсетеди, парламент бир палаталы ҳәм еки палаталы болыўы мүмкин. Мәлим болғанындай демократиялық

мәмлекетлердиң көпшлигинде парламент еки палалы болып табылады. XX-әсирдиң соңғы он жыллығында еки палаталы парламентлер саны 45 тен 70 ке көбейди. Ҳәзирги заманда еки палаталы система парламентаризм раўажланыўының тийкарғы тенденциясына айланады. 2000 жылдың 14 мартында Париж қаласында болып өткен дүнья жүзи сенатларының арнаўлы әнжуманында парламенттиң еки палаталы болыўы мәмлекет көлеминде әҳмийетли рол ойнайды деген жуўмаққа келинди.

Не ушын Өзбекстанда дәслеп бир палаталы парламент дүзилди? Өзбекстан ғәрезсизлигин қолға киргизгеннен соң ҳәкимшилик-буйрықпазлық усылы тийкарында қурылған, жүдә идеологияласқан тоталитар дүзимнен базар экономикасына тийкарланған ашық, еркин жәмийетке өтиў дәўирине кирген еди. Өтиў дәўириниң дәслепки басқышында еки палаталы профессионал паламент дүзиў ушын зәрүрли шараятлар жоқ еди. Базар экономикасына тийкарланған ашық демократиялық жәмийеттиң ҳуқықый тийкарларын жаратыў тараўында профиссиональ билимлер арттырған юристлер, экономистлер ҳәм басқада қәнийгелер жетерли дәрежеде емес еди. Профессионал парламентти қәлиплестириўши ҳәр тәреплеме жетилискен сиясатшылардың жетерли қатламы жоқ еди. Өзбекстанда еле көппартиялы система, сайлаўшылардың сиясий мәденияты раўажланбаған еди. Өзбекстанда нызам ҳүжжетлери пуқаралардың айрым топарлары өз пикирлерин митинглер ҳәм көрсетпелер, ультиматуилар жолы менен билдирген, мәмлекет ҳәкимияты уйымларына тиккелей тәсир өткизиўге тәсир қылған жағдайлар болды. Россияда парламенттиң оққа тутылыўы ҳәм қуўып жиберилиўи, Беларусь ҳәм украйна парламентиниң бөлинип кетиўи, Қазақстандағы парламент кризиси бурынғы аўқам мәмлекетлеринде де сиясий-ҳуқықый мәденият жетерли дәрежеде раўажланбағанлығының ақыбети екенлигин аңлаўымыз мүмкин Өзбекстан демократиялық реформаларды басқышпа-басқыш пухта әмелге асырыў принципине тийкарланады. Парламентаризмди раўажландырыўда мине усы принципке тийкарланып ҳәм дәслеп бир палаталы парламент дүзилди. Республика парламенти жәмийетимизде сиясий теңсизликти тынышлық ҳәм турақлылықты сақлап турыўда исенимли усыл сыпатында жумыс алып барды.

Өзбекстан Жоқары нызамшылық ҳәкимияты қурамында екинши палатаның дүзилиси, нызамшылықта аймақлар тәсирин күшейтиреди, пуқараларға парламент тәрепинен қабылланатуғын нызамлы ҳүжжетлер бойынша өзлериниң пикир ҳәм усынысларын билдириўге имканият береди, нызамшылық хызметин раўажландырыўды жеңиллестиреди. Парламент хызметинде демократия ҳәм пикирлердиң ҳәрқыйлылығы (плюрализм) күшейеди. Еки палаталы парламент Өзбекстанда атқарыў ҳәм нызамшылық ҳәкимияты тармақлары ортасындағы турақлы теңликти, нызамшылық ҳәкимиятын беккемлейди, олардың мәмлекеттиң әҳмийетли мәселелерин шешиўдеги ролин асырады. Еки палаталы парламентке өтиў жәмийетти еркинлестириў, депутатлар сиясатшылар жетискенлигин

қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў, жәмийеттиң ҳәр қыйлы топарлары мәплерин қорғаўшы сиясий партиялар абыройын беккемлеў ҳәм өсириўге көмеклеседи.Шет еллер парламентаризми тәжирийбесин дүнья көлеминде үйрениў, әсиресе жоқары ҳәм төменги палаталардың өз-ара ҳәм атқарыў ҳәкимияты уйымлары менен қатнасықлары, сиясий фракциялардың нызамшылық процессиндеги орны, парламенттиң қадағалаў ҳәм шөлкемлестириў ўәкиллигин әмелге асырыўға тийисли бир қатар мәселелер илимий ҳәм әмелий жақтан әҳмийетке ийе.

Жоқары палата-Сенат ҳаққында айтатуғын болсақ, бул палата ағзалары декабрь айының ақырында Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңеси, областлар, қала ҳәм район кеңеслерине болатуғын сайлаўлардан кейин 1 ай өтпестен, нызамда белгиленген тәртипте сайланады.Бәримизге белгили болғанындай Нызамшылық палатасы деп аталған төменги палата пүткиллей жаңа тәртипте, яғный турақлы түрде, профессионал тийкарында жумыс алып барады. Усы төменги палатаны сайлаў тәртиби де пүткиллей өзгерди. Бул палатаға ағза болыў ушын тийкарғы даўагерлер сыпатында сиясий партиялар ҳәм сайлаўшылардың басламашы (инта) топарлары қатнасады.Төменги палатаға өзиниң жумыс тәжирийбеси, профессионал көз-қарастан сол иске жетерлише таярлығы болған шахслар өз кандидатураларын қойып, депутат болып сайланыўы мүмкин.

Жоқары палатаның төменги палатадан айырмашылығына келсек, соны айтыў мүмкин, сайлаўшылар тәрепинен барлық жергиликли кеңеслерге сайланған депутатлар арасынан бул палатаға территориал субъектлерден, Қарақалпақстан Республикасы, областлар ҳәм Ташкент қаласының ҳәр биринен 6 депутат сайланады. Басқаша қылып айтқанда жоқары палата ағзалары орынлардағы аҳўалдан жақсы хабардар болып, оларды сайлаған кеңеслер менен өз-ара байланысып турады, көбирек аймақлар мәплерин билдиретуғын ҳәм қорғайтуғын халық ўәкиллери сыпатында хызмет көрсетеди.Жоқары палатаның дүзилиў тәртибине келсек, бул палата ағзалары жергиликли кеңеслерге сайланған депутатлар арасынан, олардың жыйналысында жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады.

Сайлаўдың бундай тәртиби демократияның ҳәр қандай талапларына толық түрде жууўап береди. Жоқары палата-Сенаттың төменги палатадан және бир айырмашалығы соннан ибарат, егер төменги палата турақлы тийкарда ис алып баратуғын болса, жоқары палата-Сенат сессияларында топланып, төменги палата тәрепинен таярланған нызамларды додалайды ҳәм өз қарарын шығарады.

Өзбекстан Республикасында ҳуқықый демократиялық мәмлекеттиң қурылыўы, ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ўәкилликлери көлеминиң анық түрде шегараланыўы ҳәм муўапықластырылыўына, пуқаралық жәмийетине, сиясий процесслерде пуқаралардың турақлы түрде қатнасыўына тиккелей байланыслы болып табылады.

Парламент ушын сайлаўларда ҳәр бир партия өз ағзаларынан депутатлыққа талабанлар көрсетип, көбирек даўыс топлаў мақсетинде гүреседи. Сиясий партия

ағзаларынан парламентке депутат етип сайланғанлары өз партиясы сиясий жолын өткизиў ушын бир топарға парламент тәрепинен франция сыпатында дизимге алынады. Ҳәзирги пайытта Олий Мәжилисте «Фидокорлар» миллий демократиялық партиясы франциясы, «Адолат» социал-демократиялық партиясы франциясы, «Миллий тиклениў» партиясы франциясы жумыс алып бармақта. Сондай-ақ ҳәкимият ўәкилик уйымларынан сайланған депутатлар блокы ҳәм сайлаўшылар инта топарларынан сайланған депутатлар топары парламент жумысында қатнасып келмекте.

Сайлаў күни 25 жасқа толған, жәнеде кеминле 5 жыл Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасап атырған Өзбекстан Республикасы пуқарасы Нызамшылық палатасының депутаты етип сайланыўы мүмкин. Нызамшылық палатасына Қарақалпақстан республикасы Жоқарғы Кеңесине, жергиликли кеңеслерге депутатлар сайлаў улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады.

Нызамшылық палатасының депутатлары өз ўәкилликлери дәўиринде илимий ҳәм педагогикалық хызметтен тысқары ҳақы төленетуғын басқа түрдеги хызмет пенен шуғылланыўлары мүмкин емес. Нызамшылық палатасын Спикер басқарады ҳәм оның орынбасарлары болады. Спикер ҳәм оның орынбасарлары өз ўазыйпаларын орынлаў дәўиринде сиясий партияға ағзалықты тоқтатып турады жәнеде фракция ҳәм басқа депутатлар топары қурамына кириўи мүмкин емес. Нызамшылық палатасы тәрепинен қабыл етилген нызам, қабылланған күннен баслап 10 күннен кешиктирилмей Сенатқа жибериледи.Сенат Баслығы Сенаттың биринши мәжилисинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң усынысына муўапық Сенат ағзалары тәрепинен жасырын даўыс бериў арқалы көпшилик даўыс пенен сайланады. Сенаторлар арасынан жасырын даўыс бериў арқалы көпшилик даўыс пенен Сенат Баслығының орынбасарлары сайланады. Сенат орынбасарларының бири Қарақалпақстан Респбуликасының ўәкили болады. Сенат мәжилиси оның зәрүрлигине қарап, бирақ жылына кеминде үш мәрте өткизиледи.

Өзбекстан Республикасы нызамлары тек ғана Сенат мәжилислеринде ғана мақулланады, соң Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен имзаланып ҳәм нызамда белгиленген тәртипте баспада жәрияланғаннан соң юридикалық күшке ийе болады.

Шет ел тәжирийбелери мысалында дүньяда парламенттиң еки палаталы системасының қәлиплесиў тәртибин алып қарасақ, парламенттиң нызам шығарыўшы төменги палатасы, тийкарынан мәмлекеттиң сайланыў ҳуқықына ийе болған барлық халқы қатнасыўында өткизилген тиккелей ҳәм тең ҳуқықлы сайлаў менен қәлиплеседи. Жоқары палатаның қәлиплесиў тәртиби ҳәр қыйлылығы менен айырмашылыққа ийе. Тиккелей толық сайлаў жолы менен Польша, Румыния ҳәм Чехия сенатлары сайланады. Белгияда 40 сенатор лисоний квоталар бойынша, пропорционал ўәкилликлер тийкарында ашық даўыс бериў жолы менен сайланады, 21 сенатор болса лисоний жәмәәтлер кеңеси тәрепинен квоталар

бойынша сайланады. Ирландияда 60 сенатор болып, олардан Президент 11ағзасын тайынлайды, 49 сенатор сайланады (университетлер тәрепинен 6, ҳәр түрли кәсиплик топарлардан 43 сенатор).

Парламент жумысын конституциялық басқарыўдың тийкарғы мәселелеринен бири палата ағзаларының саны есапланып, шет ел тәжирийбелерине нәзер салсақ бунда жоқары палатада депутатлар саны төменги палатаға қарағандап кемирек болады.

Буның себеби парламенттиң нызамшылық ҳәм қадағалаў жумысын төменги палата орынлайды. Мысалы, Нидерландияда төменги палатада 150 депутат, ал жоқары палатада 72 депутат, Норвегияда төменги палатада 124 депутат, жоқары палатада 42 депутат, Японияда төменги палатада 500, жоқары палатада 252 депутат, Польшада 460:100, Италияда 630:315, Бельгияда 150:71, Швейцария конфедерациясында 200:46.

Парламенттиң тийкарғы мәселелеринен және бири палаталардың жумыс ислеў мүддети есапланып, бул мәселе шет ел тәжирийбелеринде еки варианта шешиледи. Гей бир мәмлекетлерде палаталар мүддети сай түссе (Норвегия, Нидерландия, Испания, Италия, Польша) басқа мәмлекетлерде сай болмайды (Ирландия, Япония). Мысалы: Японияда төменги палатаның ўәкиллиги 4 жыл болса, жоқары палата 6 жылға белгиленген. Соның менен бирге ҳәр үш жылда парламент ағзаларының ярымы қайтадан сайланады.

Парламенттиң қәлиплесиў тәртиби АҚШ мысалында алып қарасақ, АҚШ тағы мәмлекет ҳәкимиятының қәлиплесиў тийкары нызамшылық ҳәкимияты Конгресске, атқарыўшы ҳәкимият-Президентке, суд ҳәкимияты болса-Жоқары ҳәм төменги федерал судларына тийисли. Конгресс тиккелей халық тәрепинен, Президент-сайлаўшылар коллегиясы тәрепинен Жоқары суд-Президент ҳәм Сенаттың биргелигинде сайланады. Ўәкиллер-2, Сенатлар-6, Президент 4 жылға сайланады, федерал судьялар өмирликке болады.

АҚШ Конгресси 2 палатадан-ўәкиллер палатасы ҳәм сенаттан ибарат.

Ўәкиллер палатасы улыўма миллий ўәкиллик уйымы болып, 2 жылға сайланатуғын 435 депутаттан ибарат. Штатларға депутатлық орынлары олардың халқы санына байланыслы белгиленеди.

АҚШ Конституциясына муўапық ўәкилликлер палатасына депутатлыққа талабан 25 жасқа толған, кеминде 7 жыл АҚШ пуқарасы ҳәм өзи сайланатуғын штат халқынан болыўы керек. Конституцияға муўапық АҚШ Сенаторлығына талабан 30 жасқа кирген, кеминде 9 жыл АҚШ пуқарасы ҳәм өзи сайланатуғын штат халқынан болыўы керек. Сенатқа 50 штаттың ҳәр биринен 2 депутаттан алынады. Сенаторлар 6 жыл мүддетке сайланады, бирақ еки жылдан сенаттың үштен бир қурамы қайта сайланады. АҚШ вице-Президенти Сенат баслығы есапланады. Көпшилик партиясынан Конгресстиң биринши сессиясы басланыўында сайланатуғын спикер ўәкиллер палатасының баслығы лаўазымын

ийелейди. Спикер Президент ҳәм АҚШ Жоқары суды баслығынан кейинги мәмлекеттеги үшинши шахс болып табылады.

Британия парламенти XIII әсирдиң ақырында пайда болып, мәмлекеттиң сиясий турмысында тоқтаўсыз хызмет көрсетип келмекте.

Парламент еки уйымнан: жәмәәтлер палатасы ҳәм Лордлар палатасынан ибарат.

Британия парламентиниң өзине сай өзгешелиги ол мәмлекетте жазба конституция жоқ шараятта хызмет көрсетеди. Оның дүзилиўи ҳәм жумыс алып барыўына тийисли базыбир қағыйдалар мәмлекеттиң әпиўайы нызамларынан, жазылмаған конституция нормаларынан конституциялық питимлерден орын алған. Парламенттиң конституциялық системасындағы орны еки тийкарғы принцип-парламент үстинлиги ҳәм парламент басқарыўы менен белгиленеди.

Жәмәәтлер палатасы ағзалары «парламент ағзалары» деп аталып, ҳүкимет олар алдында жуўапкер болады. Бул палата 650 ағзадан ибарат, 523 ағза Англиядан, 72 ағза Шотландиядан, 38 ағза Уэлстан, 17 ағза Арқа Ирландиядан сайланады. 18 жасқа толған Британияның барлық пуқаралары даўыс бериўге қатнасыўға ҳақылы. 21 жасқа толған ҳәр қандай британ пуқарасына «суст» сайланыў ҳуқықлары берилген.

Лордлар палатасын Лорд-канцлер басқарады. Ол мекеме ағзасы есапланып, бас ўәзир тәрепинен тайынланады. Уллы Британия сайлаў ҳуқықы ҳәм сайлаў системасының өзгешелигинен бири олардың мәмлекет еки партиялы системасын қураўшы сиясий партиялар менен өз-ара байланыста екенлигинде болып есапланады.

Жәмәәтлер палатасының лаўазымлы адамы спикер деп аталады. Ол палатаға басшылық етеди, парламент тәртип қағыйдаларына бойсынылыўын бақлайды, Лордлар палатасы ҳәм басқа мәмлекетлик уйымлар менен сыртқы байланысларында ўәкил сыпатында қатнасады. Спикерди жәмәәтлер палатасы өзиниң ағзалары арасынан парламенттиң жаңа шақырық ўәкиллик мүддети басланғанында сайлайды. Спикердиң тийкарғы ўазыйпасы-жәмәәтлер палатасындағы тәртипке бойсыныўды бақлаў. Палатаның қандай да бир мәжилиси спикерсиз өтиўи мүмкин емес. Парламент сессиялары ҳәр жылы шақырылады. Парламент сиссиясы гүзде басланады (әдетте октябрь ақырында яки ноябрь басында) ҳәм жыл бойы даўам етеди. Палата мәжилислери шемби ҳәм екшембиден басқа ҳәр күни болады.(Улыўма 160-190 күн сессия болыўы мүмкин). Жәмәәтлер палатасы мәжилислери ашық түрде болады.

Германияда федерал парламент төменги палата федерал мәжилис (Бундестаг) ҳәм жоқары палата федерал кеңес (Бундесрат) тен дүзилген.

Бундестаг 669 депутаттан ибарат, 4 жылға сайланады. Бундесрат ГФР диң 16 областы мәплерин билдиреди. Ҳәр бир область кеминде 3 даўысқа ийе. Бундесратда барлығы болып 68 ағза бар. Оның қурамы федерал областлардың биринде яки айырым ўәзирлер алмасқанда өзгереди. Германияда 18 жасқа жеткен

пуқаралар сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықына ийе. Бундестаг Президенти немец Конституциясына көре парламенттиң ең күшли фракциясы ағзаларынан сайланады. Федерал Президент 5 жылға сайланады. Президентликке сайланыў ҳуқықынан ГФР диң 40 жасқа толған ҳәм Бундестагқа сайланыў ҳуқықына ийе болған пуқаралары пайдаланылады. Президент болып тек еки мүддетке сайланыў мүмкин.

Жоқары палата ислерин областлар Бас ўәзирлеринен 1 жылға сайланатуғын Бундесрат Президенти басшылық қылады. Германия парламенти жумысының тийкарғы формасы үстинликке ийе сөйлесиўлерден ибарат болған мәжилислер. Мәжилисти палата Президенти ашады. Нызамшылық басламасы ҳәр еки палата ҳәм федерал ҳүкиметке тийисли болып, бирақ Бундестаг жетекши орынды ийелейди. Ҳүкимет Бундесратға нызам жойбарын киритеди, өз пикирин 6 ҳәптеден кешиктирмей Бундестагға жибереди. Бунда нызам жойбарлары 3 рет оқылады, ал мақуллағаннан соң нызам жойбарын Бундесратқа жибериледи. Нызам Бундесратта мақулланғаннан соң федерал канцлер ҳәм тийисли ўәзир қол қойыўы ушын ҳүкиметке жибериледи.

Италияның 1947-жылғы Конституциясына муўапық, мәмлекеттиң жоқары нызам шығарыўшы уйымы қурамы Депутатлар Палатасы ҳәм Сенаттан ибарат болған парламент болып есапланады. Депутатлар Палатасы ағзалары 630 адамнан ибарат болып, улыўма миллий тийкарда сайланады. 315 сенатор областлар бойынша (20 область бар) сайланады. Депутатлар платасына сайлаўларда сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықына 18 ҳәм 25 жасқа толған пуқаралар ийе. Сенатқа 25 жасқа толған пуқаралар сайланады. 40 жастан кем болмаған пуқаралар сенаторлар болыўы мүмкин.

Сенатта сайлаўларсыз өмирликке ағза болыў да бар, бунда республиканың бурын болған барлық Президентлери сенатор болыў ҳуқықына ийе. Буннан басқа Президент илим-пән  ҳәм мәденият тараўындағы үлкен жетискенликлери ушын, тәжирийбели 5 адамды өмирликке сенат ағзасы етип тайынлаўы мүмкин.

Депутатлар Палатасына сайлаўда (1957 ж) пропорционал система, ал Сенатты сайлаўда (1948-1958 жж) мажоритар система қолланылады.

Депутатлар Палатасына сайлаўлар көп мандатлы округлер бойынша, ал сенат ушын бир область көлеминдеги бир мандатлы сайлаў округлери бойынша өткизиледи. Ҳәр еки палатаның да ўәкилликлери 5 жыл болып, ең әҳмийетли нызам шығарыў ҳәм қадағалаў ўазыйпаларын орынлаўда палаталар тендей ҳуқықларға ийе.

Италия Конституциясының 64 статьясына муўапық «Ҳәр бир палата өз Регламентин ағзаларының көпшилик даўысы менен қабыл қылады». Ҳәрекеттеги регламенти 1971 жылда қабылланған. Депутатлар Палатасы регламенти 3 бөлим, 35 баптан, 150 статьядан ибарат, ал Сенат регламенти 24 бап, 168 статьядан ибарат.

Италия парламентиндеги барлық депутатлар ҳәм сенаторлар парламент топарларына кириўи шәрт. Парламент топарын дүзиў ушын Палатада керминде 20

депутат, Сенатта болса 10 депутат керек. Палаталар Баслықлар ҳәм тийисли Бюро палаталар жумысын шөлкемлестиреди. Ҳәр бир палатада, палата баслығының 4 орынбасары, 3 квестор, 8 хаткер Бюро ағзалары есапланады. Италияда Президент ҳәм Ҳүкимет Парламентке бойсынады. Палаталар алдыңғы шақырық палаталарының ўәкиллик мүддети тамамланыўынан 70 күн өтпестен сайланады, биринши мәжилис болса 20 күннен кешиктирмей өткизиледи (61-статья).

Гезектеги сессияға палаталар февраль ҳәм октябрь айларының биринши жумыс күнинде жыйналады, бирақ айрықша сессиясына палата баслығының Президенттиң басламасы менен яки тийисли палаталардың үштен еки ағзаларының басламасы менен жыйналады. Қарарлар ашық ҳәм жасырын даўыс бериў жолы менен өткизилетуғын даўысқа қойыў арқалы қабылланады. Ашық даўыс бериў қол көтериў усылы менен әмелге асырылып, бул ҳәр еки палатада даўыс бериўдиң тәртиби деп тән алынған.

Италия конституциясына тийкарланып нызам шығарыў хызмети менен еки палатада шуғылланады. Нызам жойбары алдын 3-басқыштан өтеди: алдын парламенттиң бир палатасында, кейин екинши палатасында, соң оны республика Президенти ҳәммеге жәриялайды.

Канаданың биринши парламенти 1867 жылы федерация дүзилиўи менен бир ўақытта дүзилген. Канадада нызам шығарыўшы ҳәкимият еки палатадан ибарат болған парламентке тийисли: жәмәәтлер палатасы ҳәм сенат. Олардың ҳуқықлары тең емес.

Жәмәәтлер палатасы улыўма, тең, туўрыдан-туўры даўыс бериў жолы менен 5 жыл мүддетке сайланады. Оның ағзалары саны белгиленбеген. Дәслеп оның қурамында 181 депутат, ҳәзир 295 депутат бар. Канадада мажоритар сайлаў системасы қолланылады. Жәмәәтлер палатасының тийкарғы ўәкилликлерине: нызамшылық, финанслық ўәкилликлер, ҳүкимет жумысын қадағалаўлар киреди.

Жәмәәтлер палатасы ўәкиллиги 5 жыл мүддет есаплансада, әмелде палата сайлаўлары ҳәр 4 жылдан өткизиледи. Даўыс бериў ҳуқықына Канаданың 18 жасқа жеткен барлық пуқаралары ийе. Сенат Бас ўәзир усынысына тийкарланып генерал губернатор тәрепинен тайынланатуғын 104 ағзадан ибарат. Тең ўәкиллик принципин сақлап турыў мақсетинде провинция 4 топарға бөлинеди, олардың ҳәр бири 24 сенатор тәрепинен басқарылады. Сенатор лаўазымына талабан 4 тийкарғы талапқа жуўап бериўи керек. Канада пуқаралығы, 30 жастан үлкен, тайынланатуғын провинцияда жасайтуғын, баҳасы 4 мың доллардан кем болмаған көшпес мүликке ийе ҳәм қарыздар болмаған болыўы керек.

Жәмәәтлер палатасы лаўазымлы шахслар ҳәм парламент комитетлеринен ибарат. Спикер Канада парламенти жәмәәтлер палатасы тәрепинен тайынланған тийкарғы лаўазымлы шахс, ол мәжилислерге басшылық қылады, регламент тәртибин сақлап турады. Парламент сессиясы Бас ўәзир орынбасары усынысына көре генерал-губернатор тәрепинен шақырылады. Палаталар жыйыны сессияларға

жылына 1 рет топланады. Ҳәр қандай нызам жойбары Палаталар жыйынында көриледи. Бунда нызам 3 рет оқылады, соң қабылланған деп есапланады.

Франция жоқары нызамшылық уйымы Миллий Ассамблеясы ҳәм Сенаттан ибарат.

Миллий Ассамблея қурамында 577 депутат болып, департаментлеринен аймақлық бирлеспелер 5 жыл ўәкилликке, еки түрде өтиўши улыўма миллий сайлаўларда көпшилик даўыс пенен сайланады. Миллий Ассамблеяға талабан болыў ушын Франция пуқарасы болыў менен бирге 23 жастан киши болмаслық талап етиледи. Талабан адамнан 1000 франк муғдарында гиреў алынады. Егер талабан сайлаў округинде берилген даўыслардың 5Ө нен кем болмаған муғдарда даўыс алса, бул гиреў қайтарып бериледи. Ҳәр бир округтен бир депутат сайланады.

Парламенттиң жоқары палатасы болған Сенат еки рет даўыс бериў менен сайланған 321 сенат ағзасынан қуралған, олардан 309 жергиликли ҳүкимет уйымларынан, ал 12 ағзасы француз халқының шет елдеги бөлиминен ўәкил болады. Сенат 9 жыллық мүддетке департаментлердеги сайлаўшылар коллегиялары депутатлары, область кеңеслери, район кеңеслери, муниципиал кеңеслер тәрепинен жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады. Сенат тийкарынан 3 басқышлы сайлаўларда қәлиплеседи. Ҳәр бир палата өз регламентин өзи қабыллайды. Франция парламентинде комиссиялардың еки түри бар. Конституцияға муўапық, Франция парламентиниң ҳәр еки палатасы 6 турақлы комитет дүзиўи мүмкин. Парламенттиң қадағалаў ўәкилликлери петиция ҳуқықы (арызнама) менен байланыслы болып есапланады. Француз парламентиниң судлаў ўәкилликлери шекленген. Франция конституциясының 34-статьясында белгилениўинше парламент 3 түрли нызам қабыллайды. Буларға әпиўайы нызамлар, органикалық нызамлар ҳәм Конституцияны өзгертиўши нызамлар киреди. Әмелиятта конституцияларға өзгерислер парламент ағзалары ҳәм Бас ўәзир усынысына тийкарланып Президент тәрепинен әмелге асырылады. Нызам басламашылық ҳуқықына Бас ўәзир ҳәм парламент ағзалары ҳуқықлы. Парламент өз ҳуқықы көлеминде гезектеги сессияға октябрдиң биринши жумыс күни жыйналады ҳәм июнь айының ақырғы жумыс күни тамамланады. Соның менен бирге, ҳәр бир палата гезектеги сессия даўамында 120 күннен артық жыйынды даўам еттире алмайды. Француз парламентинде еки түрли сессия- әпиўайы ҳәм айрықша. Әпиўайы сессиялар өткизиў ўақты регламент бақлаўында болады. Айрықша сессия Бас ўәзир яки Миллий ассамблея ағзалары басламасына тийкарланып, әпиўайы сессиялар ўақтынан басқа ўақытта ҳәм тек мәлим күн тәртиби менен өткизилиўи мүмкин. Депутатлар талабы менен шақырылған айрықша сессия 12 күн мүддет пенен шегараланады, бирақ Бас ўәзир талабы менен өткизилетуғын сессия шексиз күн тәртибиндеги мәселелерди көрип шыққанға шекем даўам етиўи мүмкин.

Француз парламентинде бес түрли даўыс бериў усылы бар: қол көтериў, орнынан турыў, бюллетен менен трибунада әпиўайы даўыс бериў-бюллетен менен жасырын түрде даўыс бериў.

Япония парламенти 1890 жылда Мэйдзи Конституциясы тийкарында дүзилген. Парламент Империя мәжилиси деп аталған ҳәм еки палатадан-Пэрлар палатасы ҳәм ўәкиллер палатасынан дүзилген. Биринши палатаға Император семьясы ағзалары, үлкен салық төлеўши пэрлер ҳәм Император тайынлаған басқа депутатлар кирген. Екинши палата ағзалары шекленген, еркин даўыс бериў жолы менен сайланған. Ўәкиллер палатасы-төмен, мәсләҳәтшилер палатасы жоқары палата есапланады.

Парламенттиң ҳәр еки палата ағзалары улыўма сайлаў ҳуқықы тийкарында халықтың туўрыдан туўры даўыс бериў жолы менен сайланады. Ўәкиллер палатасы 480 ағзадан ибарат, ўәкиллик мүддети 4 жыл, ал мәсләҳәтшилер палатасы 252 ағзадан ибарат, олардан ярымы ҳәр үшинши жылда 6 ай мүддетке сайлаў жолы менен алмастырып турылады.

Даўыс бериўдиң үш түрли усылы бар:

1) Аўызеки 2) Тик турып даўыс бериў 3) Ашық даўыс бериў.

Ҳәзирги системада Палатаның 480 ағзасынан 300 ағзасы бир мандатлы сайлаў округлеринен, қалған 180 ағзасы пропорционал ўәкиллик жолы менен сайланады. Мәсләҳәтшилер палатасының 252 ағзасынан 100 ағзасы жеке улыўма мәмлекетлик сайлаў округлеринен пропорционал ўәкиллик жолы менен сайланады. Қалған 152 ағзасы 2 ден 8 ге шекем ағзалар сайланатуғын 47 префектура сайлаў округлеринен сайланады. Мәсләҳәтшилер палатасы талабы ушын зәрүрли ең киши жас 30, сайлаўшылар ушын 20 жас болып есапланады. Айтып өтиў зәрүр, мәсләҳәтшилер палатасы ўәкиллер палатасынан айырмашылығы тарқатып жиберилмейди. Ўәкиллер палатасы ҳәм мәсләҳәтшилер палатасы 17 турақлы комитетлерге ийе.

Еки палаталы парламенттиң пайдалы тәреплери-

-Миллий мәмлекетшилик институтлары системасы ортасында парламенттиң абыройы артады, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимият ортасындағы қатнасықлар тереңлеседи.

-популистлик мақсетти, сондай-ақ тек айырым топарлар мәпин гөзлеўши турақлы болмаған нызамлар қабылланыўына жол қойылмайды.

-Мәмлекет аймақларының мәплери толығырақ түрде инабатқа алынады,

-Парламент қабыллап атырған нызамлардың сыпатын жақсылаўға халықтың қәлеўиниң көрсетилиўине имканият бериледи.

-Парламент жумысында демократиялық пикирлердиң ҳәр қыйлылығы көбирек анықланады.

-Жәмийет турмысын либералластырыўды тезлестиреди.

-Депутатлар жумысының профессионаласыўына, сиясатшылар топарын қәлиплестириўге көбирек имканият жаратады.

Еки палаталы парламент ҳәр еки палатаға сайлаўлар болып өткеннен кейин дүзиледи. Олий Мәжилистиң еки палатасына сайлаўлар бир ўақытта өткизилмейди. Нызамшылық палатасына, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине ўәлаятлар, районлар, қалалар мәмлекет ҳәкимияты ўәкиллик уйымларына сайлаўлар-2004 жыл 26-декабрьде болып өтеди.

Нызамшылық палатасының биринши мәжилиси Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўдан соң еки айдан кешиктирмей шақырылады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Сенаты ағзалары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, областьлар районлар ҳәм қалалар мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары депутатларының тийисли қоспа мәжилислеринде усы депутатлар сайланғанынан соң 1 ай ишинде олар арасынан жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады. Сенат дүзилгеннен кейин бир айдан кешиктирмей Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сенаттың биринши мәжилиси шақырылады. Ҳәр еки палатаның бөлек-бөлек шақырылатуғын биринши мәжилислеринде Олий Мәжилистиң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенат шөлкемлестириў тәрепинен толық түрде қәлиплестириледи ҳәм жумыс алып барады.

Нызамшылық палатасына киритилетуғын мәселелерди таярлаўға Спикер басшылық қылады. Спикер сайлаўдан кейинги биринши мәжилисте Нызамшылық палатасының депутатлары арасынан жасырын даўыс бериў арқалы депутатлар улыўма санының көпшилик даўысы менен сайланады. Спикер Өзбекстан Республикасы нызамларының ҳәм Нызамшылық палатасы ҳүжжетлериниң орынланыўы бойынша қадағалаўды шөлкемлестиреди. Спикер Нызамшылық палатасы комитети ҳәм комиссияларының жумысын муўапықластырып барады. Спикер өз ўәкиллигине киретуғын мәселелер жүзесинен буйрықлар шығады.

Нызамшылық палатасы Кеңеси палатасы жумысы нәтийжели шөлкемлестириў, палата комитетлери жумысын муўапықластырып барыў, нызам жойбарларын таярлаў жумысын режелестириў мәселесин дәслепки түрде көрип шығыўды шөлкемлестириў мақсетинде дүзиледи. Оның қурамына Спикер, оның орынбасарлары, франциялар ҳәм депутатлар топарларының басшылары, Нызамшылық палатасы комитетлериниң басшылары киреди.

Нызамшылық палатасы Кеңеси өз ўәкиллигине киретуғынмәселелер бойынша ағзалары улыўма санының көпшилик даўысы менен қарарлар қабыл қылады.

Не ушын нызамшылық палатасы комитетлери ҳәм комиссиялары дүзиледи?

Нызам жойбарларын таярлаў жумысын алып барыў, палата күн тәртибине киритилетуғын мәселелерди дәслепки түрде көрип шығыў ҳәм таярлаў, Өзбекстан Республикасы нызамлары ҳәм палата тәрепинен қабылланатуғын қарарлардың орынланыўын қадағалаў ушын Нызамшылық палатасының ўәкилликлери мүддетине палата депутатлары арасынан баслық, оның орынбасарлары ҳәм ағзаларынан ибарат қурамда комитетлер сайланады.

Нызамшылық палатасы комитетлери Нызамшылқ палатасы алдында жуўапкерли ҳәм оған есап береди. Палата комитетлери жумысын өз жобаларына, сондай-ақ Нызамшылық палатасыв, оның Спикери ҳәм Кеңеси тапсырмалары ҳәм де усынысларына муўапық шөлкемлестиреди. Комитетлер өз жумысына киретуғын ўазыйпалар бойынша мәжилислер өткизеди. Комиетлердиң мәжилислери палата мәжилислерм аралығында зәрүрлигине қарап өткизиледи ҳәм көрип шығылған мәселелер бойынша көпшилик даўыс пенен қарар қабыл қылады.

Нызамшылық палатасы комитетлери мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары басшыларының Өзбекстан Республикасы нызамлары, басқа нызам ҳүжжетлери ҳәм де комитетлердиң қарарлары олар тәрепинен қандай орынланып атырғанлығы ҳаққындағы мағлыўматын тыңлайды.

Нызамшылық палатасы анық бир ўазыйпаларды орынлаў ушын депутатлар арасынан комиссиялар дүзилиўи мүмкин. Комиссиялар өз жумысын жуўапкершилигине жүклетилген ўазыйпалар орынланғанынан кейин сапаластырылады. Сондай-ақ комиссиялар жумысы Нызамшылық палатасының қарарына тийкарланып мүддетинен бурын тамамланыўы мүмкин.

## Тема 3: Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының системасы

- Мәмлекет ҳәкимияты уйымларының мәниси.
- Мәмлекет аппаратының белгилери ҳәм өзгешеликлери.
- Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик уйымлардың түрлери.
- Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик уйымларды дүзиў ҳәм олар ҳәрекетиниң принциплери.

Ҳәкимияттың конституциялық системасы тек Тийкарғы нызамның мазмунында нәзерде тутылған мәмлекетлик ҳәкимият уйымларын емес, ал Конституциялық уйымлардың ўәкилликлери ҳәм функцияларын әмелге асырыў мәплери жолында дүзилетуғын басқа дүзимлерди де өз ишине алады. Демек мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасы өз-ара тийисли ҳәм бойсыныў қатнасықларында болған ҳәр қыйлы уйымлардың кең көлемдеги жыйындысынан ибарат. Мәмлекет уйымлары төмендеги белги ҳәм өзгерислер менен айырмашылыққа ийе.

Биринշиден, ҳәр бир мәмлекет уйымы белгили мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликлерине ийе болып ҳәм сол себепли өзине берилген ҳуқықлар шегинде мәлим бир мәселелерди шешеди, басқа мәмлекетлик уйымлар, лаўазымлы шахслар

ҳәм пуқаралар ушын мәжбүрий болған ҳүжжетлер шығарады ҳәмде олардың орынланыўын тәмийнлейди.

Өзбекстан Республикасының Конституциясында нәзерде тутылған мәмлекетлик ҳәкимият уйымы белгили мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллерине ийе болады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллери мәмлекетлик уйымының ис алып баратуғын тараўы көлеминдеги ҳуқық ҳәм миннетлери жыйындысы болып табылады.

Екиншиден, ҳәр бир мәмлекет уйымы мәмлекет белгилеген тәртипте дүзиледи. Мысалы: Өзбекстан Республикасы Конституциясының 90-статьясына муўапық Президентти сайлаў тәртиби Өзбекстан Республикасының нызамы менен белгиленеди.

Үшиншиден, мәмлекет ҳәр бир уйымға өз ўазыйпасы ҳәм функцияларының мәлим бөлегин орынлаўды жүклейди. Мысалы, Конституцияға көре, Олий Мәжлис жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы болып, нызам шығарыў ўазыйпасын орынлайды. (76-статья).

Төртиншиден, ҳәр бир мәмлекет уйымы мәмлекет тәрепинен белгиленген тәртипте әмел қылады. Мысалы, суд уйымларын дүзиў ҳәм олардың ис алып барыў тәртиби нызам менен белгиленеди, Өзбекстанда суд мекемелериниң қәлиплестирилиўи Конституция ҳәмде „Судлар ҳаққында“ғы нызам менен белгиленген.

Бесиншиден, ҳәр бир мәмлекет уйымы Өзбекстан Республикасы мәмлекет ҳәкимияты уйымлары жеке системасының ажыралмас қурамалы бөлими, бир бөлеги есапланады. Барлық мәмлекетлик уйымлар бирлесип, жеке мәмлекетти, мәмлекет ҳәкимиятын қурайды.

Мәмлекет уйымы - анық мәмлекетлик ҳәкимият ўәкилликлерине ийе болған, мәмлекет тәрепинен оның анық ўазыйпа ҳәм функцияларын орынлаўға бағдарланылған ҳәмде мәмлекет белгилеген тәртип тийкарында ҳәрекет көрсететуғын пуқара яки пуқаралардың жәмәәти болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы мәмлекет аппараты халық ҳәкимиятын әмелге асырыўға, ҳәзирги дәўирде әсте-ақырын жәмийетлик тәмийнленген базар экономикасына өтиў, халық мәплерин әмелге асырыў ҳәм демократиялық пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыў ушын хызмет қылады.

Сонлықтан мәмлекет аппараты ҳәм оның өзгешеликлерине тоқталып өтиў зәрүр. Мәмлекет аппараты төмендеги белгилерине көре басқа шөлкемлерден айырмашылыққа ийе:

1) мәмлекет аппараты басқарыў менен шуғылланыўшы айрықша пуқаралар топары;

2) мәмлекет аппараты мәмлекет функцияларын орынлаўға ўәкилликли болған ҳәм өз-ара бойсыныў яки келисип алыў тийкарында байланысқан мәмлекет уйымлары ҳәм мекемелери системасы есапланады;

3) мәмлекет аппараты халық қәлеўин әмелге асырыў, өз ўазыйпасын орынлаў ушын зәрүр дүзилмелер ҳәм мәжбүрлеў қуралларына ийе болған уйымлар жыйындысы болып табылады.

Өзбекстан Республикасы мәмлекет аппараты мәмлекет алдында турған ўазыйпа ҳәм функцияларды орынлаў ушын дүзилген, барлық ўәкилликлерге ийе болған мәмлекет уйымлары ҳәм мекемелер системасы болып табылады.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң, мәмлекет аппараты системасы пүткиллей қайта дүзилди. Өзбекстанда суверенитетти беккемлеў, базар экономикасына өтиў мақсетинде орайластырылған системадан, хожалық жүритиўдиң өзин-өзи басқарыў формасына өтилди. Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан мәмлекет аппараты мәмлекет экономикалық, сиясий, мәдений, жәмийетлик турмысын басқарыўшы ҳәр түрли мәмлекет уйымларынан ибарат болып, олардың өзине тән өзгешеликлери бар.

Олар төмендегилерден ибарат:

бириншиден, мәмлекет аппараты уйымлары халық мәпи ушын хызмет қылады, оның қәлеўин билдиреди: Өзбекстан Республикасының Конституциясына тийкарланып, халық мәмлекетлик ҳәкимияттың бирден-бир дереги есапланады;

екиншиден, мәмлекет ҳәкимиятының барлық уйымлары мәмлекет атынан ҳәрекет қылып, халық ҳәкимиятын әмелге асырады;

үшиншиден, мәмлекет ҳәкимияты уйымлары өз ўазыйпасын әмелге асырыў ушын мәмлекет тәрепинен берилген тийисли ўәкилликлерге, ҳуқық ҳәм миннетлерге ийе;

төртиншиден, мәмлекет уйымлары қабыллаған нормативлик ҳуқықый актлер барлық Өзбекстан пуқаралары ушын мәжбүрий болып есапланады. Мысалы, Министрлер Кабинети әмелдеги нызамларға муўапық Өзбекстан Республикасы аймағындағы барлық уйымлар, кәрханалар, мекемелер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болған қарарлар ҳәм пәрманлар шығарады. (Конституцияның 98-статьясы);

бесиншиден, мәмлекет уйымлары мәлим бир мәмлекет тәрепинен орнатылған тәртипте дүзиледи. Мысалы, Прокуратура уйымларын дүзиў, олардың ўәкиллери ҳәм ис алып барыў тәртиби нызам менен белгиленеди. (конституцияның 120-статьясы);

алтыншыдан, мәмлекет уйымлары мәлим муғдарда өз ықтыярындағы материаллық ресурслар ҳәм ҳәр қыйлы мекемелер, шөлкемлер арқалы өз алдында турған ўазыйпаларды әмелге асырады[1].

Солай етип, Өзбекстан Республикасы мәмлекет аппараты дүзилиси тәрепинен, нызам менен орнатылған тәртипте өз функциясын әмелге асыратуғын ўәкилликли мәмлекет уйымларының жыйындысы сыпатында анықланады.

---

[1] Қаюмов Р. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. Т. Адолат, 1998, 258-259-бетлер.

Мәмлекет уйымлары өзлериниң дүзилиў тәртиби ҳәм орынлайтуғын ўазыйпаларына қарап бир-биринен айырмашылыққа ийе.

Өзбекстан Республикасы мәмлекет уйымлары бир қанша ҳәм олар ҳәр қыйлы белгилерге ийе. Белгили мәмлекетлик ҳәрекетти әмелге асырыў жүзесинен мәмлекет уйымлары үшке бөлинеди:

1) нызам шығарыўшы;

2) атқарыўшы;

3) суд уйымлары.

Ҳәкимиятлардың бөлиниў принципи Өзбекстан Республикасында жәриялаўдан мақсет мәмлекетте демократияластырыў процессин тезлестириў, улыўма инсаный қәдириятларды қайта тиклеў, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң үстинлигин тән алыў ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыў болып есапланады.

Өзбекстан Республикасында нызам шығарыўшы ҳәкимият Республика Олий Мәжлиси тәрпинен, атқарыў ҳәкимияты болса, Өзбекстан Республикасының Президенти ҳәм Министрлер Кабинети тәрепинен әмелге асырылады.

Суд ҳәкимияты Конституциялық суд, Жоқары суд ҳәм Жоқары Хожалық суды тәрепинен әмелге асырылып, олар биргеликте Өзбекстанның жеке суд системасын қурайды.

Өзбекстан Конституциясында бул ҳәкимиятлар өз-ара қатнасықлардың конституциялық-ҳуқықый тийкарлары көрсетип берилген.

Олий Мәжилис мәмлекеттиң ишки ҳәм сыртқы системасындағы тийкарғы бағдарларды анықлайды ҳәм олар үстинде улыўма парламент қадағалаўын әмелге асырады. Районлар, қалалар ҳәм областларды дүзиў, сапластырыў, атын өзгерттириў ҳәм олардың шегараларын өзгерттириў мәселелерин шешиўде Олий Мәжилис ўәкиллигинде есапланады. Нызам шығарыўшы жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымлардың өзгешелиги соннан ибарат, бул уйым көппартиялық тийкарында тиккелей халық тәрепинен сайланады, басқа ҳеш қандай жол менен дүзилиўи мүмкин емес. Өзбекстан аймағында оның қурамына кириўши Қарақалпақстан Республикасы да өз жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы - Жоқарғы Кеңесине ийе болып, бул уйым нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады. Жоқарғы Кеңес шығарған нызамлар Өзбекстан Конституциясына сай болыўы лазым ҳәм бул нызамлар пүткил Қарақалпақстан Республикасы аймағында орынланыўы шәрт.

Өзбекстан Республикасының атқарыўшы уйымларына мәмлекет Президенти, Министрлер Кабинети, Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, басқарыўды әмелге асырыўшы концерн ҳәм корпорациялар, орынларда область, район ҳәм қала ҳәкимлери киреди.

Конституцияға муўапық, Өзбекстан Президенти мәмлекет ҳәм атқарыў ҳәкимияты баслығы есапланады. Өзбекстан Президентиниң өзи ҳүкимет қарарларын дүзеди, оның ҳәрекетине тиккелей басшылық қылады.

Республика Президенти мәмлекет ҳәм атқарыў ҳәкимиятларының баслығы сыпатында республика аймағында Конституция ҳәм нызамларға тийкарланып ҳәмде оларды орынлаў жүзесинен республиканың пүткил аймағында мәжбүрий күшке ийе болған пәрманлар, қарарлар ҳәм буйрықлар шығарады.

Басқарыў ҳәм атқарыўшы уйымларға Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси киреди. Бул уйымлар экономиканың жәмийетлик ҳәм руўхый тараўдың нәтийжели ҳәрекетине басшылықты, нызамлар, Олий Мәжлистиң басқа қарарлары, Өзбекстан Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм буйрықлары орынланыўын тәмийнлейди. Олар өз ҳәрекетин орынлаў жүзесинен қарарлар ҳәм буйрықлар шығарады.

Ғәрезсизлик дәўиринде Өзбекстанда халық хожалығын басқарыўдың ҳәдден тысқары орайластырылған дүзилиси пүткиллей өзгерттирилип, кәрханалардың өзине көбирек еркинлик берилди.

Конституцияға тийкарланып, область, район, қала, ҳәкимлери орынларда ўәкиллик уйымы есапланған халық депутатлары Кеңесине басшылық қылады. Орынлардағы ўәкиллик ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятты тийислилигине қарап, район ҳәм қала ҳәкимлери басқарады. Ҳәкимлер ҳәм халық депутатлары Кеңеслериниң ис-ҳәрекет формаларын дүзиў „Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында“ғы 1993-жыл 2-сентябрдеги Нызамы менен белгиленди.

Өзбекстан Республикасында суд ҳәкимияты уйымлары системасына - Өзбекстан Республикасының Конституциялық суды, Жоқары суды, Жоқары Хожалық суды, Қарақалпақстан Республикасының Жоқары суды, хожалық суды, область судлары, Ташкент қалалық суды, район (қала) судлары, область хожалық судлары киреди ҳәм олардың барлығы өз ис-ҳәрекетлерин ғәрезсиз түрде, нызам тийкарында әмелге асырады.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына (108-статья) тийкарланып, Конституциялық суд Өзбекстанда Конституциялық қадағалаўды әмелге асырыўшы жоқары суд уйымы есапланады. Конституциялық судтың ўәкиллигине нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлар қабылланған ҳүжжетлердиң Конституцияға қаншелли сайлылығы ҳаққындағы ислерди көриў киреди.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына муўапық (110-статья) Өзбекстан Республикасының Жоқары суды пуқаралық, жынайый ҳәм ҳәкимшилик судлаў ислерин жүритиў барысында суд ҳәкимиятының жоқары уйымы есапланады Өзбекстан Республикасының Жоқары суды Қарақалпақстан Республикасының Жоқары Суды, областлар, қала ҳәм район судларының судлаў ҳәрекети үстинен қадағалаў алып барыў ҳуқықына ийе.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына тийкарланып (111-статья), меншиктиң барлық формаларына тийкарланған кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер ортасындағы, сондай-ақ исбилерменлер ортасындағы, экономикалық тараўда ҳәм оны басқарыў процессинде жүзеге келетуғын хожалық тартысларын

шешиў Жоқары Хожалық суды ҳәм хожалық судлары тәрепинен олардың ўәкилликлери шегинде әмелге асырылады.

Мәмлекет ўйымлары системасына прокуратура уйымлары да киреди. Өзбекстан Республикасының Конституциясына муўапық (118-статья) „Өзбекстан Республикасы аймағында нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен қадағалаўды Өзбекстан Республикасының Бас прокуроры ҳәм оған бойсыныўшы прокурорлар әмелге асырады".

Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик уйымларының дүзилиўи, ўазыйпалары ҳәм ис алып барыў формаларына қарап бир-биринен ажыралып турады.

Мәмлекет уйымлары дүзилиўине қарап:

1) сайланатуғын мәмлекет уйымлары;

2) тайынланатуғын мәмлекет уйымларына бөлинеди.

Сайланатуғын мәмлекет уйымлары халық тәрепинен сайланыў жолы менен дүзиледи. Буларға Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳәм халық депутатлары Кеңеслери киреди.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына тийкарланып, (90-статья) Өзбекстан Республикасының Президенти Өзбекстан Республикасының пуқаралары тәрепинен улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында, жасырын даўыс бериў жолы менен 5 жыл мүддетке сайланады.

Тайынланатуғын мәмлекет уйымлары Өзбекстан Республикасының сондай мәмлекет уйымлары, оларды сайлаўда халық тиккелей қатнаспайды. Лекин ўәкиллик уйымлары тәрепинен бундай уйымларды тайынлап қойыўлары мүмкин. Республика Олий Мәжилиси мәмлекет Президентиниң усынысына муўапық Өзбекстан Республикасы Тәбиятты қорғаў мәмлекетлик комитетиниң баслығы тайынлайды ҳәм ўазыйпасынан азат етеди. (78-статья).

Өзбекстан Республикасының Конституциясына тийкарланып тайынланатуғын мәмлекетлик уйымларға область, район, қала ҳәм хожалық судлары судьялары да киреди. Олар Президент тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымынан азат етиледи.

Ҳуқықый ҳүжжетлер қабыллаў усылы бойынша мәмлекет уйымлары коллегиал түрде ҳуқықый ҳүжжетлер қабыллаўшы яки жеке басшылар тийкарында ҳуқықый ҳүжжетлер қабыллаўшы мәмлекетлик уйымларға бөлинеди.

Бириншиден, ҳуқықый ҳүжжетлер қабыллаў көпшиликтиң даўыс бериў жолы менен әмелге асады. Өзбекстан Республикасында бундай мәмлекетлик уйымларына - Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси, Министрлер Кабинети, халық депутатлары Кеңеслери, область, район, қала суд уйымлары киреди.

Екиншиден, жеке басшылық тийкарындағы уйымлар, басшылардың өзи тәрепинен ғәрезсиз түрде ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл қылынады. Бундай мәмлекетлик уйымларына - Өзбекстан Республикасының Президенти, министрлер, мәмлекетлик комитетлер басшылары, область, қала, район ҳәкимлери ҳәм олардың бөлим баслықлары киреди.

Ўазыйпаларының салмағы ҳәм аймақлық ҳәрекетлери бойынша мәмлекет уйымлары жергиликли ҳәм орайлық мәмлекет уйымларына бөлинеди.

Жергиликли уйымларға орайлық уйымларға қарағанда пәс басқышта турыўшы жергиликли әҳмийетке ийе болған уйымлар киреди. Жергиликли уйымлар мәмлекеттиң ҳәкимшилик-аймақлық бөлиниўине көре бир неше басқышлы болыўы да мүмкин.

Орайлық уйымлар Өзбекстан Республикасы көлеминде дүзилген уйымлар болып, олардың ис-ҳәрекети ҳәм шығарған ҳүжжетлери пүткил республикада мәжбүрий болып табылады.

Өзбекстан Республикасының орайлық уйымларына Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси, Өзбекстан Республикасының Президенти, Министрлер Кабинети, Министрликлер киреди.Қарақалпақстан Республикасында орайлық уйымларға, Жоқарғы Кеңес, Министрлер Кеңеси, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер киреди.

Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик уйымлары, өз ўәкилликлерин орынланыўына қарап, мәмлекеттиң ишки функцияларын орынлаўшы уйымлар ҳәм мәмлекеттиң сыртқы функциясын орынлаўшы уйымларға бөлинеди.

Тийкарғы көпшилик уйымлар мәмлекеттиң ишки функцияларын әмелге асырады. Лекин улыўма ўәкилликли уйымлар - Өзбекстан Республикасының Президенти, Олий Мәжилис, Министр Кабинети ишки ҳәм сыртқы функцияларды әмелге асырады.

Мәмлекеттиң сыртқы функцияларын орынлаўшы уйымларға Сыртқы ислер Министрлиги, Сыртқы экономикалық байланыслар министрлиги - Қураллы Күшлер, Миллий қәўипсизлик хазмети ҳәм банклери, шет еллердеги мәмлекет уйымлары киреди.

Демократиялық жәмийетте мәмлекет ҳәкимияты уйымларының ис-ҳәрекетин конституциялық-ҳуқықый тәртипке салыў мәлим бир принциплерге сүйенеди.

Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик уйымларын дүзиў ҳәм олардың ис алып барыў принциплери мәмлекетимиз Конституциясы ҳәм нызамларында беккемленген. Олар улыўма ҳәм арнаўлы принциплерге бөлинеди.

Арнаўлы принциплерге мәмлекет механизминиң айырым буўынларына, айырым мәмлекет уйымы ҳәрекетине тийисли болған принциплер киреди. Арнаўлы принциплер улыўма принциплер тийкарында яғный оларды мәмлекет уйымлары ҳәрекетине конкретлестириў мақсетинде келип шығады.

Мәмлекет ҳәкимияты уйымларын дүзиў ҳәм ис алып барыўының биринши топардағы улыўма принциплери төмендегилерден ибарат:

1) халық ҳәкимиятшылығы;

2) социаллық әдиллик;

3) демократизм;

4) инсанпәрўарлық;

5) ҳәкимиятлар бөлиниўи;

6) Конституция ҳәм нызам үстинлиги;

7) әшкаралық.

Халық ҳәкимиятшылығы принципиниң мәниси соннан ибарат, мәмлекет уйымларын қәлиплестириў ҳәмде олар ҳәрекетинде халық ҳәкимиятының тийкарғы ҳәм бирден-бир дереги екенлиги ҳаққындағы конституциялық қағыйдалардан келип шығыўы лазым.

Өзбекстан Республикасының Конституциясында мәмлекет уйымларын қәлиплестириў ҳәм ис жүритиўиниң әҳмийетли принциплеринен бири - социаллық әдиллик принципи беккемленген. Оған көре, мәмлекет өз ҳәрекетин инсан ҳәм жәмийет пәраўанлығын гөзлеп, социаллық әдиллик ҳәм нызамшылық принциплери тийкарында әмелге асырады.

Президентимиз И.А.Каримов биринши шақырық Олий Мәжлистиң I сессиясында сондай деген еди: „Әдиллик ҳәм ҳақыйқат идеясы жәмийетлик турмысымыздың барлық тараўларын өз ишине алыўы дәркар. Әдиллик ҳәм ҳақыйқат идеясы нызамшылық ҳәрекетимиздиң тийкары, бас бағдары болмағы шәрт. Өтмиште жоқары әдиллик идеясы лаўазымлы шахсларға қойылатуғын талап ҳәм баҳаның тийкары болған. Ол мәмлекетшилик негизлерин белгилеў... мийзанларының тийкарын қураған“.

Демократизм мәмлекет уйымларын қәлиплестириў ҳәм ҳәрекет жүритиўиниң әҳмийетли принциплеринен бири болып табылады. Өзбекстанда мәмлекет ҳәкимияты уйымларын дүзиў, оларға ҳәкимият ўәкилликлерин бериў демократиялық түрде жүз береди. Инсәнпәрўарлық мәмлекетимиздиң таяныш принциплеринен бири болып есапланады. Инсанпәрўарлық принципи мәмлекет уйымларының инсан қәдир-қымбатына тийисли баҳа бере алыўында, оның еркинлиги, ҳуқықлары ҳәм мәплерине жуўап беретуғын мийзанларын жаратыў ҳәмде әмелге асырыўында анықланады.

Ҳәкимиятлардың бөлиниў принципине муўапық Өзбекстанда мәмлекет ҳәкимияты нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына ажыралады.

Тийкарғы нызамымызда беккемленип қойылғанындай, мәмлекетимизде Конституция ҳәм нызамлардың үстинлиги сөзсиз тән алынады. Мәмлекет, оның уйымлары, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелери, пуқаралар Конституция ҳәм Нызамларға муўапық ис көреди. Жәмийет мәмлекет уйымларының ҳәрекетинен жетерли дәрежеде толық хабардар болыўы керек. Тек толық мәниде ғана әшкаралық бар болған жәмийетте демократия, халық ҳәкимиятшылығы реал болады. Усы принцип мазмунына ҳәр қимниң өзи қәлеген мағлыўматты излеўи, алыўы ҳәм оны тарқатыўы ҳуқықы киреди.

## Тема 4: Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының функциялары.

- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары функцияларының байланысы.

- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли  ҳәм өзин-өзи басқарыўды әмелге асырыў қураллары.
- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳәр қыйлы салалардағы функцияларының мазмуны
- Халық депутатларының функциялары.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының шөлкемлестирилиўи ҳәм олардың жумыс мәселелерин нәзерде тутқанда, ең дәслеп олардың жумысының мазмуны  неден  ибарат  екенлигин анықлап алыў лазым. Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының мазмунын таллаў ушын мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары туўралы әдебиятларда, нызамшылықта, усы уйымлардың ис  тәжирийбесинде „ўазыйпалар“, „ўәкилликли“, „компетенциялар“ деген түсиниклер қолланылады. Лекин булар мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының жумыс мазмунының ең әҳмийетли белгилерин сыпатлап  бере  алмайды. Бул саўалға жуўапты мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының функцияларын көрип шығыўда табыў мумкин.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының функциялары дегенде, олардың жәмийетлик тарийхый тәмийинлениўиниң тийкарғы тәреплери, Өзбекстан Республикасында халыққа тийисли болған мәмлекет ҳәкимиятын әмелге асырыўға қаратылған жумыстың тийкарғы тәреплери түсиниледи, функциялар жыйындысы, мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының қандай ислер менен шуғылланыўы лазым екенлигин белгилеп береди.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымларының Өзбекстанда бар болған барлық системасы ушын жеке тийкарғы функцияларына төмендегилер киреди:

1. Тийисли аймақ халқын бирлестириў,барлық пуқаралардың мәплерин билдириў, оларды мәмлекет ҳәм жәмийет ислерин басқарыўға кең түрде қатнастырыў.

2. Тийисли аймақта экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўдың комплекслилигин тәмийинлеў.

3. Мәмлекет хожалық ҳәм жәмийетлик мәдений қурылысы бойынша республика ҳәм жергиликли әҳмийетке ийе болған басқа мәселелерди додалаўда қатнасыў.

4. Жергиликли ҳәкимият уйымлары, Өзбекстан Республикасы нызамлары, Президент Пәрманлары, мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қарарларын әмелиятқа усыныў.

5. Тийисли аймақта төмен турыўшы халық депутатлары кеңеслери хызметине басшылық қылыў, жәмийетшилик жумысын бирлестириў ҳәм бағдарлаў.

6. Нызамшылықты, ҳуқықый тәртипти ҳәм пуқараның қәўипсизлигин тәмийинлеў.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары жоқарыда атап көрсетилген функцияларды қалай етип әмелге асырадыЎ Ҳәкимлер басшылық қылатуғын халық депутатлары кеңеслери мәмлекет хожалық ҳәм жәмийетлик мәдений қурылысының барлық тараўларына тиккелей яки өзлери дүзетуғын уйымлар арқалы басшылық қылады.

Басшылық тиккелей халық депутатлары кеңеслериниң сессияларында мәселелерди көрип шығыў ҳәм шешиў арқалы әмелге асырылады, екиншиден халық депутатлары кеңеслери өз функцияларын әмелге асырыў ушын қарарлар қабыл қылады, олардың орынланыўын тәмийинлейди. ҳәм олардың орынланыўын қадағалайды.

Халық депутатлары область, район ҳәм қала кеңеслери пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерине, жәмийетлик-экономикалық раўажланыўды тәмийинлеўге, әтирап орталықты қорғаўға тийисли ўәкилликлери шегинде көрип шығыў ҳуқықы берилген мәселелерди Өзбекстан Республикасының Нызамларына муўапық қадағалаўға тийисли мәселелерди шешеди. Өзбекстан Республикасының «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында»ғы нызамға муўапық тийисли аймақлардың ҳәкимлери мүликшиликтиң ҳәр қыйлы формаларына тийисли кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлер менен бирге ислеўшилик мәселелерин шешеди. Область, қала ҳәм район халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлер өз аймақларында нызамлылықты ҳуқықый тәртипти ҳәм қәўипсизликти тәмийинлеў бойынша бақлаў алып барады.

Өзбекстан Республикасының «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында»ғы нызамының 7-статьясында жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымының жумысының экономикалық тийкарын қураўшы мүлк формалары белгиленген. Оған көре халық депутатлары область, район, қала кеңеси ҳәм область, район, қала ҳәкими жумысының экономикалық тийкарын ҳәкимшилик-аймақлық дүзилмелердиң мәмлекетлик мүлки (жәмәәт мүлки) экономикалық-социаллық раўажланыўға хызмет қылыўшы басқада мүлк қурайды. Нызамда жергиликли мәмлекет ҳәкимияты жумысының финанслық тийкарыда көрсетилген, усы нызамның 11-статьясында область, район, қалалардың финанслық ресурслары белгиленген, оған көре область, район, қаланың финанслық ресурсларын бюджет дереклери, бюджеттен тысқары фондлар, анық мақсетке қаратылған фондлар, кредит ресурслары, сондай-ақ республика бюджетинен ажыратылған субвенциялар ҳәм дотациялар қурайды.

**Халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлердиң ҳәр қыйлы тараўлардағы функцияларының мазмуны.**

Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлердиң мәмлекетлик қурылыс саласындағы функцияларынның және бири бул область район ҳәм қала аймағындағы тиккелей демократия формаларының ислеўин ҳәм раўажланыўын

тәмийинлеўден ибарат. Әсиресе Өзбекстан Республикасында жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларының жүзеге келиўи бул функцияның әҳмийетлигин және де асырады. Бул тараўда Кеңеслер  ҳәм ҳәкимлер сол аймақларда өткизилиўи лазым болған  сайлаўларды шөлкемлестириўи, депутатларға, талабанларға сайлаў алды ушырасыўларында берилген  тапсырмаларды көрип шығыўы, оларды орынлаў илажларын ислеп шығыўы, орынлаўы ҳаққында сайлаўларға мағлыўматлар бериўи лазым. Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлер туўралы нызамшылықтан сол нәрсе келип шығады, Кеңеслер ҳәм ҳәкимлер тийисли аймақлардағы пухаралардың мүтәжликлерин, олардың пикир ҳәм усынысларын билип барыўлары лазым.

Мәлим  болғанындай, ўәкилликли уйымы сыпатында ҳәр бир халық депутатларының Кеңеслери белгили сандағы депутатлардың жыйындысынан ибарат. Өзбекстан Республикасының Олий Мәжлиси 250 депутаттан ибарат, Область кеңеслери Ташкент қалалық кеңеси 60 депутаттан, район кеңеслери 30 депутаттан ибарат. Халық депутатлары Кеңеслериниң функциялары болғанлығы ушын ҳәр бир айрықша алынған депутаттың да функциясы бар.

Халық депутатлары функциялары дегенде, депутатлар жумысының тийкарғы тәреплери түсиниледи. Депутатлардың функциялары мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының функцияларынан келип шығады.

Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында“ғы нызамы қабыл  қылынғанға шекем Өзбекстан Республикасында ҳәр бир звено кеңеслериниң ҳуқықый жағдайы айрықша нызам менен тәртипке салынар еди. „Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында“ғы нызамда халық депутатларының кеңеслериниң функциялары ҳаққында айтылмайды, демек ҳәзирги күнде Өзбекстанда  депутатлардың ҳуқықый жағдайын белгилеўши нызам Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси тәрепинен 1995-жылы 6-майда қабыл етилген „Өзбекстан Республикасы депутатларының статусы ҳаққында“ ғы Өзбекстан Республикасының нызамы болып есапланады. Усы нызамға муўапық халық депутатларының тийкарғы функцияларынан бири оларды сайлаўшылардың өзлерин депутатлыққа талабан етип көрсеткен тийисли сиясий  партияның еркин анықлаў, оны билдириў ҳәм турмыста   әмелге асырыўдан ибарат. Нызамның I-статьясында: „Олий Мәжилис, Жоқарғы Кеңес, халық депутатларының область, район, қала кеңеслериниң депутаты өз жумысында сайлаўшылардың сондай-ақ өзин депутатлыққа талабан етип көрсеткен тийисли сиясий партияның, тийисли ҳәкимият ўәкиллик уйымының яки пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымының мәплерин қорғайды“ -деп көрсетилген.

Халық депутатларының және бир тийкарғы функциясы  халық депутатларының кеңеси ҳәм ҳәкимият аппараты уйымларының қарарларын қабыл етиў ҳәм олардың орынланыўын тәмийинлеўден ибарат.

Өзбекстан Республикасының „Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққында“ғы нызамының 8-статьясында халық депутаты тийисли Совет

сессиясында көрип шығылып атырған барлық мәселелерде шешиўши даўыс ҳуқықынан пайдаланады, қарар жойбарларын ҳәм оларға дүзетиўлер киргизиўди усынады деп белгиленген.

Халық депутаты усы функцияны халық депутатлары кеңеслериниң уйымларында да әмелге асырыўы белгиленген. Нызамның 14-статьясына муўапық депутат Кеңес комитети, турақлы комиссиялары ҳәм басқа да уйымлар қурамына кирсе, сол уйымлардың көрип шығыўы ушын ҳәр қандай мәселе ҳәм усынысты киргизиўге, бул мәселе ҳәм усынысларды көрип шығыў ушын таярлаўда, оларды додалаў ҳәм солар тийкарында қарарлар қабыл етиўге қатнасыўға, сондай-ақ Кеңес ҳәмде оның уйымларының қарарларын қабыл етиўди шөлкемлестириўде ҳәм бул қарарлардың орынланыўын қадағалаўда қатнасыўға ҳақылы болып есапланады.

Өзбекстан Республикасының „Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққында“ғы нызамы депутатлардың жоқарыда көрсетилген функцияларының әмелге асырылыўы ушын сиясий, шөлкемлестириўшилик жәмийетлик экономикалық кепилликлерди ҳәм депутатлық қол қатылмаслықты белгилейди. Халық депутатларының кеңеси ҳәм ҳәкимият депутатқа есабатларды ҳәм сайлаўшылар менен ушырасыўларды өткизиў ушын шараятлар тәмийинлейди. Оның илтимасына муўапық ҳәкимият кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң ҳәкимшилиги ҳәм жәмийетлик шөлкемлер жай ажыратып депутаттың есабын, оның сайлаўшылар менен ушырасыўлары өткизилетуғын, депутаттың пухараларды қабыл ететуғын ўақты ҳәм орнын пухараларға мәлим етеди, қабыллаў ҳәм ушырасыўларға қатнасыў ушын депутаттың усынысына муўапық өзлериниң исенимли ўәкиллерин жибереди, сондай-ақ депутаттың орынлардағы исине көмеклесиў ушын басқа илажлар көреди.

Усы нызамның 21-статьясына көре, депутаттың ҳуқықлары, абыройы ҳәм қәдир-қымбаты нызам тәрепинен қорғалады. Депутаттың абыройы ҳәм қәдир-қымбатын кемситкен адамлар нызамға муўапық түрде ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкершиликке тартылады. Нызамның 24-статьясының мазмунына муўапық халық депутатларының кеңеслери, басқа мәмлекет ҳәм жәмәәт уйымлары, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер ҳәмде олардың лаўазымлы шахслары депутатқа өз ўәкилликлерин әмелге асырыўы ушын қолайлы жағдайлар жаратып береди.

Нызамға байланыслы Олий Мәжилис яки халық депутатлары сессия ўақтында, сондай-ақ нызамда нәзерде тутылған басқа жағдайларда депутатлық ўәкиллигин әмелге асырыў ушын депутат өндиристен ямаса хызмет ўазыйпаларын орынлаўдан азат етиледи ҳәм оның депутатлық жумысына байланыслы болған қәрежетлер тийисли мәмлекет бюджети яки жергиликли бюджет қаржылары есабынан өндириледи.

Халық депутатларының статусы ҳаққындағы нызам Кеңес, ҳәкимият депутатты Олий Мәжилис яки халық депутатларының жергиликли кеңеси қабыллаған ҳүжжетлер, рәсмий басылымлар, Кеңес ҳәмде оның уйымларының

хабар ҳәм жәрдемши материаллар менен тәмийинлейди, халық депутатларының депутатлық жумыста жүзеге келетуғын ҳуқықый мәселелерде оған жәрдем береди.

Халық депутатларының экономикалық ҳуқықларына тийисли аймақда транспорттан бийпул пайдаланыў ҳуқуқын көрсетиў лазым (27 статья).

Нызамның 32 ҳәм 31 статьяларында халық депутатларының қол қатылмаслық мәселеси сөз етилген (шешилген), оған көре халық депутаты тийисли Кеңестиң, сессиялар аралығындағы дәўирде болса Жоқары Кеңес басшылығының келисимисиз жынайый жуўапкершиликке тартылыўы, қамаққа алыныўы яки суд жолы менен берилетуғын ҳәкимшилик жаза шараларына тартылыўы мумкин емес, бул ҳаққында гезектеги сессияда депутатлар итибарына жеткизилиўи лазым. Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққында нызам депутатлар өз функцияларын нәтийжели әмелге асырылыўына қаратылған және бир қатар илажларды нәзерде тутқан. Жуўмақластырып айтқанда, депутатлық ўәкилликлерин әмелге асырыўға имканият жарататуғын шараят ҳәм қураллардың жыйындысына депутатлық жумыстың кепилликлери деп айтылады.

## Тема 5: Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары.

- Ҳәкимлер жумысының ҳуқықый шөлкемлестирилиўи.
- Халық депутатлары кеңеслери жумысының ҳуқықый тийкарлары.
- Өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының ҳуқықый тәртипке салыныўы.
- Халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысын ҳуқықый тәртипке салыў бойынша қабыл қылынатуғын хүжжетлер.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизликке ерисиўи ҳәм оны экономикасы базар қатнасықларына тийкарланған ҳуқуқый мәмлекетке айландырыў процессинде мәмлекетти басқарыўда ҳуқықый тәртипке салыў усылы кең қолланылады.

Халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлерде ҳуқықый тәртипке салыў усылын кең түрде қолланады. Ҳуқықый тәртипке салыў халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлерди мәмлекет, хожалық, социаллық-мәдений қурылыс тараўларына басшылық қылыўында ҳәм өзиниң ишки шөлкемлестириў дүзилмелерин тәртипке салыўда кең қолланылады.

Өзбекстанның ғәрезсизликке ерисиў ҳәм мәмлекет ҳәкимиятының ўәкилликли уйымлары системасындағы ҳәм олар ўәкилликлери тараўындағы өзгерислер соған алып келди, енди халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысында олардың функциялары әмелге асырыўда кең жәмәәтшиликти қатнастырыўға үлкен итибар

берилмекте, буған Өзбекстанда өзин-өзи басқарыўдың дүзилиўи де үлкен тәсир етти.

Халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимлер ўәкилликлери биринши гезекте Өзбекстан Республикасы Конституциясында, нызамларда, Президент пәрманларында ҳәм басқа да ҳуқықый ҳүжжетлерде белгиленеди. Ҳуқықый ҳүжжетлер менен мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары, ҳәкимлерди функция ҳәм ўәкилликлерин әмелге асырыўдағы депутатларды, ҳәкимлик девонын, девон хызметкерлерин ҳәм пуқараларды тутқан орны ҳәм роли тәртипке салынады.

Соның менен бирге ҳуқықый ҳүжжетлер менен халық депутатлары кеңеслери ҳәм ҳәкимликлер жумысының тийкарғы шөлкемлестириўши форма ҳәм усыллары тәртипке салынады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапық мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары ҳәм ҳәкимлер жумысын ҳуқықый тәртипке салыўда Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси үлкен ўәкилликлерге ийе болып табылады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 78-статьясы муўапық Олий Мәжилис Өзбекстан Республикасының нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилейди.

Өзбекстан Республикасында нызам шығарыўшы уйым тек Олий Мәжилис болып, область, район ҳәм қала кеңеслери нызам шығарыў ҳуқықына ийе емес.

Бул уйымлар Өзбекстандағы жеке мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының системасын қурайды, демек область, район, қала халық депутатлары кеңеслери ўәкилликлерин Олий Мәжилис белгилейди.

Өзбекстан Республикасында атқарыўшы ҳәкимият Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм область район, қала ҳәкимлери болып есапланып, бул уйымлардың ўәкилликлерин де Республика Олий Мәжилиси белгилейди.

## Тема 6. Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысының шөлкемлестириў формалары ҳәм усыллары.

- Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлер, жумысының шөлкемлестириў формасы ҳәм усылларының түсиниги.
- Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысының шөлкемлестириў формалары ҳәм усылларының байланысы.
- Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысын раўажландырыў мәселелери.
- Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысында қарарлар таярлаў, қабыл етиў, орынланыўын шөлкемлестириў ҳәм олардың орынланыўын қадағалаў.

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Республикасында жумыс ислеп атырған халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысының шөлкемлестириў

усылларын өз функциясында ҳәм ўәкиллик жумысларында ҳәр қыйлы шөлкемлестириў формаларында пайдаланып әмелге асырады. Мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳәм ҳәкимлер алдында турған ўазыйпалар депутатлар, ҳәкимлик аппараты, жәмийетшилик ўәкиллери тәрепинен орынланады. Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысының шөлкемлестириў формалары дегенде, жоқарыда көрсетилген адамлар ҳәм уйымларды халық депутатларының кеңеслери функция ҳәм ўәкилликлерин әмелге асырыўда қатнасыў илажлары түсиниледи.

Халық депутатларының кеңеслери жумысының шөлкемлестириў формалары өзлериниң бағдарларына қарай ҳәр тәреплеме сыпатға ийе. Олар жәрдеминде халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимликлердеги ишки шөлкемлестириў қатнасықлары ҳәм олар тәрепинен мәмлекет, хожалық ҳәм социаллық мәдений қурылысқа басшылық етиў бойынша өз функияларын орынлаўға да ерисиледи.

Халық депутатларының кеңеслери жумысының шөлкемлестириўшилик формалары Өзбекстанда пайда болған ўәкиллик уйымларының тарийхый раўажланыўы негизинде жүзеге келген болып, олардың тийкарғылары ғәрезсиз Өзбекстанның биринши Конституциясы мазмунынан келип шығады.

Халық депутатлары кеңеслери жумысының тийкарғы шөлкемлестириў формаларына төмендегилер киреди:

1. Халық депутатлары Кеңеслериниң сессиялары,
2. Ҳәкимлердиң атқарыў аппараты,
3. Халық депутатлары кеңеслериниң турақлы комиссиялары, Өзбекстандағы ўәкиллик уйымларының ең жоқарғы буўыны Олий Мәжилис ушын Олий Мәжилис мандат комиссиясы ҳәм комитетлери,
4. Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары депутатларының сайлаў округиндеги жумысы,
5. Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм Өзбекстан Республикасының „Пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында“ғы нызамына байланыслы пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ислейтуғын жумысының тийкарғы шөлкемлестириў формасы тийисли аймақлардағы пухаралардың жыйынлары ҳәм жыйынлар аралығындағы дәўирде өзин өзи басқарыў уйымының баслығы (ақсақалы) ҳәм оның мәсләҳәтшилери алып баратуғын жумысы деп қаралады.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары жумысының шөлкемлестириў формаларының тийкарғысы бул мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары ушын олардың сессиялары болып табылады. Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты тийкарлары ҳаққында“ғы нызамының 7-статьясында „Халық депутатлары ўәлаят, қала, район Кеңесиниң тийкарғы жумыс формасы сессия деп көрсетилген. Тийисли халық депутатларының Кеңеслерине берилген ўәкилликлер Олий Мәжилис

жыйналысында ҳәм халық депутатлары Кеңеслериниң сессияларында көрип шығылады ҳәм шешиледи.

Жоқарыда көрсетип өтилген ўәкиллик уйымлары жумысының формалары тийкарғы деп қабыл етилген, ўәкиллик уйымлары ҳаққындағы нызамшылыққа байланыслы ўәкиллик уйымлары өз ўәкилликлерин әмелге асырғанда әлбетте олардан пайдаланыўы шәрт. Ўәкилликли уйымлар ўәкилликлерин әмелге асырғанда олардың жумысының тийкарғы формалары менен бир қатарда ҳәр қыйлы жәрдемши формалардан да пайдаланады, олардың қатарына таярлаў комиссиялары, жыйналыслар, секциялар, постлар ҳәм тағы басқалар киреди. Булар жәрдеминде халық депутатларының кеңеслеринде ҳәр қыйлы таярлық ҳәм қадағалаў жумысларын әмелге асырады.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары жумысын шөлкемлестириў усыллары дегенде халық депутатларының кеңеслери, олардың уйымлары, депутатлар, жергиликли атқарыў ҳәкимияты (ҳәкимликлер) хызметкерлери, халық депутатларының Кеңеслери нызам менен оларға берилген ўәкилликлерди әмелге асырыў ушын қолланатуғын ҳәм ислетилетуғын қураллар түсиниледи.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары жумысын шөлкемлестириў усыллары олардың функциялары менен тиккелей байланыслы болып, олар яғный шөлкемлестириў усыллары нызамлылық ҳәм демократиялық принциплер талапларына сәйкес келиўи керек.

Мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары жумысын шөлкемлестириў усыллары, ҳуқықый актлер менен бир қатарда олардың өз функцияларын әмелге асырыўда бас қурал болып хызмет етеди. Олар кеңеслердиң қарамағында болған ислерге басшылық етиўдиң зәрүр элементи болып есапланады. Шөлкемлестириў усыллары барлық тараўларда, тармақларда, ислетилгенлиги ушын оларға кеңес, ҳәкимлик аппараты жумысының өзине тән жетекши бағдары сыпатында қараў мумкин, ол мәмлекетлик ҳәкимият уйымының хожалық, экономикалық ҳәм мәмлекет қурылысындағы айқын ўазыйпаларды ҳәм ўәкилликлерди әмелге асырыўға бойсындырылған.

Шөлкемлестириў усыллары кеңеслер жумысында демократиялық принциплерин әмелге асырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Бул усылларды жетилистириў Өзбекстанның ғәрезсизлиги шараятында мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының жумыс нәтийжелилигин асырыў ушын әҳмийетли усыл болып есапланады.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары жумысының шөлкемлестириў усылларынан усы уйымлардың ишки дүзилислерин тәртипке салыўда олардың қадағалаў ҳәм басшылық етиў бойынша функцияларын әмелге асырыўда да пайдаланады. Мәселен, муўапықластырыў усылын алып қарасақ, онда халық депутатларының кеңеслери турақлы комиссиялардың исин бир-бирине байланыстырыўда пайдаланылады, соның менен бирге бул усылдан Кеңес аймағындағы жайласқан кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелердиң жумысын усы

аймақты комплексли раўажландырыў жолында бирлестириў ушын да пайдаланылады.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары жумысын шөлкемлестириў усыллары усы уйымлар туўралы нормативлик актлер, ис тәртиплери ҳәм Режелер менен тәртипке салынады. Мәселен, халық депутатлары кеңеслери жумысының шөлкемлестириўши режелериниң айрым басқышлары, Кеңеслер ҳәм ҳәкимлер қабыл еткен қарарлардың орынланыўын тексериў.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары жумысын шөлкемлестириў усыллары тийкарғы ҳәм жәрдемши усылларға бөлинеди. Бул кеңеслер ҳәм ҳәкимлер ўәкилликлерин әмелге асырыўда тутқан роли ҳәм әҳмийетине қарап бөлинеди. Тийкарғы усылларға жобаластырыў, муўапықластырыў, қарарларды таярлаў, орынланыўын шөлкемлестириў ҳәм оны қадағалаў киреди. Булардың тийкарғы усыллар деп көрсетилиўине еки себеп бар. Бириншиден, бул усыллардан мәмлекет ҳәкимият уйымлары ўәкилликлериниң ең әҳмийетли мәселелерин шешиўде пайдаланылса, екиншиден, тийкарғы шөлкемлестириўши усыллары жәрдеминде сол мәселелерди шешип атырғанда басқа жәрдемши қурал ҳәм усыллардан пайдаланылады.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары жумысының жәрдемши шөлкемлестириўши усылларына ҳәр қыйлы тексериўлер, бақлаўлар, инструкциялар өткериў, қарап шығыў ҳәм басқалар киреди. Соны да айтып өтиў керек, бул усыллар халық депутатлары Кеңеслериниң уйымлары ушын тийкарғы усыл болып қала береди.

Мысалы, Кеңеслердиң турақлы комиссиялары ушын тексериў ҳәм бақлаў ҳәкимлик аппараты, оның бөлим ҳәм басқармалары ушын инструкция ҳәм инспекция өткериў тийкарғы усыл болып есапланады. Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкилликли уйымларының жумысындағы шөлкемлестириў усыллары олар тәрепинен нызамлар, қарарлар, буйрықлар ҳәм бийликлер қабыл етилгенде көриледи.

Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты тийкарлары“ ҳаққындағы нызамы Кеңеслер ҳәм ҳәким аппаратының жумысын жобаластырыў ўазыйпаларын ҳәкимлерге жүклейди. Нызамның 25-статьясында ўәлаят, район, қала ҳәкими режелестириў мәселелерин шешеди, деп көрсетилген. Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлик аппараты да жобаластырыў усылынан кеңеслер еки бағдарда пайдаланады.

Бириншиден, барлық мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары өз ўәкилликлери шегинде тийисли аймақта экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажланыў мәселелерин шешиўди жобаластырады, усы мәселелерди жоқары турыўшы Кеңеслер тәрепинен жобаластырғанда қатнасады.

Екиншиден, халық депутатларының Кеңеслери өзлериниң жумысларының шөлкемлестириўшилик тәрептен жобаластырыўды бирлестиреди.

Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының өз аймақларын экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажландырыўды жобаластырыўдың лазымлығы Өзбекстан Республикасының Конституциясынан ҳәм басқа да жәрияланған нызамлардан келип шығады. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Конституциясының 78-статьясының 3-бәнтине муўапық Олий Мәжилис Өзбекстан Республикасының стратегиялық дәстүрлерин қабыл етиў ҳуқықына ийе, стартегиялық дәстүрлерди қабыл етиўди әмелге асырыў әлбетте тийислисинше жобалар арқалы әмелге асырылады. Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында“ғы нызамының 1-статьясында халық депутатларының Кеңеси ҳәм ҳәким ўәлаят, район, қала ушын улыўма болған социаллық экономикалық раўажланыў ўазыйпаларын әмелге асырыўды тәмийнлегенлиги белгиленген. Усы нызамның 24-статьясында халық депутатларының ўәлаят, район, қала Кеңеслери тийисли ҳәкимлердиң усынысына муўапық аймақларды раўажландырыўдың преспективасына мөлшерленген дәстүрлерди тастыйықлайтуғынлығы белгиленген. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының бул ўәкилликлерди әмелге асырыўы ушын тийисли түрде жобалар дүзиледи. Сол жобаларды тастыйықлаў ҳәм олар орынланыўын қадағалаў мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының ҳақыйқый ўәкилликлерине киреди, яғный олар тек Олий Мәжилис жыйылысларында ҳәм Жергиликли Кеңес сессияларында шешиледи. Жобаларды ислеп шығыўға депутатлар, турақлы комиссиялар ҳәм комитетлер, жәмийетшилик кең түрде қатнасады.

Халық депутатлары Кеңеслериниң жумысында жобаластырыў усылы төмендегилерден ибарат болады:

1. Халық депутатларының кеңеслери өзлерине бойсынған хожалық, социаллық қурылыс тармақларын жобаластырады ҳәм өз аймақларында барлық өндирис күшлерин жобалы түрде раўажландырыўға күшли тәсир тийгизеди.

2. Жергиликли Кеңеслерге қараслы хожалық шөлкемлериниң ҳәм мекемелериниң жумысы жоба тийкарында алып барылады.

3. Кеңес ҳәм оның уйымлары жумысты шөлкемлестириў, олардың барлық шөкемлестириўши массалық жумыслары жоба тийкарында көриледи.

Жергиликли Кеңеслердиң жобалары системасында орайлық орынды барлық тармақларды, Жергиликли Кеңести барлық кәрхана ҳәм мекемелердиң жумысын өз ишине алыўшы жергиликли хожалықты ҳәм социаллық мәдений қурылысты раўажландырыўдың жыллық ҳәм перспективалы жобалары ийелейди. Олар ислеп шығарылып атырған өнимлерди сатыў тапсырмаларын, товарлардың әҳмийетли түрлерин ис ҳақы фондын бюджетке төленетуғын қаржы суммасын, жаңа техниканы қолланыўды, материаллық техникалық тәмийинлеўди өз ишине алады. Саўда шақапшаларының өсиўи, халыққа коммуналлық турмыслық хызмет көрсетиўдиң барлық түрлерин раўажландырыў ҳәм турақ жай фондын қурыўды да жобаластырады.

Тармақ жобалары әҳмийетли тараўларын қурайды: аўыл хожалығын раўажландырыў, турақ жай қурылысы, турмыслық хызметин көрсетиў ҳ.т.б.

Жергиликли Кеңеслер тармақлар бойынша жобалар менен бирге тармақлар аралық әҳмийетке ийе болған ҳәр қыйлы арнаўлы жобаларды да тастыйықлайды. Солай етип, ҳәр бир Кеңес сайлаўшылардың наказларын орынлаў усыллары режесин тастыйықлайды. Қала кеңеслери қалалардың бас жойбарларын ислеп шығады ҳәм оларды қабыл етеди, район кеңеслери район советлери планировкасының схемасын көрип шығады ҳәм кейин оларды жоқары турыўшы уйымлардың тастыйықлаўына береди. Жергиликли кеңеслер жобалардан тысқары баланслардың дүзилиўин де тәмийинлейди,-жер, жанар май, қурылыс материаллары, мийнет ресурслары, халықтың пул дәраматлары, қәрежетлери ҳәм басқа балансларын тийисли ҳәкимшилик-аймақлық бирликлердиң хожалығын комплексли түрде раўажландырыў ушын зәрүр. Жергиликли кеңеслердиң жобалары Кеңес аймағында жайласқан кәрхана ҳәм мекемелерди, олардың кимге бойсынатуғынлығына ҳәм қандай мулк ийеси екенлигине қарамастан раўажландырыўды ҳәм ислеўин муўапықластырыў қуралы болып хызмет етеди. Өзбекстан Республикасында базар экономикасының орнатылыўы менен жергиликли Кеңеслер әмелге асырып атырған жобаластырыў формасы ҳәм мазмунын тереңлестириў жүдә әҳмийетке ийе.

Жобаластырыў басшылықты ҳәм исти әмелде шөлкемлестириў усылы сыпатында улыўма Кеңесге, ҳәкимге, ҳәкимлик аппаратына ҳәм оның барлық уйымларына тән болып есапланады. Сессияларда жергиликли кеңеслер жергиликли хожалықты ҳәм жәмийетлик қурылысты раўажландырыўдың жыллық ҳәм стратегиялық жобаларын, қурылыс жобаларын, сайлаўшылардың буйрықларын орынлаў бойынша усыллар жобаларын көрип шығады ҳәм тастыйықлайды. Шөлкемлестириўши жобаластырыўдың бул формасы Кеңес ҳәм ҳәким жумысын улыўма пүткиллей муўапықластырыўды жеңиллестиреди, халық хожалығы ўазыйпаларының орынланыўын шөлкемлестириўшилик тәрептен жетерли түрде тәмийинлейди ҳәм Кеңес, ҳәкимди шөлкемлестириўшилик жумысында келешекти мөлшерлеўге имканият береди. Жергиликли Кеңеслер ҳәм ҳәкимлер жумысын комплексли түрде жобаласытрыўды төмендеги өзине сай тәреплерин көрсетиўи мумкин.

<u>Биринshiden,</u> олар бир жылға яки Кеңес ҳәм ҳәким ўәкиллигиниң барлық мүддетине яғный бес жылға қабыл етиледи. Бул кеңес ҳәм ҳәким шөлкемлестириўшилик илажларын жергиликли хожалықты ҳәм бюджетти раўажландырыўдың бир жыллық жобалары менен муўапықластырыўға имканият жаратады.

<u>Екиншиден,</u> ол Кеңес ҳәм ҳәкимди хожалық ҳәм социаллық қурылыс тараўы алдында турған дәўирге арналған жумыстың тийкарғы бағдарларына тийкарланады ҳәм ҳәр бир илажды әмелге асырыўдың зәрүр қуралларын нәзерде тутады (қарар таярлаў ҳәм қабыл етиў мағлыўматлар жыйнаў, ғалаба жумыс алып

барыў, орынланыўын шөлкемлестириў ҳәм қадағалаў). Бул жоба Кеңес ҳәкимлик аппаратының барлық бөлимлериниң жумысын бирлестириўге хызмет етеди. Соның менен бирге олардың тийкарғы ислеў тараўларын белгилейди. Сонлықтан, онда Кеңес сессиясын, ҳәким аппаратының мәжилисин өткизиў мүддетлери ҳәм көрилетуғын тийкарғы мәселелер көлеми белгиленеди. Жобада халық хожалық жобаларынан келип шығатуғын ҳәр қыйлы илажларды таярлаў ҳәм өткизиўде шөлкемлестириўши шаралар белгиленеди (мәселени үйрениў, бақлаў, тексериў, өткериў).

Кеңес ҳәм ҳәким жумысының комплексли перспективалық жобасы, ҳәкимлик аппараты ҳәм басқа уйымлар ушын ўазыйпаларды әдеттегидей бир шерекке, айрым жағдайларда ярым жылға белгилеп бериўши жәрияланған жобаларды дүзиў ушын тийкар болып хызмет етеди. Ис жобаларын таярлаў техникасы көпшилик жағдайда Кеңестиң түри, оның уйымларының системасы ҳәм структурасы менен белгиленеди, лекин улыўма тәртипке көре истиң барлық шөлкемлестириўши ҳәм техникалық тәреплерине таярлық көриў исине Кеңес уйымлары басшыларын, депутатларды, хожалық, шөлкем ҳәм мекемелерди, жәмәәтшилик ўәкиллерин қатнастырыўды ҳәкимлик аппараты орынлайды.

Барлық бөлим, басқарма, инспекция, комиссия, ири хожалықлардың баслықлары өз усынысларын ҳәкимлик аппаратына бериўге алдын-ала илажлар көрип қойылады. Көпшилик жағдайларда жоба мазмуны ҳаққында пикирлесип алыў ушын көрсетилген адамлар мәжлислерге шақырылады.

Кеңес ҳәм ҳәкимлик аппараты ис режесиниң жойбарын дүзиўге турақлы комиссиялар ҳәм комитетлер қатнастырылады. Әдетте ҳәкимлик аппараты бул мәселе бойынша турақлы комиссиялар ҳәм комитетлердиң баслықлары менен жыйналыс өткизеди яки ҳәкимлик аппаратының планын бөлим ҳәм басқарма басшылары менен додалаўға оларды шақырады. Реже жойбары таярланып атырғанда депутатлардың усынысларын ҳәкимлик аппаратына жибериў ҳәм сессияда сөйлеген пикирлери итибарға алынады. Ҳәкимлик аппараты Кеңес ҳәм ҳәкимлик аппараты жумысының режеси бойынша өз усынысларын жибериўди сорап депутатларға, колхоз, совхоз, кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына ҳәмде төменги атқарыў комитетлерине мүрәжәт етеди. Ҳәкимлик аппаратына келип түскен барлық усыныслар реже жойбарын таярлаўшы арнаўлы комиссия тәрепинен улыўмаластырылады. Комплексли перспектив реже әлбетте Кеңес сессиясында қабыл етиледи.

Ис режеси ҳәкимлик аппаратының хызметкерине, турақлы комиссия баслықларына, бөлим ҳәм баспадан, жоқары ҳәм төменги ҳәкимлик аппаратына тийисли аймақлық прокурорға жибериледи.

Кеңес ҳәм ҳәкимлик аппараты жумысының жәриялылығы ушын бундай режелерди баспадан шығарыў үлкен әҳмийетке ийе. Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлик аппараты режесиниң орынланыўын қадағалаў ең дәслеп ҳәким, оның орынбасары ҳәм хаткердиң тиккелей ўазыйпасы болып есапланады.

Режениң орынланыўы ҳәким аппаратының қадағалаўы астында болады. Реже мүддети ақырында оның турмысқа асырылыўының жағдайы ҳәм нәтийжелери додаланады. Режениң әмелге асырылыўы нәтийжелери барлық депутатлардың додалаўына да қойылады. Шөлкемлестириўши жобаластырыўдың раўажландырыўдың нәтийжели болыўына ерисиў ушын зәрүр талап ҳәм оған ҳәр тәреплеме жантасыўдан ибарат. Оған төмендеги қураллардың жәрдеминде ерисиледи:

1. Шөлкемлестириў жобаларын экономикалық ҳәм социаллық раўажланыў жобалары менен өз-ара байланыстырыў;

2, Шөлкемлестириўши жобаларда тийкарғы итибарды ең әҳмийетли ўазыйпаларға қаратқан ҳалда тийисли Кеңес ҳәм ҳәкимлик жумысының барлық тәреплеринде өз ишине алыў;

3. Шөлкемлестирип режелестириўди Кеңес ҳәм ҳәким ўәкиллигиниң мүддетине дүзиў;

4. Шөлкемлестириўши жабаластырыўда Кеңес ҳәм ҳәкимликтиң барлық уйымларын киргизиў, Кеңес ҳәм ҳәким ўазыйпаларын шешиўде олардың ҳәр бириниң ролин ҳәм қатнасыў көлемин белгилеп бериў;

5. Барлық шөлкемлестириўшилик жобаларды өз-ара келистириў, муўапықластырыў.

Кеңес ҳәм ҳәкимлик аппараты жумыс бабында шөлкемлестириў режелериниң төмендеги түрлеринен пайдаланады; кеңестиң усы жобасы Кеңес уйымларының ис режеси тематикалық жобалар (саўданы, турмыслық хызметлерди ҳ.т.б. жақсылаў); депутатларды ҳәм ҳәкимлик аппараты хызметкерлериниң жеке жумыс режелери. Бул жобалардың ҳәммеси әмелде болыўының мүддетине көре перспектив ҳәм жәрияланған болыўы мумкин. Ҳәр бир звено Кеңеслердиң жумысын жобаластырыўдың өзине сай тәреплерине ийе.

**Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысын муўапықластырыў**.

Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлер мәмлекетлик хожалық ҳәм социаллық мәдений қурылыс тараўларында көп қырлы жумысты әмелге асырады, тийисли аймақта усы мәселелерди бирдей әмелге асырыў күтә әҳмийетли ўазыйпа болып, себеби ҳәр бир айрықша алынған халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлик қурамалы системаға ийе, бул системаға халық депутатларының Кеңеслерин ҳәм ҳәкимлик аппаратының ҳәр қыйлы уйымлары, олардың хызметкерлери, белсендилер ҳәм жәмийетшилик шөлкемлери киреди. Кеңеслердиң аймақларында мулкшиликтиң ҳәр қыйлы формаларына тийисли болған кәрхана ҳәм шөлкемлер, оларға бойсынған жергиликли мәмлекет ҳәкимиятының уйымы, пухаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары болады. Ҳәр бир халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлердиң тийкарғы ўазыйпасы мине усы системаның жеке бир пүтин жумыс алып барыўын тәмийинлеўден ибарат. Бул ўазыйпаны әмелге асырыўда муўапықластырыў усылынан пайдаланады.

Өзбекстан Республикасының жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққындағы нызамының 25-статьясына муўапық муўапықластырыўды тәмийинлеў область, район ҳәм қала ҳәкимлерине жүклетилген. Тийисли аймақлардың ҳәкимлери бюджет, финанс, есап-китап, ўалаят, район ҳәм қала мулкин басқарыў, мулкшиликтиң турли формаларына тийисли кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мекелемелер менен бирге ислесиў мәселелерин шешеди. Бирге ислесиўди тәмийинлеў муўапықластырыў хызмет деген сөз. Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлерин муўапықластырыў хызмети дегенде усы уйымлардың алдында турған ўазыйпаларды шешиў мақсетинде Кеңеске ҳәм ҳәкимге қараслы барлық уйымларды, олардың бөлим ҳәм басқармаларын кәрхана шөлкем мәкемелерин, ҳәким аппаратының хызметкерлерин Кеңес белсендилериниң жумысын биротала бирлестириў түсиниледи. Кеңеслер жумысында муўапықластырыў усылын олар жумыстың ҳәр түрли формалары тийкарында да әмелге асырыўы мумкин. Мәселен, сессия жумысында барлық уйымлардың жумысын муўапықластырыў мумкин, сол ўазыйпаны ҳәкимлик аппаратының мәжлисинде де әмелге асырыў мумкин. Кеңес турақлы комиссиялары басшылары комиссия ағзаларының жумысын муўапықластырады, депутатлық топарлар депутатлардың сайлаў округлериндеги жумысын муўапықластырады. Муўапықластырыўды әмелге асырыў ушын Кеңес ҳәм ҳәкимлик жанында ҳәр қыйлы жәмәәтшилик кеңеслери дүзилиўи мумкин. Кеңес жумысында муўапықластырыўды мәлим белгили бир мүддетке белгилеп алыў, Кеңеслер ҳәм ҳәкимлер дүзетуғын шөлкемлестириўши жобалар арқалы әмелге асырылады.

**Халық депутатларының кеңеслери ҳәм ҳәкимлер жумысында қарарларды таярлаў, орынланыўын шөлкемлестириў ҳәм оны қадағалаў.**

Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында“ ғы нызамның 6-статьясына муўапық область, район ҳәм қала халық депутатларының кеңеслери қарарлар қабыл етеди. Ўәлаят, район қала ҳәкими қарар қабыл етеди, бийликлер шығарады. Жергиликли кеңеслер ўәкилликлерине тийисли болған ҳәр қыйлы мәселелерди шешиў, тийисли аймақта орынланыўы мәжбүрий болған ҳүжжетлер қабыл қылыў менен шешеди. Олар қабыл етип атырған қарарлардың нәтийжелилиги оларды пухталық пенен таярлаўға ҳәм тәжирийбе ислеп шыққан ҳәм нызамшылықта көрсетилген белгили талаплардың орынланыўына көп тәрептен байланыслы болады

Биришниден, халық депутатларының кеңеси ҳәм ҳәкиминиң ҳәр бир қарары тийкарладырылған болыўы лазым, яғный исенимли ҳәм жетерли мағлыўматларға тийкарланған болыўы лазым.

Екиншиден, кеңестиң ҳәм ҳәкимниң қабылететуғын ҳәр бир қарары кең мәниде үнемли болыўы шәрт. Бириншш нәўбетте ол ҳақыйқатында да зәрүр болып қалғанда шығарылыўы керек. Жоқары уйымлардың қарарларын яки өзиниң кеңеси ҳәм ҳәкими алдын қабыл еткен қарарларын, қайталаўшы, тәкирарлаўшы қарарлар қабыл етиў мақсетке муўапық емес. Егер қарарлар бир-бирин қайталаса

қарар менен оның орынланыўы арасында қарама-қарсылықлар келтирип шығарады, орынланыўының әҳмийетин кемейтеди ҳәм оны қыйынластырады. Ол яки бул мәселени шешиўде бир неше жоллар болса, ең дәслеп кем қаржы ҳәм кем күш жумсалыўын талап ететуғын жол таңлап алыныўы лазым. Үнемлеўшилик шешилип атырған мәселеге ҳәр тәреплеме жантасыў, ҳәзирги заман илими ҳәм алдыңғы тәжрийбе жетискенликлеринен пайдаланыў менен тәмийинленеди.

Үшиншиден, қарар нызамлы түрде болыўы керек. Яғный ол тийисли уйым тәрепинен ўәкиллик көлеминде қабыл етилгенлигин билдиреди ҳәм ол яки бул мәселени нызам жол қойған қураллар менен шешилиўин нәзерде тутады. Бул ҳүжжет түриниң оны қабыл етиў процессиниң нызамшылық талапларына сай болғанлығын билдиреди.

Кеңес ҳәм ҳәкимлик қарарлары олардың сессияларында ҳәм мәжлислеринде жетерли сандағы депутатлар қатнасқанда қарарлар даўысқа қойылғанда, көпшилик даўыс пенен қабылланыўы, туўры рәсмийлестирилиўи ҳәм қол қойылыўы, орынлаўшыларға көрсетилген мүддетлерде жиберилиўи лазым. Қарарлардың нәтийжелилигин ҳәм үнемлеўшилигин тәмийинлеў ушын жойбарларды таярлаўға қарарлар қабыл етиў тәртибин билдирген қәнийгелер ҳәм мәпдар шөлкемлердиң қатнастырылыўы, депутатлардың, жәмийетшиликтиң, төменги уйымлардың пикир ҳәм усынысларының итибарға алыныўы әҳмийетке ийе.

Турақлы комиссиялар баслығы комиссия жумысын шөлкемлестиреди ҳәм бағдарлайды. Ол турақлы комиссиялар мәжилисин шақырады ҳәм алып барады, таярлық жумысларын алып барады, сол истиң жобасын дүзеди, оның орынланыўын қадағалайды, айырым комиссия ағзаларына, қатнасыўшыларына берилген тапсырмалардың орынланыўын қадағалайды. Баслық ҳәкимият пенен оның бөлим ҳәм басқармалары, кәрхана, шөлкем, мекемелер арасында байланыс орнатады.

Баслық орынбасары баслыққа жәрдем береди, жоқлығында оның жумысларын орынлайды. Комиссия хаткерине ис жүритиў, рәсмийлестириў тапсырылады. Сондай-ақ, ол комиссия ағзалары ҳәм қатнасыўшылар орынлаған тапсырмаларды есапқа алады, мәжилис баяннамаларын алып барады, мәжилислерге айырым материалларды таярлайды, комиссия жумысын өз ўақтында шөлкемлестириўге техникалық жақтан тәмийнлеўге ерисиледи.

Комиссия ағзалары ортасында ўазыйпалар комиссияның қарары менен комиссия жумыс алып барып атырған тараўдың өзине сай тәреплерин, оның қурамын, муғдарын ҳәм оның жобасын итибарға алған ҳалда бөлистириледи. Көпшилик ағзалар қандайда бир усылды әмелге асырыў мүддетине, мәселени сессияға яки ҳәкимият әмелге асырыў мүддетине, мәселени сессияға яки ҳәкимият мәжилисине таярлаў, қарар ҳәм усынылардың орынланыўын қадағалаў ҳәм басқада көп жағдайларда турақлы комиссия ағзаларына ўақтыншалық тапсырмалар да бериледи. Айырым жағдайларда комиссиялар кәрхана, шөлкем, мекемелер хызметин қадағалаўды оларға жақынырақ орында жасаўшы депутатларға

тапсырады. Зәрур жағдайларда депутатларға узақ мүддетке ҳәм турақлы комиссияның ўәкиллиги мүддетине турақлы түрде тапсырмалар берилиўи мүмкин. Мысалы, бир яки бир неше ағзалар бир объектке бириктирип қойылыўы мүмкин.

Тийкарғы тапсырмалар комиссия мәжилислеринде бөлинеди ҳәм қарар формасында рәсмийлестириледи, айырым тапсырмалар турақлы комиссия баслығы тәрепинен де берилиўи мүмкин. Турақлы комиссиялар өз исине басқа депутатларды да қатнастырады.

Турақлы комиисиялар ўазыйпаларының көп түрлилиги олар жумысын анық, мақсетке муўапық жобаластырыўды талап қылады. Комиссия жобаларында тийисли тармақты раўажландырыўды узақ мүддетке мөлшерленген мәселелерин үйрениў, турақлы комиссияның өткизиўи лазым болған мәжилислери мүддетлери көрсетилген болады. Кеңестиң ўәкиллиги дәўиринде дүзилген жобасына тийкарланылған

Турақлы комиссиялардың кеңес сессияларына ҳәм ҳәкимият мәжилислерине мәселелерди таярлаў ҳәм оны көрип шығыўда қатнасыўы турақлы комиссиялар кеңеслерин басқарыўды тармақлары бойынша қәнигелескен массалық уйымлары сыпатында кеңес сессияларын ҳәм ҳәкимият мәжилислерин таярлаўда әҳмийетли роль атқарады.

Жергиликли кеңес исинде көрилиўи тийис болған мәселелерди сол уйымлар алдына қойыўда, кеңес сессиялары ҳәм ҳәкимият мәжилислерине материалларды ҳәм қарар жойбарларын таярлаўда сессияларда ҳәм ҳәкимият мәжилислеринде лекциялар, қосымша жуўмақлар, усыныслар менен шығыўда көринеди.

Жергиликли кеңеслер ис тәжирийбесинде турақлы комиссиялардың қатнасыўысыз кеңес қандайда бир әҳмийетли мәселени көрмейди. Сессия күн тәртиби жобасын таярлағанда ҳәкимият турақлы комиссиялары пикир ҳәм усынысларын оның ис режесин итибарға алыўы жақсы нәтийже береди. Турақлы комиссиялар өз нәўбетинде өзлерине тапсырылған тараўлардағы истиң аҳўалынан жақсы таныс болғанлары ушын, кеңес алдында ең актуаль, жеделлескен мәселелерди қойыўлары лазым, нәтийжеде кеңес оларды ҳәкимият ис жобаларына киритеди.

## Тема 7: Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары депутатларының ҳуқықый жағдайы

- Мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары депутатларының ҳуқықый жағдайы
- Депутатлық хызметтиң кепилликлери
- Депутатлық топарлары
- Депутатларды мүддетинен бурын шақырып алыў тәртиби.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизлигин беккемлеўде Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң ҳәм ҳәкимлер басшылық қылатуғын халық

депутатлары Кеңеслери депутатларының ҳуқықый жағдайын анық белгилеп бериў әҳмийетке ийе. Депутатлардың ҳуқықый жағдайы дегенде депутатлардың ҳуқық ҳәм миннетлери ҳәм жумыс алып барыўы мүмкин болған ўәкилликлери көлеми түсиниледи. Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң депутатының ўәкилликлери Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ўәкилликлеринен, ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеслери халық депутатларының ўәкилликлери ўәлаят, қала ҳәм район кеңеслериниң ўәкилликлеринен келип шығады ҳәм бул ўәкилликлер Өзбекстан Республикасы Конституциясы «Өзбекстан Республикасында репутатларының статусы ҳаққында»ғы нызам, ҳәм Өзбекстан Республикасының басқа нызамлары менен белгиленеди. Депутатлардың ўәкилликлери Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине, ўәлаят, қала ҳәм район халық депутатлары Кеңеслерине сайланған күннен басланады ҳәм сол уйымлардың ўәкилликлери тамамланғаннан соң жаңа шаңарақ сайлаўлар өткизилген күнде тамамланады.

Өзбекстан Республикасында ҳәрекетте болған нызамға муўапық депутатлардың ўәкилликлери төмендеги жағдайларда мүддетинен бурын да тамамланыўы мүмкин. Сайлаўшылар депутатларды мүддетинен бурын шақырып алса; Олий Мәжилисти яки ўәлаят, қала ҳәм район Кеңесиниң депутатты депутатлық ўәкилликлерин әмелге асырыўға тосқынлық қылған себеплерин көрсеткен жағдайда Берген арзасына муўапық қабыллаған қарарына муўапық; депутатқа байланыслы суд айыплаў ҳүкимин нызамы күшке кириўи менен; депутат сайланған яки тайынланған лаўазымды ийелеп турыў нызамға муўапық депутатлық ўәкилликлерин орынлаўға қарсы ямаса депутат Өзбекстан Республикасының пуқаралығынан айырылған жағдайларда мүддетинен бурын депутаттың ўәкилликлери тоқтатылады. Айырым жағдайларда Өзбекстан Республикасы халық депутаттының ўәкиллиги Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң қарарына тийкарланып мүддетинен брын тоқтатылыўы мүмкин.

Депутат ўәкилликлериниң ең тийкарғы бөлеги ол сайланған уйым жумысы арқалы әмелге асырылады. Өзбекстан Республикасының Конституциясына муўапық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси жумысының тийкарғы формасы оның жыйналыслары, ал Өзбекстан Республикасының жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққындағы нызамға муўапық ўәлаят, район ҳәм қала халық депутатлары Кеңеслери жумысының тийкарғы формасы олардың сессиялары болып есапланады. Демек, депутат өз ўәкилликлериниң көпшилигин Олий Мәжилис жыйналысларында, ўәлаят, район, қала кеңес сессияларында әмелге асырады.

Депутат жәмәәт уйымының ағзасы болғанлығы ушын, оның сол уйым жумысында турақлы түрде ҳәм қатаң түрде қатнасыўы үлкен әҳмийетке ийе, сондай-ақ бир бөлим депутатлар Олий Мәжилис жыйналысына яки ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеслери сессияларына келмей қалса, нызам талап қылған кворум жыйналмайды ҳәм ўәкиллик уйымыы өзиниң жумысын баслай алмайды, соның ушын нызамшылық депутаттың тийкарғы миннетлеринен бири қылып тийисли

ўәкиллик уйымының жумысында қатнасыўды талап етеди. Мысалы: Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққындағы нызамның 1-статьясына көре депутат Кеңeслердиң сессияларында ҳәм Кеңестиң өзи сайлаған уйымлары мәжилислеринде қатнасыўы, олардың жумысында турақлы түрде қатнасыўы шәрт. Мәжилис еки сессияға жетип келиў имканияты болмаған тәғдирде депутат бул ҳаққында тийисли түрде кеңестиң баслығына яки оның шөлкемлестириўшилерине хабар қылады. Депутатқа Кеңестиң сессиясы шақырылатуғын ўақыт ҳәм өткизилетуғын орын ҳаққында, оларда көрип шығыў ушын киритилетуғын мәселелер ҳаққында белгилеп қойылған мүддетлерде алдын-ала хабар жибериледи, ҳәмде оған усы мәселелер жүзесинен тийисли материалларды алдын-ала көрсетеди. Депутат тийисли Кеңес сессиясында көрип шығылатуғын барлық мәселелерде шешиўши даўыс ҳуқықынан пайдаланады.

Олий Мәжилис ҳәм Кеңес уйымларына сайлаў ҳәм оларға сайланыў. қарап шығыў ушын мәселелер усыныў, күн тәртиби, көрип шығыўға қойылатуғын мәселелерди додалаў тәртиби ҳәм олардың мазмуны бойынша пикир ҳәм усыныслар киритиў, қарар жойбарларын ҳәм оларға дүзетиўлерди усыныў, Кеңес дүзетуғын уйымлардың жеке қурамы ҳәм Кеңес сайлап қоятуғын тайынлайтуғын яки тастыйықлайтуғын лаўазымын шахслардың талабанлары ҳаққында өз пикирин айтыў, сөйлесиўлерде қатнасыў, сораў менен мүрәәт етиў, басшылық етиўшиге сораўлар бериў, жуўап талап қылыў ҳәм жуўапларға баҳа бериў, сөзге шығыў, түсиндирме бериў, сессияда кеңеске бойсыныўшы яки кеңес бақлаўында болған ҳәр қандай уйым ямаса лаўазымлы шахстың есабатын яки мағлыўматын еситиў ҳаққындағы усынысты киритиў, Кеңес дүзген яки сайлаған уйымлар қурамына яки ол тайынлаған, тастыйықлаған лаўазымлы шахсларға исеним билдириў, Кеңес аймағында жайласқан мәмлекетлик ҳәм жәмәәтлик уйымлар, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер тәрепинен Өзбекстан Республикасы нызамларының орынланыўы ҳәм тийисли кеңес қарарларының орынланыўын тексериў ҳаққында усыныслар киритиў, Кеңеслер ҳәм олардың мәжилислериндеги өзлериниң шығып сөйлеген сөзлериниң мазмуны менен олар баспа сөзде жәрияланғанға шекем танысып шығыў, сондай-ақ жәрия етилмейтуғын сөзлерди алып таслаў, пуқаралардың социаллық әҳмийетке ийе усынысларын оқып еситтириў, Кеңес яки оның уйымы қабыллаған қарарға қосылмаған депутат мәжилисте өзиниң айрықша пикирин билдириў ушын үстинлик ҳуқықына ийе. Депутат Кеңесте яки оның уйымлары мәжилисинде додаланып атырған мәселелер бойынша шығып сөйлесе яки даўыс бериўдеги көз-қарасы ушын жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин емес.

Депутат жоқарыда көрсетилген ҳуқықлардан пайдаланған ҳалда, Олий Мәжилис ҳәм Кеңеслер жумысында қатнасып мәмлекет, хожалық ҳәм жәмийетлик мәдений қурылыстың әҳмийетли мәселелерин шешеди, нызамларды ҳәм Кеңеслердиң басқа қарарларын қабыл қылады, мәмлекетлик уйымлар, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң жумысын қадағалап барады.

Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққындағы нызамда депутатлардың сайлаў округлериндеги жумысы менен байланыслы ҳуқық ҳәм миннетлерин белгилеген оған көре депутат сайлаў округинде өз ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын тийисли ҳәкимият ўәкиллик уйымы қадағадаўы астындағы шөлкемлерде өз сайлаў округиндеги пуқаралардың мәплерине тийисли болған ҳәр қандай мәселе көрип шығылыўы ўақтында қатнасыў, округ сайлаўшылары менен жыйналыслар, мийнет жәмәәтлери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, сиясий партиялардың шөлкемлери менен ушырасыўлар өткизиў ҳуқықына ийе болып табылады.

Депутат өзиниң депутатлық жумысына тийисли мәселелер бойынша баспа сөз уйымларына, радио ҳәм телевидение арқалы шығып сөйлеў барысында айрықша ҳуқыққа ийе.

Депутатлық ўәкилликлерин әмелге асырыўға имканият жарататуғын шараят ҳәм қураллар жыйындысы депутатлық жумысының кепилликлери деп аталады.

Депутатлық жумысының кепилликлерин 4 топарға ажыратыў мүмкин: 1) сиясий 2) социаллық-экономикалық 3) шөлкемлестириўи; 4) депутатлық қол-қатылмаслық. Сиясий кепилликлерине Өзбекстан Республикасында орнатылған сиясий система, жәмийеттеги демократиялық институтлар ҳәм Өзбекстандағы ҳәр қыйлы формадағы меншикке тийкарланған ҳәм базар қатнасықларын раўажландырыўға қаратылған экономика киреди.

Социаллық-экономикалық кепилликлерге көре депутатлар, сессия дәўиринде, Кеңеслердиң комитет ҳәм турақлы комиссияларында депутатлар топарлары жумысында қатнасықлары дәўиринде оларды орташа ис ҳақы сақланған жағдайда жумыстан азат қылынады ҳәм депутатлық жумысы менен байланыслы қаржылар тийисли мәмлекетлик бюджет яки жергиликли бюджет қаржылары есабынан өндириледи. Буларға депутаттың транспортта бийпул жүриў ҳуқықын ҳәм пул төленетуғын жыллық отпускаларды көрсетиў мүмикн.

Депутатлық жумысының шөлкемлестириў кепилликлерине оның лаўазымлы шахслар тәрепинен дәрҳал қабыл қылыныў ҳуқықын, депутатқа өзиниң ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын шәраятлар жаратылыўын, депутаттың мүрәжатларын көрип шығыў бойынша лаўазымлы шахслардың миннетлерин көрсетиў мүмкин.

Депутаты нызамсыз ҳәм тийкарланылмаған ҳалда жыйнайый жуўапкершиликке тартылыўынан, қамаққа алыныўынан, суд жолы менен ҳәкимшилик жаза тайынлаўынан қорғаўшы усыллар системасы депутаттың қол-қатылмаслығы деп аталады.

## Тема 8: Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң жумысын шөлкемлестириў.

- Олий Мәжилис нызам шығарыўшы ўәкиллик уйымы ҳәм оның ўәкилликлери.

- Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң мәмлекетлик уйымлар арасындағы тутқан орны.
- Олий Мәжилис баслығы ҳәм оның орынбасарлары.
- Олий Мәжилис тәрепинен қабыл етилетуғын ҳуқықый ҳүжжетлер.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының II-статьясына муўапық Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимиятының системасы ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлиниў принципине тийкарланыўын белгилейди. Әмелде Өзбекстанда „нызам шығарыўшы“, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты ўәкилликлерин бөлистириў принципи избе-из өткерилмекте. Өзбекстан халқы мәмлекет ҳәкимиятының бирден-бир дереги есапланды. Өзбекстан Республикасы Конституциясының 76-статьясына муўапық Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси жоқары мәмлекетлик ўәкилликли уйымы болып, Нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады. Өзбекстан Республикасында бар болған ўәкилликли уйымларыға область, қала ҳәм район халық депутатларының кеңеслери киреди, бирақ бул уйымлар нызам қабыл етиў жумысы менен шуғылланбайды.

Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси қабыл еткен ҳуқықый ҳүжжетлер биринши нәўбетте нызамлар жоқары юридикалық күшке ийе болып, олар басқа мәмлекетлик уйымлар Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети, минисртликлер, концернлер, бирлеспелер ҳәм ҳәкимлердиң ҳуқықый ҳүжжетлерди шығарыўы ушын тийкар болады.Өзбекстан Республикасының Конституциясына муўапық Өзбекстан Республикасының Олий Мәжлиси басқа мәмлекетлик уйымлардың шөлкемлестириў тийкарларын, олардың ҳуқық ҳәм миннетлерин, жумыс алып барыў көлемлерин де белгилеп береди, бул болса Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң республикадағы барлық мәмлекетлик уйымлар системасында айрықша орын ийелегенин көрсетеди.

Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов республика Олий Мәжлисиниң нызам қабыллаў жумысына былай деп баҳа береди: „Республика парламенти нызам шығарыў жумысы менен шуғылланбақта, ол жас ғәрезсиз мәмлекеттиң қәлиплесиўинде ҳуқықый жақтан ҳәр тәреплеме тәмийинлеўге қаратылған“. Ҳақыйқатында да Өзбекстан ғәрезсизликке ериспестен бурын да республика Олий Кенгаши нызам қабыл етиў жумысы менен шуғылланған, бирақ оны ҳәзирги Олий Мәжилистиң нызам қабыл етиў жумысы менен салыстырып қарасақ бир қанша айырмашылықты көремиз. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашиниң он екинши шақырық он үшинши сессиясында „Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында қымбатлы қағазлар ҳәм фонд биржасы ҳаққында, мәмлекет статистикасы ҳаққында, латын жазыўына тийкарланған өзбек әлипбесин жәриялаў ҳаққында, пухаралардың мәмлекетлик пенсия тәмийнаты ҳаққынды“ ҳәм басқа да нызамлар қабыл етилди. Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашиниң он

екинши шақырық он үшинши сессиясының күн тәртибинде отыз мәселе бар еди. Улыўма Олий Кенгаш өз ўәкиллиги дәўиринде еки жүзден артық нызам ҳәм бес жүзден артық қарарлар қабыл етти, бул Олий Кенгаш жумысының оғада нәтийжели болғанлығын көрсетип турыпты.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Нызам шығарыўшы уйым болыўы менен бирге, ол ўәкиллик уйымы да есапланып, бул Олий Мәжилисти шөлкемлестириў тәртибинде көринеди. Өзбекстан Республикасының Жоқары мәмлекет ҳәкимияты уйымы депутатларының саны өзгерип турған. Мысалы, Өзбекстан Республикасының 1976-жылғы Конституциясына көре Республика Олий Совети 510 депутаттан ибарат еди, ол 1992-жылғы Конституциясының 77-статьясына көре Олий Мәжилис 150 депутатдан ибарат қылып белгленеди. 12-шақырық Кеңесиниң 14-сессиясында депутатлардың санын Конституциясында көрсетпесликке қарар қылынады, республика халқы санынан келип шығып 250 депутат белгиленди. Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси аймақлық сайлаў округлери бойынша көп партиялық тийкарында 5 жыл мүддетке сайланатуғын 250 депутаттан ибарат. Сайлаў күнине шекем 18 жасқа толған пуқаралар сайлаў ҳуқықына 25 жасқа толған Өзбекстан пуқаралары Олий Мәжилиске сайланыў ҳуқықына ийе.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 78-статьясында нәзерде тутылған Олий Мәжилистиң тиккелей ўәкилликлерине төмендегилер киреди.

Өзбекстан Республикасының Олий Мәлисиниң мәмлекетлик қурылыс саласындағы ўәкилликлери;

Өзбекстан Республикасының Конституциясын қабыл етиў, оған өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў;

Өзбекстан Республикасы Президентиниң усынысына муўапық бир қатар мәмлекетлик уйымлар дүзиў, олардың басшыларын тайынлаў ҳәм ўазыйпасынан азат етиў;

Өзбекстан Республикасы Президентиниң усынысына муўапық бир қатар мәмлекетлик уйымлар дүзиў ҳәм оларды тарқатыў, олардың басшыларын тайынлаў ҳәм лаўазымларынан азат етиў туўралы пәрманларын тастыйықлаў.

Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси мәмлектимиздиң „жоқары ўәкиллик уйымы“ деген түсиник ҳаққында профессор Р.Қ.Қаюмов айрықша тоқталып төмендегилерди жазады:“Жоқары ўәкиллик уйымы халықтың сайлап қойылған ўәкилликлери болып, олар тийкарынан нызам шығарыў менен шуғылланады. Бул уйым ўәкиллериниң тийкарғы ҳәрекети халық қәлеўин билдириўден ибарат. Олий Мәжилис депутатлары оларды сайлап қойған халық алдында есап береди.Халық қәлеўи-усы жоқары шөлкем шығаратуғын ҳүжжетлерде-Конституция, конституциялық ҳәм басқа нызамлар, қарарлар сыяқлы…ҳүжжетлерде өз көринисин табады[3]„

[1] Қаюмов Р.Қ. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи.-Т: Адолат, 1998, 313-бет.

„Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳаққында“ғы нызамның 4-статьясында Олий Мәжилистиң ўәкилликлери берилген болып, олар төмендегилерден ибарат:

1)Өзбекстан Республикасының Конституциясын қабыллаў, оған өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў;

2)Өзбекстан Республикасы нызамларын қабыллаў ҳәмде оларға өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў;

3)Өзбекстан Республикасы ишки ҳәм сыртқы сиясатының тийкарғы бағдарларын белгилеў ҳәм мәмлекеттиң стратегиялық дәстүрлерин қабыллаў;

4)Өзбекстан Республикасының нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятлары системасын ҳәмде ўәкилликлерин белгилеў;

5)Өзбекстан Республикасы қурамына жаңа мәмлекетлик дүзилмелерин қабыллаў ҳәм олардың Өзбекстан Республикасы қурамынан шығыўы ҳаққындағы қарарларын тастыйықлаў;

6)бажы, валюта ҳәм кредит ислерин нызам жолы менен тәртипке салыў;

7)ҳәкимшилик-аймақлық дүзилис мәселелерин нызам жолы менен тәртипке салыў, Өзбекстан Республикасының шегараларын өзгерттириў;

8)Министрлер Кабинетиниң усынысына тийкарланып, Өзбекстан Республикасының бюджетин қабыл қылыў ҳәм оның орынланыўын қадағалаў, салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди жәриялаў;

9) Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине ҳәм жергиликли ўәкиллик уйымларына сайлаў тайынлаў; Орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў;

10) ўәкиллиги тамамланыўы менен Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаў күнин тайынлаў;

11) Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Баслығын ҳәм оның орынбасарларын сайлаў;

12) Өзбекстан Республикасы Конституциялық судын сайлаў;

13) Өзбекстан Республикасы Жоқары судын сайлаў;

14) Өзбекстан Республикасы Жоқары хожалық судын сайлаў;

15) Өзбекстан Республикасы Президентиниң усынысына муўапық, Өзбекстан Республикасы Тәбиятты қорғаў мәмлекетлик комитетиниң баслығын тайынлаў ҳәм ўазыйпасынан азат етиў;

16) Өзбекстан Республикасы Президентиниң Бас Ўәзир, оның биринши орынбасары ҳәм орынбасарларын, Министрлер Кабинети ағзаларын тайынлаў ҳәм лаўазымнан азат етиў ҳаққындағы пәрманларын тастыйықлаў;

17) Өзбекстан Республикасы Президентиниң Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры ҳәм оның орынбасарларын тайынлаў ҳәм лаўазымларынан азат етиў ҳаққындағы пәрманларын тастыйықлаў;

18) Өзбекстан Республикасы Президентиниң усынысына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық банки басқарыўының баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымнан азат етиў;

19) Өзбекстан Республикасы Президентиниң ўәзирликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа мәмлекетлик басқарыў уйымларын дүзиў ҳәм тоқтатыў ҳаққындағы пәманларыне тастыйықлаў;

20) Өзбекстан Республикасы Президентиниң улыўма бағдар жәриялаў, айрықша жағдай жәриялаў, оның мүддетин узайттырыў ҳәм тоқтатыў ҳаққындағы пәрманларын тастыйықлаў;

21) халық аралық шәртнамаларды ҳәм питимлерди ратификация ҳәм денонсация қылыў;

22) мәмлекетлик сыйлықлар ҳәм атақларды шөлкемлестириў;

23) районлар, қалалар, областьларды дүзиў, тамамлаў, атын өзгерттириў ҳәм олардың шегараларын өзгерттириў;

24) усы Конституцияда нәзерде тутылған басқа ўәкилликлерди әмелге асырыў.

Конституцияда белгиленгениндей, Республика Президенти Олий Мәжилиси ҳәр жылы мәмлекет ишки ҳәм халық аралық аҳўалы ҳаққындағы мағлыўмат усынады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси жумыс алып барыўының тийкарғы шөлкемлесиўшилик формасы-сессия есапланады.Сессиялар Олий Мәжилис депутатларының улыўма мәжилисинде ашылады ҳәм сол түрде жабылады.Олий Мәжилис сессиялары Олий Мәжилис Баслығы тәрепинен зәрүрлигине қарап, бир жылда кеминде еки рет шақырылады.

Олий Мәжилистиң сессияларда халық хожалығы жобалары, мәмлекетлик бюджет ҳаққындағы халық-хожалығын басқарыў ҳаққындағы, Өзбекстан Республикасы пуқараларын материаллық тәмийинлеў ҳәм мәдений жетискенлигин асырыў ҳаққында нызамлар кирип шығылады ҳәм қабылланады. Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси ҳаққындағы нызамның 8-статьясына муўапық гезектен тысқары сессияларда шақырыў мүмкин. Гезектен тысқары сессиялар Олий Мәжилис баслығы тәрепинен оның басламасы менен Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарарларын Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ямаса Олий Мәжилис депутатлары кеминде үштен бир бөлегиниң усынысы менен шақырылады. Сессия-бул Олий Мәжилистиң улыўма күн тәртибине ийе болған мәжилислери Олий Мәжилис жыйналысы барлық депутатлардың кеминде үштен еки бөлеги қатнасқанда ўәкилликли есапланады. Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳәм оның уйымлары жыйналысында Өзбекстан Республикасы Президенти, Бас Министр, Министрлер Кабинетиниң ағзалары, Конституциялық суд, Жоқарғы суд, Жоқарғы Хожалық судының баслықлары, Бас прокурор, Орайлық банк баслығы қатнасыўы мүмкин.

Ўәкиллик мүддети тамамланғаннан кейин Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси жаңа шақырық Олий Мәжилиси ис баслағанға шекем өз ўәкиллигин сақлап қалады. Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилисиниң сайлаўдан кейинги биринши жыйналысы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўдан кейин еки айдан кешиктирилмей шақырылады.

Олий Мәжилистиң сессиясы қайерде ҳәм қашан өткизилиўи ҳаққындағы, сондай-ақ сессияға келетуғын депутатлар қайерде ҳәм қашан дизимге алыныўы ҳаққындағы хабар сессия ашылыўынан keминде үш күн алдын республика ҳәм область газеталарында жәрияланады, телевидение ҳәм радио арқалы оқып еситтириледи. Олий Мәжилистиң мәжилислери ашық түрде өткизиледи.Олий Мәжилистиң қарарына муўапық, гей бир жағдайларда жабық мәжилис өткизилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 83-статьясында Өзбекстан Республикасының Олий Мәжлиси қабыл етиўи мумкин болған ҳуқықый ҳүжжетлердиң түрлери айқын көрсетилип, оларға нызамлар, қарарлар ҳәм басқа ҳүжжетлер киреди. Усы статьяда ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етиўдиң тийкарғы шәртлери де көрсетилген. Нызамды қабыллаў ушын Олий Мәжилис депутатының даўысы талап етиледи. Қабылланған Нызамлардың ҳәм басқа нормативлик ҳүжжетлердиң баспа сөзде жәрияланыўы олар қолланылыўының мәжбүрий шәрти болып есапланады.

Олий Мәжилис қабыл ететуғын ҳуқықый ҳүжжетлер арасында нызамлар жоқары юридикалық күшке ийе. Мәмлекет уйымлары қабыл ететуғын барлық ҳүжжетлер Олий Мәжилис нызамларына сәйкес болыўы шәрт.

Олий Мәжилис қабыл етиўи мумкин болған ҳуқықый ҳүжжетлердиң бир түри қарарлар есапланып, Олий Мәжилис қарарлары нормативлик характерге ийе болмайды. Қарарлар мәмлекет уйымларын дүзиў бойынша ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын тастыйықлаў бойынша қабыл етилиўи мумкин.

Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилисинде мәмлекет, экономика ҳәм социаллық - мәдений қурылыс мәселелерин додалаған жағдайда да қарарлар қабыл етиледи, буннан тысқары Олий Мәжилис муражатнамалар ҳәм баянатнамалар да қабыл етеди.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң жумысын шөлкемлестириў ҳәм оның жыйналысларын алып барыў Өзбекстан Республикасының Конституциясы, Олий Мәжлис ҳаққындағы конституциялық нызам ҳәм Олий Мәжилистиң ўақтынша ис тәртибине муўапық Олий Мәжилис баслығы ҳәм оның орынбасарларына жүклетиледи. Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилис баслығы ҳәм оның орынбасарлары Олий Мәжилис депутатлары арасынан Олий Мәжилис ўәкиллиги мүддетине жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң баслығы ҳәм оның орынбасарлары Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилисине ҳәр жылы есап берип турады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң баслығы Олий Мәжилистиң қарап шығыўына қойылатуғын мәселелерди таярлаўға улыўма басшылық етеди. Олий Мәжилис жыйналысларын шақырады. Олий Мәжилистиң күн тәртибине киргизилетуғын усынысларды комитетлер ҳәм комиссиялардың баслықлары

менен биргеликте таярлайды. Олий Мәжилис комитетлери ҳәм комиссияларының жумысын муўапықластырып турады, нызамлардың ҳәм Олий Мәжилис қарарларының қадағаланыўын шөлкемлестиреди, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң қарарларын тастыйықлайды.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң баслығы Олий Мәжлис депутатларының үштен еки бөлегинен ибарат көпшилигиниң жасырын даўыс бериўи арқалы мүддетинен бурын шақырып алыныўы мумкин.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң жумысын шөлкемлестириўде Олий Мәжилис Кенгаши әҳмийетли орын тутады. Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси ҳаққындағы конституциялық нызамға муўапық Олий Мәжилистиң жумысын шөлкемлестириў ҳәмде усы нызамда нәзерде тутылған басқа ўәкилликлерди әмелге асырыў ушын биринши сессияда Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Кенгаши дүзиледи. Кенгаш қурамына Олий Мәжилис баслығы, баслықтың орынбасарлары, комитетлердиң, мандат комиссиясының баслықлары ҳәм Олий Мәжилис рәсмий блок ҳәм фракцияларының ўәкилликлери киреди. Олий Мәжилис ҳаққындағы конституциялық нызамда Олий Мәжилис Кенгашиниң ўәкилликлери белгиленген.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсиз мәмлекетлер дослық аўқамының ҳақыйқый ағзасы Өзбекстан Репсубликасының парламенти Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси есапланып, ол ҒМДА ға кириўши мәмлекетлер парламентлери менен турақлы түрде байланыслар орнатқан. Ғәрезсиз мәмлекетлердиң дослық аўқамы уставының 36-статьясына муўапық усы мәмлекетлердиң парлементлери өз-ара бирге ислеўшиликти парламентлер аралық Ассамблея арқалы әмелге асырады.

Парламентлер аралық Ассамблея парламентлер арасында мәсләҳәтлер өткереди, дослық аўқамы көлеминде өз-ар байланыс мәселелерин ислеп шығады, миллий парламентлер жумысы көлеминде бирликте усыныслар ислдеп шығыўды шөлкемлестиреди.

Ғәрезсиз мәмлекетлердиң дослық аўқамы Уставының 37-статьясына муўапық парламентлер аралық ассамблея усы мәмлекетлер парламентлериниң делегацияларынан ибарат.

Парламентлер аралық Ассамблеяның жумысының тийкарын парламентлер аралық ассамблеяның кеңеси дүзеди. Парламентлер аралық Ассамблеяның жумысын шөлкемлестириў тәреплерин Ассамблеяның Регламенти - Ис тәртиби менен әмелге асырады.

## Тема 9. Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлисиниң Комитет ҳәм Комиссияларының жумысын шөлкемлестириў.

- Комитет ҳәм комиссиялар жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары.

- Комитет ҳәм комиссиялардың функциялары.
- Комитет ҳәм комиссиялар жумысының шөлкемлестириў түрлери ҳәм усыллары.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлисиниң комитет ҳәм комиссиялары Олий Мәжилистиң ўәкиллик уйымы сыпатында ҳәм нызам шығарыў саласындағы жумысын әмелге асырыўда олардың комитет ҳәм комиссиялары үлкен әҳмийетке ийе.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң комитет ҳәм комиссиялары жумысының ҳуқықый тийкары болып, Өзбекстан Республикасының Конституциясы, Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси туўралы конституциялық нызам, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң екинши сессиясында қабыл етилген Олий Мәжлистиң Ис Режеси ҳәм Олий Мәжилистиң комитет ҳәм комиссиялары ҳаққындағы нызамлар есапланады.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына тийкарланып, Олий Мәжилис нызамлар, қарарлар жойбарын таярлаў исин алып барыў, Олий Мәжилис додалаўына усынылатуғын мәселелерди дәслепки түрде көрип шығыў ҳәм таярлаў, нызамлар ҳәм парламент қарарларын әмелге асырыўға көмеклесиў ҳәм олардың орынланыўын қадағалап турыў ушын депутатлар арасынан комитетлер ҳәм комиссиялар сайлайды. Комитетлер ҳәм комиссиялар мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллик уйымы болған Олий Мәжилистиң нәтийжели ҳәрекет көрсетиўине көмеклесиўши буўын болып, олар Олий Мәжилис тәрепинен парламент ўәкиллик мүддети дәўиринде дүзиледи.Комитетлер ҳәм комиссиялардың баслықлары,орынбасарлары ҳәм хаткерлери өз ҳәрекетлерин, қағыйда түринде, турақлы түрде әмелге асырады ҳәм өз ўәкилликлери дәўиринде ҳақы төленетуғын басқа қандайда бир лаўазымды ийелеўлери, исбилерменлик ҳәрекетлери менен шуғылланыўлары нызам менен қадаған етилген. Комитетлер ҳәм комиссиялар қурамына Олий Мәжилис баслығы ҳәм оның орынбасарлары сайланыўы мүмкин емес.

Комитетлер ҳәм комиссиялардың мәжилислери, оларда қатнасыўшылар яғный комитет ҳәм комиссия қурамының кеминде ярымы болса ғана ўәкилликли есапланады. Комитетлер ҳәм комиссиялар ағзаларының саны 19 дан 32 ге шекем өзгерип турады.

Комитетлер ҳәм комиссиялардың мәжилислери қағыйдаға тийкарланып, ашық түрде өткизиледи. Олий Мәжилистиң комитет ҳәм комиссияларында барлық мәселелер олар ағзаларының көпшилик даўысы менен шешиледи.

Олий Мәжилистиң комитет ҳәм комиссиялар ҳаққындағы нызамында комитет ҳәм комиссиялардың тийкарғы ўазыйпалары белгиленген. Оларға: бириншиден, Өзбекстан Республикасы нызамларының ҳәм Олий Мәжилистиң басқа қарарларының жойбарларын таярлаў, екиншиден, Олий Мәжилис ўәкиллик көлемине кириўши мәселелерди дәслепки түрде көрип шығыў ҳәм оларды таярлаў

ҳәм үшиншиден, Өзбекстан Республикасының нызамларын ҳәм Олий Мәжилис тәрепинен қабыл етилген басқа ҳүжжетлерди турмыста қолланыўда көмеклеседи.

Бул ўәкилликлерди әмелге асырыў ушын сессияларда ҳәм Олий Мәжилис Кенгашинде баянатлар жасайды, қандайда бир нызам жойбарын ислеп шығыў зәрүрлиги туўралы усынислар менен шығады ҳәм нызам жойбарларын ғәрезсиз түрде ислеп шығады. Булардан тысқары турақлы комиссиялар нызам ҳүжжетлерин турмыста қолланыў тәжирийбесин үйренеди ҳәм зәрүр жағдайларда әмелдеги ҳуқықый ҳүжжетлерге өзгерислер киргизиўди сорап өтиниш етиўи мумкин, мәмлекетлик уйымлар тәрепинен берилген ҳуқықый ҳүжжетлерге жуўмақ шығарып береди.

Олий Мәжилис Комитети ҳәм турақлы комиссиялардың ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири Олий Мәжилис нызамлары ҳәм басқа ҳүжжетлердиң орынланыўын қадағалаў ҳәм олардың турмысқа асырылыўына көмеклеседи, сондай-ақ өз ўәкилликлерин турмысқа асыра отырып, министрликлер, хожалық шөлкемлериниң жумысын тексереди, орайлық ҳәм жергиликли уйымлардан, шөлкемлер ҳәм кәрханалардан керек болған есабатлар ҳәм мағлыўматлар, қәнийгелердиң жуўмақларын алыўы мумкин.

Ҳәзирги Олий Мәжилис қурамында мандат, турақлы комиссиядан тысқары төмендеги комитетлер жумыс алып бармақта.

1. Бюджет, банк ҳәм финанс мәселелери комитети
2. Илим, билим, мәдeният ҳәм спорт комитети
3. Қоршаған орталық ҳәм тәбиятты қорғаў комитети
4. Экономикалық реформалар ҳәм исбилерменликти раўажландырыў комитети
5. Санаат, энергетика, транспорт, байланыс ҳәм халыққа хызмет көрсетиў комитети
6. Қурылыс ҳәм турақ жай коммунал хожалық комитети
7. Нызамшылық ҳәм суд-ҳуқық мәселелери комитети
8. Аграр, суў хожалығы мәселелери ҳәм азық-аўқат комитети
9. Баспа сөз ҳәм хабар комитети
10. Халық аралық ислер ҳәм парламентлер аралық байланыслар комитети
11. Мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў комитети
12. Қорғаныў ҳәм қәўипсизлик комитети

Комитет ҳәм Комиссиялардың қурамы ҳәм олардың саны Олий Мәжлис тәрепинен белгиленеди. Олий Мәжилис өз ўәкиллиги даўамында зәрүрлик туўылса жаңа комитет ҳәм комиссиялар дүзиўи, алдын дүзилгенлерин тарқатыўы яки өзгертириўи, комитет ҳәм комиссиялар қурамын өзгертиўи мумкин.

Комитет ҳәм комиссиялардың баслығы, баслығының орынбасары, хаткери ҳәм ағзалары қурамында ашық даўыс бериў жолы менен сайланады. Олий Мәжилис комитетиниң ҳәм комиссияларының баслықлары ҳәм баслық орынбасарлары ҳәм хаткерлер өз жумысын турақлы түрде алып барады ҳәм өз ўәкилликлери

даўамында басқа ҳақы төленетуғын лаўазымды яки исбилерменлик жумысы менен шуғылланыўы мумкин емес.

Хожалық ҳәм социаллық мәдений қурылыс тармақлары бойынша дүзилген комитетлер Олий Мәжилис сессиясында халық хожалығын раўажландырыўдың мәмлекетлик жобаларының келеси жыл бюджети ҳәм басқа мәселелерди додалаў ўақтында депутатлар басқа комитетлер тәрепинен киргизилген усыныс ҳәм сын пикирлерин әмелге асырыўды қадағалайды. Бунда комитетлер айрықша итибарды Олий Мәжилиске киргизилип атырған мәселени таярлаўдың қалай баратырғанлығына қаратады. Олий Мәжилис комитет ҳәм комиссияларға өз жумысын өзлери тәрепинен дүзилетуғын жобалар, Олий Мәжилис, Олий Мәжилис баслығы ҳәм Олий Мәжилис кеңесиниң тапсырмалары тийкарында шөлкемлестиреди.Олий Мәжилис комитет ҳәм комиссиялары мәселелерди тереңирек үйренип шығыў мақсетинде жумыс топарларын дүзиўи мумкин. жумыс топарларының қурамына Олий Мәжилис депутатларынан тысқары министрликлер, мәмлекетлик комитетлерди, мәкемелерди, басқа мәмлекетлик уйымларды, мәмлекетлик комитетлерди ҳәм жәмийетшилик бирлеспелериниң ўәкилликлерин, алымлар ҳәм қәнийгелерди киргизиўи мумкин. Егерде мәселе бир неше комитет, комиссия ўәкиллигине байланыслы болса, қоспа жумыс топары дүзилиўи мумкин.

Олий Мәжилис ҳуқықый ҳүжжетлердиң әмелге асырылыўына көмеклесиўдиң әҳмийетли формасы, комитет ҳәм комиссияларды таярлық ҳәм қадағалаў жумысы процессинде таярлаған мәмлекетлик уйымларға, шөлкемлерге бағдарланған усыныс болып табылады. Булар басқарыў аппаратының жумысын жақсылаў, материаллық қорлардан нәтийжели пайдаланыў, санаат ҳәм аўыл хожалығын раўажландырыўға қаратылған усынıслар болыўы мумкин. Олий Мәжилистиң комитет ҳәм комиссиялары қадағалаў функцияларын орынлаў процессинде ҳәр қыйлы республика, ҳәм жергиликли уйымлар менен беккем байланыс орнатады. Өз усынысларын оларға тиккелей жибериўи мумкин. Усынıслар қарар түринде рәсмийлестириледи. Олий Мәжилис комитетиниң ҳәм комиссияларының қарарлары мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмәәт бирлеспелери тәрепинен көрип шығылады шығылыўы шәрт. Көрип шығыў нәтийжелери ҳәм көрилген шара-илажлар туўралы комитет ҳәм комиссиялар 1 айдан кешиктирместен хабар қылыныўы лазым. Комитет ҳәм комиссиялар өз жумысын сессия дәўиринде ҳәм сессиялар аралығындағы дәўирде де алып барады. Олар жумысының тийкарғы, шөлкемлестириў формасы олардың мәжлиси болып табылады. Комитет ҳәм комиссиялардың Олий Мәжилис сессиясына қатнасыў формасы болса нызам жойбарларын киргизиў, көрилип атырған мәселелер бойынша қосымша усынıслар береди.

Комитет ҳәм комиссиялардың баслықлары комиссия исин шөлкемлестиреди ҳәм бағдарлайды. Комиссиялардың өзлери, өз ағзалары арасында ўазыйпаларды белгилейди, өзлериниң ишки жумыс уйымларын ҳәм шөлкемлестириў топарларын

дүзеди, жобасын дүзеди, ўақытша нызам тәрепинен белгиленген ўазыйпалар көлеминде өз ўазыйпаларын әмелге асырыўдың ең мақул болған форма ҳәм усылларын белгилейди. Комитет ҳәм комиссия ағзалары яки оның баслығының айрықша тапсырмаларынорынлайды, орынларда комиссия жиберген жойбарлар ҳәм басқа материаллардың додаланыўын шөлкемлестиреди. Жергиликли тәжрийбени улыўмаластырады. Комитет ҳәм комиссиялар реже бойынша ислейди, Комитет ҳәм комиссиялардың жумысы реже тийкарында шөлкемлестириў талабы комитет ҳәм комиссиялар ҳаққындағы ўақтынша режеде бекитилген. Әдетте режеге қосымша ҳәм комиссия тәрепинен таярланыўы лазым болған мәселелер дизими олар бойынша ис алып барыў тәртиби, комитет ҳәм комиссияның шөлкемлестириў илажлары мәжлислер, жумыс топарларының иси, ҳәр қыйлы ҳүжжетлерди таярлаў, орынларда өткерилиўи лазым болған мәжлислер ҳәм конференциялар, мәмлекетлик уйымлар ўәкиллериниң хабар ҳәм мәлимлемелерин еситиў, комитет ҳәм комиссия усыныс ҳәм пикирлердиң орынланыўын қадағалаў киргизиледи.

Комитет ҳәм комиссиялардың жобалары бир жылға дүзиледи, бирақ усы жоба көлеминде көп жағдайларда ярым жыллық, үш айлық жобаларда дүзиледи. Буннан тысқары комитет ҳәм комиссиялар усы жылы көрилип шығылыўы шәрт болған мәселелер дизимин де тастыйықлайды

Комитет ҳәм комиссиялар жумысын шөлкемлестириўдиң өзине тән әҳмийети оларда жумыс топарларының барлығынан ибарат. Олий Мәжилис комитет ҳәм комиссиялары мәселелерди тереңирек үйренип шығыў мақсетинде жумыс топарларын дүзиўи мумкин. Олар комиссияның жумыс уйымы болып, көрилетуғын мәселелерди избе-излилик пенен ҳәр тәреплеме таярлаўды тәмийинлейди, жумыс топарлары комитет ҳәм комиссиялардың өзлери тәрепинен баслық, баслықтың орынбасары, хаткер ҳәм ағзалары қурамында сайланады. Олардың қурамына тек комитет ҳәм комиссиялардың ағзалары сайланып қоймастан, басқа депутатлар да мәмлекетлик уйымлардың, жәмәәт бирлеспелериниң ўәкиллери, илимий хызметкерлер, қәнигелер де сайланады. Жумысшы топарлардың ағзалары саны ҳәр қыйлы болады. Бул көрилиўи лазым болған мәселениң көлеми ҳәм әҳмийетине байланыслы болады.

Олий Мәжилистиң жумыс тәжрийбеси Олий Мәжлистиң комитет ҳәм комиссияларының исин муўапықластырыўдың ҳәр қыйлы түрин ҳәм усылларын жүзеге келтиреди, комитет ҳәм комиссиялардың қоспа мәжлислери, бир неше комитет ҳәм комиссиялар ушын бир жумыс топарын дүзиў, улыўма жумыс режелерин дүзиў, Олий Мәжилисте көрип шығыў ушын усыныс ҳәм жойбарларды бирликте киргизиў ҳ.т.б. Бир неше комитет ҳәм комиссиялардың бирликтеги жумыслары сонда көринеди, көпшилик жағдайларда нызам жойбарлары бир неше комитет ҳәм комиссиялар тәрепинен киргизиледи, бир неше комитет ҳәм комиссиялар бирликте баянат ҳәм қосымша баянатлар жасайды. Комитет ҳәм комиссиялардың қоспа мәжлислеринде сол комитет ҳәм комиссия ағзаларының

бирликте даўыс бериўи менен шешиледи, көпшилик жағдайларда бөлек-бөлек даўыс бериў шөлкемлестирилиўи де мумкин.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң комитет ҳәм комиссияларының жумысына шөлкемлестириў, техникалық ҳәм басқа хызметлер көрсетиў Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң секретариаты тәрепинен көрсетиледи. Комитет ҳәм комиссиялар жумысын шөлкемлестириў ушын зәрүрли болған материалларды таярлайды, мәмлекетлик уйымлардан жәмәәтлик бирлеспелерден, пуқаралардан келип түскен усыныс ҳәм пикирлерден хабардар етеди.

## Тема 10: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ўәкилликлери.

- Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Жоқары мәмлекетлик хәкимият уйымы.
- Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң тийкарғы ўәкилликлери.
- Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет ҳәм комиссияларының тийкарғы жумыс бағдарлары.
- Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығының ўазыйпалары.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Нызам шығарыў ҳәкимиятын әмелге асыратуғын Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси жоқары мәмлекетлик ҳәкимият уйымы болып табылады. Ол республикамыздағы көп миллетли халықтың ўәкили болып табылады ҳәм улыўма, тиккелей, еркин сайлаў жолы менен қәлиплеседи. Конституция Жоқарғы Кеңестиң жумысынның тийкарғы бағдарын-нызам дөретиўшилик деп көрсетеди. Жоқарғы Кеңестен басқа ҳеш қандай уйым нызам шығарыў ҳуқықына ийе емес. Нызамлар жоқарғы юридикалық күшке ийе ҳәм Қарақалпақстан Республикасында ҳәрекет етеди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ғалаба сайлаў ҳуқық тийкарында 5 жыл мүддетке сайланады. Жоқарғы Кеңес бир мандатлық сайлаў округлеринен көп партиялық тийкарында сайланатуғын 86 депутаттан ибарат. Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңеси депутат болып сайланыўы ушын талабанлар Қарақалпақстан Республикасының пуқарасы болыўы керек ҳәм сайлаў күнине дейин 25 жасқа толыўы керек.

“Қастан жынаят ушын бурын судланған пуқаралар; сайлаў тайынланған күнге дейин соңғы бес жыл даўамында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағында турақлы жасамаған пуқаралар; Өзбекстан Республикасы қураллы күшлериниң әскерий хызметкерлери; миллий қәўипсизлик хызмети; ишки ислер Министрлиги ҳәм басқа әскерийлестирилген бөлимлердиң хызметкерлери; диний шөлкемлер ҳәм бирлеспелердиң маман қәнийгелиги хызметкерлери депутатлыққа

талабан етип дизимге алынбайды“. (“Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында„ғы нызамының 25 ст.).

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң айрықша ўәкилликлерине төмендегилер тийисли:

1) Қарақалпақстан Республикасының Конституциясын қабыл етиў, оған өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў;

2) Қарақалпақстан Республикасының нызамларын қабыл етиў, оларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў, Қарақалпақстан Республикасының нызамларына түсиник бериў;

3) экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўдың мәмлекетлик стратегиялық программаларын қабыл етиў;

4) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баслығын ҳәм оның орынбасарын сайлаў;

5) Қарақалпақстан Рыспубликасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумын дүзиў;

6) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының усыныўы бойынша Өзбекстан Республикасы Президентиниң келисими менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

7) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ағзаларын лаўазымына тайынлаў ҳәм босатыў, Қарақалпақстан Республикасының министрликлерин, мәмлекетлик комитетлерин ҳәм басқада мәмлекетлик басқарыў уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў;

8) Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық бақлаў комитетин, Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Судын, Қарақалпақстан Республикасының Хожалық Судын сайлаў;

9) районлық, қалалық судлардың судьяларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

10) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының усынысы бойынша Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының келисими менен, Қарақалпақстан Республикасы Прокурорын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

11) Қарақалпақстан Республикасы Тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитетиниң баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

12) Халық депутатлары жергиликли Кеңеслериниң шешимлерин тоқтатып қойыў ҳәм бийкарлаў;

13) ҳәкимшилик аймақлық дүзилис мәселелерин нызамлар менен ретлестириў;

14) республикалық ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилеў;

15) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң усынысы менен Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджетин тастыйықлаў ҳәм оның орынланыўы бойынша есапларын тастыйықлаў;

16) Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик сыйлықларын ҳәм ҳүрметли атақларын шөлкемлестириў;

17) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине ҳәм жергиликли ўәкилликли уйымларға сайлаўлар белгилеў, Орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў;

18) Өзбекстан Республикасының жоқары мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары актлериниң Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапықлығы ҳаққында Өзбекстан Республикасы Конституциялық Судына усыныслар бериў;

19) Конституцияда нәзерде тутылған басқада ўәкилликлерди әмелге асырыў.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң жумысында нызамшылықты тәмийнлеў талапларының бири тийисли ўәкилликлерди, яғный оның ислеўи зәрүр болған бир қатар мәселелерди белгилеў. Усындай мәселелер Қарақалпақстан Республикасының Конституциясының 70-статьясында белгиленген.

Жоқарғы Кеңес жумысының бағдары ҳәм мазмуны оның миннетлеринде әдеўир толық көринеди. Жоқарғы Кеңес өзиниң жумысын бир неше бағдар бойынша алып барады: бириншиден, нызам шығарыў ҳым басқа да нызам дөретиўшилик жумысы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Конституция ҳәм нызамларды қабыллайды, оларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизеди. Сондай-ақ Жоқары нызам шығарыўшы уйым сыпатында нызамларға түсиник береди.

Екиншиден, қадағалаў ҳәм байланыстырыў жумысын алып барады. Бул жумыстың барысында Жоқарғы Кеңес өзине есап беретуғын ҳәм жумысын шөлкемлестиретуғын уйымларды дүзеди, Жоқарғы Кеңестиң Баслығын сайлайды, комиссияларды ҳәм комитетлерди дүзеди.

Жоқарғы Кеңестиң ўәкилликлерине және төмендегилер тийисли:

1) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығының усыныўы бойынша Өзбекстан Республикасының Президентиниң келисими менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

2) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ағзаларын лаўазымына тайынлаў ҳәм босатыў, Қарақалпақстан Республикасы министрликлерин, мәмлекетлик комитетлерин ҳәм басқада мәмлекетлик басқарыў уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў;

3) Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық бақлаў комитетин, Қарақалпақстан Республикасының жынаят ҳәм пухаралық ислер бойынша Жоқарғы Судларын, Қарақалпақстан Республикасының Хожалық Судын сайлаў;

4) районлық, қалалық судлардың судьяларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

5) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының усынысы бойынша Өзбекстан Республикасы бас прокурорының келисими менен, Қарақалпақстан Республикасы Прокурорын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

6) Қарақалпақстан Республикасы Тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитетиниң баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў.

Жоқарғы Кеңес жергиликли кеңеслердиң жумысларын байланыстырады, олардың шешимлерин тоқтатып қояды ҳәм бийкарлайды.

Ҳәкимшилик аймақлық мәселелери нызам менен тәртиплестириледи. Жоқарғы Кеңестиң бул ўәкиллиги айрықша ўәкилликлер қатарына киреди.

Жоқарғы Кеңестиң айырым ўәкилликлери сайлаўлар өткериў менен байланыслы. 70-статьяның 17- пунктине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине ҳәм жергиликли ўәкилликли уйымларға сайлаўлар белгилеў, орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў Жоқарғы Кеңестиң ўәкиллигине киреди.

18- пунктте бекитилген Жоқарғы Кеңестиң ўәкилликлери айрықша әҳмийетке ийе. Онда Жоқарғы Кеңестиң Өзбекстан Республикасы Жоқарғы мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары ҳәм актлериниң Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапықлығы ҳаққында Өзбекстан Республикасы Конституциялық Судына усыныслар бериў ҳуқықы бекитилген.

Бул ҳуқық тек Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимияттың жоқарғы ўәкилликли уйымына берилген.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жумысының шөлкемлестириў формасы сессия болып табылады.

Жоқарғы Кеңестиң сессиясы жылына еки мәртеден кем шақырылмайды. Гезексиз сессия Жоқарғы Кеңестиң баслығы тәрепинен оның басламасы ямаса Жоқарғы Кеңес депутатларының ең кеминде үштен бириниң усынысы бойынша шақырылады. Жоқарғы Кеңестиң мәжилиси жумысына барлық депутатлардың улыўма санының кеминде үштен екиси қатнасса толық ҳуқықлы болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳәм оның уйымларының мәжилислеринде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң баслығы ҳәм оның орынбасарлары, министрлер, мәмлекетлик комитетлердиң баслықлары, басқада мәмлекетлик басқарыў уйымларының басшылары, Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитетиниң баслығы, Жоқарғы Судтың баслығы, Хожалық судының баслығы , Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Баслығы ҳәм оның орынбасарлары қатнасыўы мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси бес жыл мүддетке сайланады ҳәм усы мүддет питкеннен кейин жаңа шақырық республика Жоқарғы Кеңесиниң жумысы басланғанға шекем даўам етеди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң сайлаўлардан кейинги биринши мәжилиси Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўлардан кейин еки айдан кешиктирилмей шақырылады. Жоқарғы Кеңестиң Баслығы сайланғанға

шекем жаңа шақырық республика Жоқарғы Кеңесиниң биринши мәжилисин Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы алып барады.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 75-статьясы нызам дөретиўшилик процесстиң биринши басқышы- нызам жойбарын парламенттиң қараўына усыныўын тәртиплестиреди. Бул ҳуқық тек Қарақалпақстан Республикасы депутатларына, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине, Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитетине, Жоқарғы Судына, Хожалық Судына, Прокурорға берилген.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси нызамлар, қарарлар ҳәм басқада актлер қабыл етеди. Нызамды қабыл етиў ушын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң барлық депутатларының көпшилик даўысы талап етиледи. Қарақалпақстан Республикасының нызамларын ҳәм Жоқарғы Кеңесиниң басқада нормативлик актлерин баспа сөзде жәриялаў, оларды қолланыўдың миннетли шәрти болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси нызам жойбарларын таярлаў жумысын жүргизиў, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң талқылаўына усынылатуғын мәселелерди алдын-ала қарап шығыў ҳәм таярлаў, нызамлардың ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң басқада шешимлериниң орынланыўын қадағалаў ушын депутатлар арасынан комиссиялар ҳәм комитетлер сайлайды.

Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси зәрүр жағдайларда турақлы ямаса ўақытша депутатлық, тексериў ҳәм басқада комиссиялар дүзеди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси комитетлери ҳәм комиссияларының ўәкиллерининде жумыс тәртиби нызам менен белгиленеди.

Жоқарғы Кеңестиң депутаты өзине даўыс берген сайлаўшылардың, сондай-ақ өзиниң депутатлыққа талабан етип көрсетилген тийисли сиясый партияның ямаса ўәкилликли ҳәкимият уйымының ўәкили болып табылады.

Егер депутат Жоқарғы Кеңесте турақлы тийкарда ислейтуғын болса, онда ол өз ўәкилликлери дәўиринде басқа төлемли мәмлекетлик хызметти атқарыўға ҳәм исбилерменлик жумыс пенен шуғылланыўға ҳуқықлы емес.

Жоқарғы Кеңес депутатының ҳуқықлары, миннетлери ҳәм жумысының кепилликлери нызам менен белгиленеди. Жоқарғы Кеңестиң комитетлери ҳәм комиссиялары парламент тәрепинен өзиниң ўәкиллик мүддетине ашық даўыс бериў жолы менен сайланады, олар Жоқарғы Кеңестиң алдында жуўапкерли ҳәм оған есап береди.

Жоқарғы Кеңес депутатының жынайый жуўапкершиликке тартыўға, қамаққа алыўға ямаса суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жаза шаралары қолланыўға Жоқарғы Кеңестиң, ал сессиялар аралығында Жоқарғы Кеңес Президиумының келисимин алыў ушын Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры усыныс келтиреди.

Прокурордың усынысы бир айлық мүддеттен кешиктирилместен қаралады.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатларының арасынан жасырын даўыс бериў жолы менен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ўәкиллиги мүддетине ҳәм қатарына еки мүддеттен асырылмастан сайланады. Сайланыў ушын талабан Жоқарғы Кеңес депутатларының көпшилик даўысын алыўы керек.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы,

1) Қарақалпақстан Республикасының жоқары нызам шығарыў ҳәм атқарыў ҳәкимияты уйымларының өз-ара байланыслы ҳәрекет етиўин тәмийнлейди;

2) Республикадағы жағдай ҳаққында ҳәм басқада әҳмийетли мәселелер бойынша Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңесине баянатлар усынады;

3) Өзбекстан Республикасының нызамларын ҳәм Олий Мәжилисиниң басқада шешимлерин, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын ҳәм басқада актлерин турмысқа асырыўды шөлкемлестиреди, Қарақалпақстан Республикасы нызамларының ҳәм Жоқарғы Кеңес қарарларының орынланыўын қадағалаўды шөлкемлестиреди;

4) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине Жоқарғы Кеңес Баслығының орынбасарын, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитетлери ҳәм комиссияларының баслықларын сайлаў ушын кандидатуралар усынады;

5) Өзбекстан Республикасы Президентиниң келисими менен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы лаўазымына кандидатура усынады;

6) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының усыныўы бойынша районлық ҳәм қалалық ҳәкимлерди кейин ала тийислс халық депутатлары Кеңеслериниң тастыйықлаўы менен тайынлайды ҳәм лаўазымынан босатады;

7) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине Жоқарғы Кеңес Президиумының келисими менен Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық Бақлаў комитетиниң баслығы ҳәм ағзалары лаўазымына кандидатураларды усынады;

8) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине Өзбекстан Республикасы Президентиниң келисими менен Қарақлпақстан Республикасы Жоқарғы Судының баслығы ҳәм судьялары, Қарақалпақстан Республикасы Хожалық Судының Баслығы ҳәм судьялары, сондай-ақ районлық ҳәм қалалық судларының судьялары лаўазымларына кандидатуралар усынады;

10) Жоқарғы Кеңестиң қарап шығылыўына усынылатуғын мәселелерди таярлаўға улыўма басшылықты әмелге асырады, Жоқарғы Кеңестиң мәжилисин шақырады, комитетлар ҳәм комиссиялар баслықлары менен бирликте оның күн тәртибине усыныслар қәлиплестиреди;

11) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳәм оның Президиумының жумысын шөлкемлестиреди, оның мәжилислерине басшылық етеди;

12) Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик сыйлықларына ҳәм Қарақалпақстан Республикасының ҳүрметли атақларына усынады. Жоқарғы Кеңестиң Баслығы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының усыныўы менен районлық ҳәм қалалық ҳәкимлерди, кейин ала тийисли халық депутатлары кеңеслериниң тастыйықлаўы менен тайынлайды ҳәм лаўазымынан босатады. Комитетлердиң саны 6 ҳәм атамалары

1. Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәселелери комитетлери.

2. Нызамлық, ҳуқық қорғаў ҳәм парламентлер аралық байланыслар мәселелери комитети.

3. Экономикалық реформа, бюджет, банк, финанс сиясаты ҳәм исбилерменликти раўжландырыў мәселелери комитети.

4. Илим, билимлендириў, мәдения, социаллық раўажландырыў, жәмийетлик шөлкемлер, баспа сөз ҳәм ғалаба хабар қураллары мәселелери комитети.

5. Санаат, қурылыс, транспорт, энергетика, байланыс ҳәм халыққа хызмет көрсетиў мәселелери комитети.

6. Аграр, суў хожалығы ҳәм тәбиятты қорғаў мәселелери комитети. 2004 жыл 26-декабрь ҚР Жоқарғы Кеңесине сайлаўлар болып, бунда сайланған 86 депутаттың 39-либерал демократиялық партиядан, 36-халық демократиялық партиядан, 10-фидакор миллий демократиялық партиядан, 1-инта топардың сайланған. Соның ишинде қарақалпақ 46, қазақ 5,өзбек 32, түркмен 2, рус 1, ал ҳаял-қызлардан 9-депутат сайланған.

### *Нызам ҳәм оның дөретилиў басқышлары.*

**Нызамлылық процесси**-мәмлекет жоқары ўәкиллик уйымының конституцияда белгиленген тәртипте жаңа нызамлар жаратыўға, әмелдеги нызамларға қосымша ҳәм өзгерислер киритиўге қаратылған, сондай-ақ ескирген (бурынғы) нызамларды бийкарлаў барысындағы ҳәрекетлери жыйындысы болып, қатнасықларды анықлаў, нызам жойбарын таярлаў, оны додалаў ҳәм қабыллаўды өз ишине алады.

Нызамлылық процесси түсиниги:

биринshiден, нызамды мазмунлы таярлаўды тәмийнлеўши өз-ара байланыслы институтлар системасын белгилеўден;

екиншиден, халық қәлеўин, жәмәәтшилик пикирин билдириўдиң демократиялық формаларын беккемлеўден;

үшиншиден, нызамды жаратыў ҳәм қабыллаў процессинде мәмлекет ҳәкимияты жоқары ўәкиллик уйымы ҳәрекетиниң ҳәр түрли формалары қолланыўын сәўлелендириўден ибарат болады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң нызам шығарыў ҳәрекети яғный нызам дөретиў процесси төрт басқыштан ибарат түрде әмелге асырады. Усы басқышлар:

1) нызамшылық басламасын әмелге асырыў;

2) нызам жойбарын додалаў:

3) нызамда қабыллаў:

4) нызамды тастыйықлаў ҳәм жәриялаў.

Биринши басқыш-нызамшылық басламасы. Нызамшылық басламасы сондай бир ҳәрекетлер жыйындысы болып, буның нәтийжесинде нызам шығарыўшы уйымға нызам жойбары яки нызамшылық усынысы киритиледи ҳәм парламент жаңа нызам шығарыў әмелдегисин өзгерттириў яки бийкар етиў мәселесин көрип шығыў ушын қабыл етиледи.

Нызамшылық басламасы ҳуқықы дегенде конституцияда белгиленген мәмлекет уйымлары, шөлкемлер ҳәм шахслардың нызам шығарыўшы уйымға, нызамшылыққа тийисли усынысты яки нызам жойбарын усыныс етиўдей субъектив ҳуқықы түсиниледи. Нызамшылық басламасы ҳуқықы-конституцияда белгиленген ўәкилликли уйымлар шөлкемлер ҳәм шахслар тәрепинен белгили нызам жойбарын яки жаңа нызам қабыллаў ҳаққында, сондай-ақ әмелдеги нызамды өзгертириў ямаса бийкар етиў ҳаққындағы усынысты Олий Мәжилис итибарына усыныў ҳәм парламент тәрепинен бул мәселени белгиленген тәртипте көрип шығыў ҳаққында тийисли қарар қабыллаўы болып табылады.

Екинши басқыш, **нызам жойбарын додалаў**. Нызам дөретиў процессин әҳмийетли басқышы боллып табылады.Бул басқыш нызам шығарыўшы уйымға нызам жойбары усыныс етилгеннен кейин ҳәм ол сессия күн тәртибине киргеннен соң басланады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң қарарына муўапық, нызам жойбары улыўма халықлық додалаўға шығарылыўы мүмкин.(89-статьяның 4-бөлими).

Үшинши басқыш **нызамды қабыллаў**. Өзбекстан Республикасы нызамлары еки жол менен қабыл етиледи:

1.Нызамның Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси тәрепинен қабылланыўы;

2.Нызамды улыўма халықлық даўыс бериў (референдум) жолы менен қабыллаў.

Нызам даўыс бериў жолы менен қабылланады.Нызам жойбарына даўыс бериў үш формада әмелге асырылады:

1) статьяма-статья;

2) бөлим яки бап бойынша бөлек-бөлек;

3) жойбар толығы менен даўысқа койылады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисинде даўыс бериў демократиялық түрде әмелге асырылады.

Төртинши басқыш-**нызамды тастыйықлаў ҳәм жәриялаў**. Өзбекстан Республикасы Конституциясының 93-статьясы 14-пунктине муўапық, нызамларды Өзбекстан Республикасының Президенти тастыйықлайды.Егер нызамды Олий Мәжилис депутатларының үштен еки бөлеги жақлап даўыс берсе, Президент нызамды тастыйықлайды. Өзбекстан Республикасының Конституциясының 83-статьясына муўапық Олий Мәжилис қабыллаған нызамлардың ҳәм басқа нормативлик ҳүжжетлердиң баспа сөзде жәрияланыўы усы нызамлар қолланылыўының мәжбүрий шәрти есапланады. Өзбекстан Республикасының нызамлары Президент тастыйықлағаннан кейин узағы менен бир ҳәпте ишинде рәсмий түрде жәрияланады.

## Атқарыў ҳәкимияты системасының раўажланыў машқалалары.

Атқарыў ҳәкимияты-Қарақалпақстан Республикасы жеке мәмлекет ҳәкимиятының ғәрезсиз тармақларынан бири сыпатында ҳәрекет көрсетпекте. Бул ҳәкимиятлар бөлиниўи, нызам-қағыйдаларына тийкарларған мәмлекет механизминиң ең әҳмийетли уйымлары есапланады. Республикада атқарыў ҳәкимияты ҳәрекетин әмелге асырыў барысында ҳәм қатар уйымлары, тармақлары аралық, аймақлық ҳәм басқа мәмлекетлик басқарыў уйымлары ислеп турыпты. Атқарыў ҳәкимиятының ең тийкарғысы республика ҳүкимети-Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси есапланады. Конституция ҳәм „Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында“ғы нызамда оның ўәкилликлери ҳәм де ис алып барыў формалары анық көрсетилген, ол коллегия уйымы сыпатында өз ҳәрекети жүзесинен халық алдында толық жуўапкер болып есапланады. Сондай-ақ ол мәмлекет басқарыўында өз ўәкилликлери шегинде ғәрезсиз түрде ис алып барады. Бирақ республика нызамшылығына дыққат аўдарсақ, бизиң нәзеримизде бир қанша машқалалар бар, оларды тезирек шешиў бүгинги күнниң талабы болап еспаланады. Мысалы, „Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында“ғы Нызамда ҳүкимет басшысы ҳәм оның ағзалары қол-қатылмаслығы мәселеси көрип шығылмаған. Бул соны билдиреди, ҳүкимет ағзалары басқа барлық пуқаралар сыяқлы өзлериниң нызамсыз ҳәрекетлери ушын ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкершиликке тармылыўы мүмкин. Бизиң пикиримизше Министр (ўәзир) тийисли жоқары мәмлекет ҳәкимияты уйымы келисими менен ғана жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин деген тәртип қағыйда (әмелиятқа) ҳәрекетке енгизилсе мақсетке муўапық болар еди. Республика Жоқары Кеңеси Регламенти 77-статьясында көрсетилиўинше ҳүкимет ағзалығына талабанлар алдын-ала парламент комитетлери додаланыўынан өтеди. Җәне соны айтып өтиў зәрүр, республика Министр Кеңеси тәрепинен қабылланған айрым қарар ҳәм буйықлар ҳуқықый номалар тәрепинен тәртипке салыныў керек. Атқарыў ҳәкимияты уйымлары системасына тармақ ҳәм тармақлар аралық уйымлар киреди. Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, бас басқармалар, басқармалар, комитетлер ҳәм басқа хызметлер киреди. Бирақ олардың гейбиреўлеринде өзине

сайлық, тийкарлар толық түрде ислеп шығылмаған. Мысалы, министрликлер өз ўазыпасы белгиленген мақсетлерине көре тармақ уйымы есапланады. Бирақ олардың көпшилиги тийкарынан тармақлар аралық уйым сыпатында ҳәрекет көрсетип, ўәкилликлери болса тек тиккелей басқамалар объектлерине тийисли болып қалып атыр. Сонлықтан республика экономика ҳәм статистика Министрлигин буған мысал қылып көрсетиў мүмкин.

Мәмлекетлик комитетлер мысал: Мийнетти қорғаў өнерментшилик, қурылыс ҳәм басқа комитетлер  тармақлар аралық уйым ўазыйпасын атқарыў керек. Олардың ўәкилликлери барлық министрлик ҳәм мәкемелерге бирдей тийисли болып есапланады. Бирақ әмелиятта болса, тармақ ўйымы ўазыйпасын орынлап атырған барлығы ашынарлы. Қарақалпақстан Республикасы әмелдеги Конституцияда басқарыў орайлық уйымы системасын беккемлеў, олардың ҳуқықларын белгилеп бериў, ҳәрекетлерин шеклеўге хызмет қылатуғын нормативлик ҳүжжетлер елеге шекем жоқ. Айтып өткенимиздей  „Қарақалпақстан Республикасы атқарыў ҳәкимиятның орайлық уйымлары ҳаққында“ғы Нызам тап сондай ҳүжжетлерден бири болыўы мүмкин еди. Бирақ әмелдеги нызамшылықта басқарыў орайлық уйымын қәлиплестириўдеги айырмашылықлар ҳаққында қатнасық билдирилмеген. Булардың барлығы Жоқарғы Кеңес Президиму тәрепинен шөлкемлестирилип, Жоқарғы Кеңес сессиясында додоланыўға қойылып, тастыйықланады. Қабылланған ҳүжжетлерде болса орайлық басқарыў уйымлары ўәкилликлери өз ҳуқықлары шегинде ҳәрекет көрсетиўлеринде мәлим бир айырмашылықлар сезилип атыр.

Нызамшылықта Өзбекстан Республикасы менен Қарақалпақстан республикасы орайлық басқарыў уйымлары өз-ара қатнасықларында да машқалалар бар, олар елеге шекем өз шешимин таппаған.  Сол көз-қарастан жоқарыдағы қатнасықларды нызам жолы менен тәртипке салыў, улыўмаластырыў, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстандағы бирдей Министрликлер ҳәм де мәмлекет комитетлер кепилликлери шгараларын белгилеўди нәзерде тутатуғын нормативлик ҳүжжетлерди ислеп шығыў бүгинги күнниң талабы болып табылады. Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрликлери ҳаққындағы улыўма қағыйдалар ҳәм де Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан мәмлекетлик комитетлери ҳаққындағы улыўма қағыйдадарды ислеп шығыў сондай норматив ҳүжжетлерден бири болып хызмет қылыўы мүмкин. Егер усы ўақытта әмелдеги Қарақалпақстан Республикасының Министрликлер ҳәм мәмлекетлик комитетлер ҳаққындағы қағыйдалары Өзбекстан Республикасының сондай қағыйдаларынан сөзбе-сөз көширип алынғанлығын есапқа алсақ, жоқарыдағы усыл әҳмийетке  йие болған болар еди деп ойлаймыз.

Ҳәзирги пайытта жәмийет турмысының гей бир поцесслеринде мәмлекет басқарыўына болған зәрүрлик бир қанша азайғандай түйиледи. Бирақ буннан атқарыў ҳәкимияты ҳәрекети әҳмийети кемеймекте, деген жуўмақ шығарыў туўры емес. Ҳәр қыйлы жәмәәтшилик қатнасықларын басқарыў ҳәм раўажландырыў ушын

атқарыў ҳәкимияты жүдә зәрүр. Соның менен бирге мәмлекет бөлиниўи ҳәм жеке мүлкшилик, акционерлик жәмийетлер ҳәм басқа мекемелерди беккемлеў, раўажландырыў зәрүрлигинен келип шығып, мәмлекет ҳәм оның тийкарғы басқарыў субъектлери есапланған уйымлар әҳмийети кемеймеген ҳалда сақланып қалады. Бул жерде гәп мәмлекет басқарыўында басқарыў уйымының объектлерине басшылық ислерине араласпастан, олар еркин ҳәрекетиниң нәтийжелилигин тәмийинлеўге көмеклесиў ҳаққында бармақта. Басқарыў ҳәрекетиниң талықланыўы Министрликлер ҳаққындағы ҳуқықый ҳүжжетлер сыпатын және де асырыў лазымлығын көрсетпекте. Бирақ, министликлер басқарыў ҳүжжетлери саны ҳәм сыпаты үстинен республика Минисртлер Кеңесиниң Ислер басқармасы қадағалаў орнатса мақсетке муўапық болар еди. Сондай-ақ шет ел мәмлекетлери тәжирийбесинен пайдаланып, айырым нызам асты ҳүжжетлер ҳақындағы нызам ислеп шығарыў мүмкин. Бундай усылды әмелийлилигин тәмийинлеў- Қарақалпақстан Республикасы бойынша қандай да бир министрликте басқарыў қараларын таярлаўда нызам қағыйдалар жоқлығын есапқа алсақ, бир қанша пайдалы болар еди. Ҳәр еки Республикада да атқарыў ҳәкимияты уйымлары ҳәкимшилик процессуал ҳәрекетин тәртипке салыўға бағышланған пуқта таярлықсыз ҳәм бир қатар нормативлик ҳүжжетлерди қабылламастан турып, жаңа ҳәкимшилик нызамшылықты жаратып болмайды. Бизиң пикиримизше „Басқарыў уйымларында ис басқарыў ҳаққында“ғы қағыйдалар ислеп шығыў керек. Онда ис басқарыўдың түсиниги, мақсети, тийкарларын көрсетиў керек. Егер усындай ҳүжжет жаратылса, ҳәзирги басқарыў ҳәкимияты ҳәрекетине сай болған артықша ҳәм керексиз мағлыўматларға шек қойылған болар еди. Солай етип, ҳәкимшилик нызамшылықты реформалаў тек жоқарыда айтып өтилген пухта таярлық ҳәм болып қалмай, ол оларды ҳәзирги шәраятлар, талаплар ҳәм анық есапқа алыныўы лазым деп ойлаймыз.

## Тема 11. Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети.

- Министрлер Кабинети-Өзбекстан Республикасының Кабинетиниң ўәкилликлери.
- Министрлер Кабинетиниң қурамы ҳәм жумыс алып барыў тәртиби.
- Министрлер Кабинетиниң Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳәм мәмлекет ҳәкимиятының басқа ўйымлары менен қатнасы.
- Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети шығаратуғын ҳүжжетлер.

Атқарыў ҳәкимияты мәмлекеттиң әҳмийети бууўыны болып, жәмийет турмысын қәлиплестириўде салмақлы орын тутады. Министрлер Кабинети Өзбекстан Республикасының атқарыў ҳәкимияты уйымы-ҳүкимети есапланады. Конституцияның 98-статьясына тийкарланып, Министрлер Кабинети

экономиканың, жәмийетлик ҳәм руўхый турмыстың нәтийжели ҳәрекетине басшылықты, Олий Мәжилистиң басқа қарарлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм буйрықлары орынланыўын тәмийнлейди.

Министрлер Кабинети:

-экономикалық, социаллық-мәдений процесслерди басқарады;

-меншиктиң барлық формаларын уйғынластырыў ҳәм олардың теңлиги, экономиканы монополияластырыўдан шығарыў, базар экономикасының ҳуқықый қурлысын жүзеге шығарыў тийкарында еркин исбилерменлик ушын шәраятлар жаратады, хожалық жүритиўдиң жаңа формаларын дузиўге ҳәм беккемлеўге көмеклеседи;

- Өзбекстан Республикасында пул ҳәм кредит системасын беккемлеў усылларын көреди;

- республика бюджетин сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының экономикалиқ ҳәм социаллық раўажландырыў келешегин ҳәм ең әҳмийетли дәстурлерин ислеп щығарыўды ҳәм олардың орынланыўын қурайды, басқарыў усыллары системасын тереңлестиреди,ҳәр турли министрликлер,мәмлекетлик комитетлер, уйынлар ҳәм хожалық дузилмелерин дузиў ҳәм тамамлаў ҳаққында усыныслар беред:

- пән ҳәм техниканы раўажландырыў усылларын әмелге асырады:

- пуқараларды социаллық қорғаў, ден-соўлықты сақлаў, халық билимин раўажландырыў шараларын кореди;

- Өзбекстан  Республикасының мәмлекетлик қәуипсизлигин, ҳәм қорғаныў қудиретин асырыў, мәмлекет шегараларын қорықлаў ,жәмәәт тәртибин сақлаў усылларын әмелге асырыуға комеклеседи:

- республика ҳәм халық аралық әҳмийетке ийе болған экологиялық дәстурлерди әмелге асырыў барысындағы ислерди муўапықластырады.

- Министрлер Кабинети нызам менен  белгилеп қойылған оз қурамына ийе. Оған коре, Министрлер кабинети қурамына Бас Министр оның биринши орынбасары ҳәм орынбасарлары, Өзбекстан Республикасы министрлери ,мәмлекетлик комитеттиң баслықлары, мәмлекет  ҳәм хөжалық басқарыўы ҳәм басқа уйымларының басшылары кмреди.

-Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм Министрлер кабинети ҳаққындағы нызамның 5-статьясына көре, Президент Министрлер Кабинетиниң баслығы есапланады. Қарақалпақстан Республикасының ҳукимет баслығы өз лаўазымы бөйынша Министрлер Кабинети қурамына киреди. Конститутцияниң 98-статьясына муўапық, Министрлер Кабинети қурамын Өзбекстан Республикасының Президенти дуздеи ҳәм ол Олий Мәжилис тәрепинен тастыйықланады.

- Министрлер Кабинети ҳәрекетин шөлкемлестириў мақсетинде арнаўлы аппарат дузиледи. Нызамның 21-статьясына көре, Министрлер Кабинетиниң

аппараты Министрлер Кабинети ҳәм оның Баслығы мәжилислерин таярлаў, тийисли қарарлар жойбарларын, шөлкемлесиўшилик, мағлыўмат ҳәм басқа материалларды таярлаў, Министрлер Кабинети қарарларының орынланыўын турақлы турде тексерип барылыўын қурайды.

-Министрлер Кабинетиниң 1997-жыл 20-майдағы 248-санлы «Өзбекстан Республикасы  Министрлер Кабинети аппараты дузилмесин тереңлестириў ҳаққында» ғы  қарарында.

Министрлер Кабинети аппаратының артықша буўынларын қысқартырыў, басқарыўдың тармақ системасынан функционал системасына өтиўди тәмийинлеў ҳәм сол тийкарда ҳәкимияттың  атқарыўшы уйымлары ҳәрекети нәтийжелилигин асырыў нәзерде тутылған. Қарарға тийкарланып, Министрлер Кабинети аппараты хызметкерлериниң  шекленген штатлар саны ғәң етип белгиленди.

Өзбекстан Республикасы  Министрлер Кабинетиниң мәжилислерин таярлаў ҳәм өткизиў тәртиби «Өзбекстан Министрлер Кабинети ис тәртиби» менен белгиленген.

Министрлер Кабинетиниң мәжилислери Өзбекстан Республикасы Президенти-Ҳүкимет Баслығы басшылығында яки оның тапсырмасына тийкарланып, Бас Министр тәрепинен жылдың ҳәр бир шерегинде keминде бир рет өткизиледи.

Нызамда Бас Ўәзир, оның орынбасарлары, Министрлер Кабинети ағзаларының ўазыйпалары анық көрсетилген. Мысалы, Бас ўәзир Министрлер Кабинетиниң жумысын шөлкемлестиреди, өз орынбасарлары ортасында ўазыпаларды бөлистиреди, кейин бул мәселе Министрлер Кабинетиниң Баслығы тәрепинен тастыйықланады. Президенттиң тапсырмасына тийкарланып, халық аралық қатнасықларда республика ҳүкимети атынан ис алып барады ҳәмде ҳүкиметлер аралық шәртнамалары ҳәм питимлерди тастыйықлайды. Нызамда көрсетилиўинше, Бас ўәзир болмаған жағдайларда оның ўазыйпаларын биринши орынбасар орынлайды. Бас ўәзирдиң орынбасарлары болса тийисли министрлер, мәмлекетлик комитетлер, ўйымлар ҳәмде мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўының басқа уйымлары ҳәрекетин муўапықластырыўды, олардың исин қадағалаўды әмелге асырады.

- Министрлер Кабинети мәмлекетлик ҳәкимият уйымы сыпатында басқа мәмлекетлик уйымлар менен өз-ара қатнасықта болады. Әўеле, Министрлер Кабинетиниң Олий Мәжилис пенен қатнасықлары айрықша әҳмийетке ийе.

Министрлер Кабинетиниң Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси менен өз-ара қатнасығы төмендегилер менен белгиленеди:

Бириншиден, Министрлер Кабинети қурамы Президент усынысына тийкарланып, Олий Мәжилис тәрепинен тастыйықланады.

Екиншиден, жаңадан дүзилген Министрлер Кабинети Олий мәжилиске көрип шығыў ушын өз ўәкилликлери дәўириндеги ҳәрекет дәстүрин усыныс етеди.

Министрлер Кабинети нызамларының, Олий Мәжилистиң басқа қарарларының орынланыўына басшылық қылады.

үшиншиден, Министрлер Кабинети өзиниң жумысы ҳаққында Олий Мәжилис алдында есап берип турады,

төртиншиден, Министрлер Кабинети Өзбекстан Республикасы Экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларын, Өзбекстан Республикасы бюджетиниң тийкарғы көрсеткишлерин ҳәм оған киргизилетуғын өзгерислерди ислеп шығады ҳәмде Олий Мәжилистиң тастыйықлаўына усыныс етеди.

Министрлер Кабинетиниң Өзбекстан Республикасы  жоқары ўәкиллик ҳәкимият уйымы менен қатнасы Конституцияның 78-статьясы 16-пунктинде өз көринисин тапқан. Оған көре, Олий Мәжилисиниң ўәкилликлери қатарына Өзбекстан Республикасы  Президентиниң усынысына муўапық, Бас министр, оның биринши орынбасары ҳәм орынбасарларын, Министрлер Кабинети ағзаларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан азат етиў ҳаққындағы пәрманларын тастыйықлаў киреди.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети өз ҳәрекети шегинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси менен өз-ара қатнасықта болады. Министрлер Кабинетиниң Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси менен өз-ара қатнасығы суверен Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстан Республикасы қурамына кириўин беккемлеўши Конституцияның 70-статьясында белгиленген қағыйдаларға сүйенеди. Конституцияның ўө-статьясына көре, Өзбекстан Республикасы менен Қарақалпақстан Республикасының өз-ара қатнасықлары Өзбекстан Республикасы Конституциясы көлеминде дүзилген шәртнама ҳәмде питимлер менен тәртипке салынады.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ўәкилликлери мәмлекеттиң мәмлекетлик, хожалық ҳәм социаллық-мәдений турмысының барлық ўәкилликлери жыйындысы болып есапланады.

Министрлер Кабинетиниң ўәкилликлерин шәртли түрде үш үлкен топарға бөлиў мүмкин:

бириншиден, хожалық қурылысындағы ўәкилликлери;

екиншиден, ҳәкимшилик-сиясий тараўдағы ўәкилликлери;

үшиншиден, социаллық мәдений тараўдағы ўәкилликлери.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәкимшили-сиясий тараўда жүдә кең ўәкилликлерге ийе. Усы тараўда Министрлер Кабинети:

-республика басқарыў дүзилмесин қәлиплестиреди,

-Өзбекстан Республикасы министрликлери, мәмлекетлик комитетлери, уйымлары, мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўының басқа уйымларын дүзиў, қайта дүзиў ҳәм тоқтатыў ҳаққындағы усынысларды ислеп шығады,

-Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, уйымлар ҳәмде мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўының басқа уйымлары исин муўапықластырады ҳәм

бағдарлайды; олар ҳаққындағы режелерди тастыйықлайды, орайлық аппарат хызметкерлери санын ҳәм оларға сарыпланатуғын қаржылар муғдарын белгилейди,

-министрлер, мәмлекетлик комитетлер басшыларының орынбасарлары ҳәм бас басқармалар ҳәмде мәмлекет басқарыўының басқа уйымлары басшылары ҳәм олардың орынбасарларын лаўазымға тайынлайды ҳәм лаўазымнан азат қылады,

-Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик қәўипсизлигин ҳәм қорғаныў қүдиретин асырыў, мәмлекет шегараларын қорықлаўды тәмийнлеў, мәмлекет мәплерин қорғаў, жәмәәт тәртибин сақлаў, пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинлигин тәмийнлеў ҳәм қорғаў усылларын әмелге асырыўға көмеклеседи,

-мәмлекетлик басқарыў уйымларының тәбиятын қорғаў усыларын биргеликте өткизиў ҳәмде республика ҳәм халық аралық әҳмийетке ийе болған ири экологиялық дәстүрлерди әмелге асырыў барысындағы ислерди муўапықластырады үлкен авариялар ҳәм апатшылықлардың, сондай-ақ тәбийий апатларлдың ақыбетлерин тамамлаў усылларын көреди,

-Өзбекстан Республикасының шет елли мәмлекетлер ҳәм халық аралық шөлкемлердеги ўәкиллигин тәмийнлейди, ҳүкиметлер аралық шәртнама ҳәм питимлер дүзеди ҳәм оларды орынлаў усылларын көреди.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети социаллық-мәдений тараўда кең ўәкилликлерге ийе. Халық билимлендириўине басшылық, илимий, мәденият-руўхыйлық ислери, ден-саўлықты сақлаў, социаллық тәмийнат, мийнетти шөлкемлестириў ҳәм кадрлар таярлаўды шөлкемлестириў бойынша ўәкилликлер жыйындысы Министрлер Кабинетиниң социаллық-мәдений тараўдағы ўәкилликлери қатарына киреди.

Министрлер Кабинети экономикалық тараўдағы ўәкилликлери көлеминде:

-экономикалық, социаллық-мәдений процесслерди басқарадыҢ меншиктиң барлық формаларын уйғынластырып ҳәм олардың теңлиги, экономиканы монополияластырыўдан шығарыў, базар экономикасының ҳуқықый механизмин жүзеге шығарыў тийкарында еркин исбилерменлик ушын шәраятлар жаратады;

-хожалық жүритиўдиң жаңа формалары-концернлер, консорциумлар, тармақлар аралық бирлеспелер, ҳәр түрли уйымлар ҳәм сондай басқа шөлкемлерди дүзиўге ҳәм беккемлеўге көмеклеседи, халық хожалығы ҳәм халық талапларын қанаатландырыў зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда олар ҳәрекетин бағдарлайды ҳәм муўапықластырады;

-Өзбекстан Республикасында пул ҳәм кредит системасын беккемлеў усылларын әмелге асырыўға көмеклеседи, жеке баҳа сиясатын өткизиў, мийнетке ҳақы төлеў муғдарының белгиленген кепилликлерин ҳәм социаллық тәмийнат дәрежесин тәмийнлеў усылларын ислеп шығады ҳәм әмелге асырады;

-республика бюджетин, сондай-ақ Өзбекстан Республикасын экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыў бағдарларын ҳәм әҳмийетли дәстүрлерин ислеп шығыўды ҳәм олардың орынланыўын қурайды.

## Тема 12. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң жумысын шөлкемлестириў тийкарлары.

- Министлер Кеңеси - Қарақалпақстан Республикасының ҳүкимети.
- Министрлер Кеңесиниң қурамы ҳәм дүзилиси.
- Министрлер Кеңесиниң жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары менен қатнасықлары.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси экономика, социаллық ҳәм руўхый саланың нәтийжели иследиўине басшылық етиўши, Өзбекстан Республикасы нызамларының ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилсиниң шешимлерин, Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманларын ҳәм басқа да шешимлерин, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарларының ҳәм бийликлериниң, Қарақалпақстан Республикасы нызамларының ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳәм оның Президиумының қарарларының, басқа да шешимлерин орынланыўын тәмийинлейтуғын Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик ҳәкимияттың жоқары атқарыўшы-басқарыўшы уйымы болып табылады.

Министрлер Кеңесиниң қурамына Министрлер Кеңесиниң Баслығы, оның биринши орынбасарлары ҳәм орынбасарлары, министрлер, мәмлекетлик комитетлериниң баслықлары, басқа да мәмлекетлик ҳәм хожалық уйымларының басшылары киреди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Жоқарғы Кеңес Баслығының Өзбекстан Республикасы Президенти менен келисип алған усынысы бойынша Жоқарғы Кеңес тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымынан босатылады.Министрлер Кеңесиниң орынбасарлары ҳәм ағзалары Министрлер Кеңеси Баслығының усыныўы бойынша Жоқарғы Кеңес тәрепинен кейин ала Жоқарғы Кеңестиң тастыйықланыўы менен тайынланады ҳәм лаўазымынан босатылады.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси алдында жуўапкерли, ол өз жумысы ҳаққында Жоқарғы Кеңес алдында кем дегенде жылына бир рет есап береди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси өз күшиндеги нызамлар тийкарында Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында барлық уйымлардың кәрханалардың, мекемелердиң, шөлкемлердиң, лаўазымлы адамлардың ҳәм пуқаралардың орынланыўы ушын миннетли болған қарарлар ҳәм бийликлер шығарады.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қатнасықлары Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен белгиленеди. Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси экономикасының нәтийжели ислеўине социаллық ҳәм руўхый тараўларға басшылық етиўди Өзбекстан Республикасы

нызамларының ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажилисиниң басқа да шешимлериниң Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманларының қарарларының ҳәм бийликлериниң, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети қарарларының ҳәм бийликлериниң, Қарақалпақстан Республикасы нызамларының ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң басқа да шешимлериниң, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси баслығы Парманларының қарарларының ҳәм бийликлериниң орынланыўын тәмийнлейди.

Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң алдында жуўапкерли және де оған есап береди. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер кеңеси өз жумысы ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы кеңесиниң алдында ең кеминде жылына бир рет есап береди. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер кеңеси жаңадан сайланған Қарақалпақстан Республикасы жоқарғы кеңеси алдында өз ўәкиллерин тоқтатады. Қарақалпақстан Республикасының нызамлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы кеңесиниң басқа да шешимлери, Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңеси баслығының пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлери тийкарында және орынлай отырып Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында орынланыўы шәртли болған қарарлар менен бийликлерин шығарады.

Министрлер Кеңесиниң баслығы Жоқарғы Кеңес баслығының Өзбекстан Республикасы Президенттиң усынысы бойынша Жоқарғы Кеңес тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымынан босатылады. Министрлер Кеңеси баслықларының орынбасарлары Министрлер Кеңесиниң ағзалары Министрлер Кеңесиниң баслығының усыныўы бойынша Жоқарғы Кеңеси баслығы тәрепинен, кейин ала Жоқарғы Кеңестиң тастыйықлаўлары менен тайынланады ҳәм лаўазымынан босатылады.

Министлер Кеңесиниң жаңадан сайланған Жоқарғы Кеңес алдында өз ўәкилликлерин тоқтатады 8-статьяда былай деп айтылған. Министрлер Кеңеси өз ўәкилликлерин шегинде аймақларының экономикалық ҳәм социаллық мәдений раўажланыўына тәмийнлеўге байланыслы мәселелерде жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларының жумысына басшылықты әмелге асырады.

Министрлер Кеңесиниң шешимин талап ететуғын мәселелер бойынша қала ҳәм район ҳәкимиятларының усынысларына қарап шығады.

Министрлердиң мәмлекетлик комитетиниң ведомостларының ҳәм басқа да мәмлекетлик хожалық басқарыў уәымларының қала ҳәм район ҳәкимшилиги менен өз-ара байланыслы ҳәм бунда пайда болған тартыслы мәселелерди шешеди.

Аймақларды экономикалық ҳәм социаллық жақтан раўажланыўының тийкарғы көрсеткишлерин тастыйықлайды. Жергиликли атқарыў уйымларының ҳәкимияты аппаратларының санын ҳәм структурасын белгилейди.

Каракалпакстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлери оның жумыс тәртиби Қарақалпақстан Республикасының басқа да мәмлекетлик

ўәкиллери уйымлары менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кенесиниң мунәсибетлери Қарақалпақстан Республикасының нызамы менен белгиленеди.

## Тема 13. Өзбекстан Республикасында жергиликли мәмлекет ҳәкимиятының конституциялық тийкарлары.

- Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳәм оның системасы
- Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларының ўазыйпалары ҳәм ўәкилликлери
- Жергиликли ҳәкимият уйымлары шөлкемлесиўшилик ҳәрекетиниң формалары ҳәм актлери.

Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң, узақ тарийхый тәжирийбеге, миллий дәстүрлерге сүйенген ҳалда алдыңғы мәмлекетлер тәжирийбесиндеги күшли тәртиплерин үйренип, өзиниң мәмлекет уйымларын түптен қайта реформалай баслады. Усы реформалаў жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасын да өз ишине алады.

Атқарыўшы уйымлардың ҳәрекетин жетилистириў, олардың ислеў имканиятын асырыў, ҳуқық ҳәм миннетлемелерди жәнеде анық белгилеў мақсетинде Өзбекстан Республикасында ўәкиллик мүддети 5 жыл болған ҳәкимлик институты жәрияланды. Ҳәким бир ўақыттың өзинде орынлаўшы ҳәм ўәкиллик уйымының баслығы есапланады. Ўәлаят ҳәкими Ташкент қаласы ҳәкими Президент тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымнан азат етиледи ҳәм тийисли область, халық депутатлары Кеңеслери, Ташкент қала кеңеси тәрепинен тастыйықланады. Районлар ҳәм қалалардың ҳәкимлери тийисли роман ҳәм қала кеңеси тәрепинен тастықланады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясынын XXI-бабында Өзбекстан Республикасы жергиликли ҳәкимияты уйымлары ҳәректиниң конституциялық ҳуқықый тийкары (99-104 статьялар) өз көринисин тапқан.

Усы статьяларда жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларының системасы, дәрежеси, ўазыйпалары, дүзилиў тәртиби конституциялық дәрежеде беккемлеп қойылған.

Өзбекстан районларының еки түри-ўәлаятлар қурамына кириўши ҳәм қалалар қурамына кириўши районлар, қалалардың үш түри-районға бойсыныўшы, областқа бойсыныўшы ҳәм республикаға бойсыныўшы қалалар бар. Жергиликли ўәкиллик уйымларға да атқарыў ҳәкимияты баслығы-ҳәким басшылық қылады.

Өзбекстан Республикасы 1993 жыл 2-сентябрьде «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында» нызам қабыл қылып, жергиликли ҳәкимият уйымлары ҳәр тәрепине ҳуқықый беккемледи. Усы нызамда жергиликли ҳәкимият ҳәм атқарыў ҳәкимияты уйымларының системасы, оларды дүзиў тәртиби, ўазыйпалары,

ўәкилликлери, шөлкемлесиўшилик ҳәрекет формалары ҳәм экономикалық ҳәм финанслық тийкарлары белгилеп берилген.

Қарақалпақстан Республикасында жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларының ҳәрекети Өзбекстан Республикасы Конституциясы, «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында» ғы нызам менен ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамлары менен тәртипке салынады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 100-статьясында жергиликли ҳәкимият уйымлары ўазыйпалары беккемленген.

Жергиликли ҳәкимият уйымлары:

1) нызамлылықты, ҳуқықый тәртипти ҳәм пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийнлеў;

2) аймақларды экономикалық, социаллық ҳәм мәдений раўажландырыў;

3) жергиликли бюджетти қәлиплестириў ҳәм оны орынлаў, жергиликли салықлар, жыйынларды белгилеў, бюджеттен тыс жамғармаларды дөретиў;

4) жергиликли коммунал хожалыққа басшылық қылыў;

5) қоршаған орталықты қорғаў;

6) пуқаралық ҳолаты актлерин дизимге алыўды тәмийнлеў

7) норматив ҳүжжетлерди қабыллаў ҳәмде Өзбекстан Республикасы Конституциясына ҳәм нызамларына қарсы келмейтуғын басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясы жергиликли ўәкиллик ҳәм атқарыў уйымлары ўәкилликлерин улыўма жағдайда белгилеп берген болса, «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳаққында» ғы нызамлар ҳәкимлер ҳәм халық депутатлары кеңеслериниң ўәкилликлерин айырып бөлимлерге ажыратып белгиленген. Олар төмендегилерден ибарат:

1) ҳәкимлер бюджет жойбарларын таярлаў, бюджеттиң орынланыўы ҳаққындағы есабатты таярлаў ҳәмде орынланыўын шөлкемлестириў ўазыйпасын атқарады.

2) Халық депутатлары кеңеслери бюджетти тастыйықлаў, оның орынланыўы ҳаққындағы есабатты тастыйықлаў ўәкиллигин орынлайды.

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты уйымлары екиге бөлинеди: жергиликли ўәкиллик уйымлары ҳәм жергиликли атқарыў уйымлары.

Жергиликли ўәкиллик уйымлары өз ҳәрекетин коллегиаллық тийкарда алып барады. Жергиликли кеңес исиниң тийкарғы шөлкемлесиўшилик-ҳуқықый формасы сессия есапланады.

Жергиликли ўәкиллик уйымларының барлық буўынлары сайлаў жолы менен дүзиледи. Жергиликли кеңеслерге сайлаўды тәртипке салыўшы нызам, әўелги нызамлардағы демократиялық жағдайларды сақлап қалыўы менен бирге, көплеген жаңа жағдайларды жәрия етти. Булардан ең тийкарғылары төмендегилер:

- сайлаўлардың көппартиялық тийкарында өтиўи;

- жергиликли кеңеслерге пуқаралардың 21 жастан сайланыў мүмкинлиги;
- жергиликли ўәкиллик уйымларына сайланатуғын депутатлар санының қысқартырылыўы (областьлар ҳәм Ташкент қала кеңеслерине 60, район ҳәм қала кеңеслерине 30 депутат сайланыўы мүмкин);
- депутатлыққа талабан көрсетиў ҳуқықына сиясий партиялар, жергиликли ҳәкимият уйымлары ҳәмде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ийе болыўы ҳ.т.б.).

Халық депутатлары область, район қала кеңеслери зәрүрлигине қарап, жылына кеминде еки рет ҳәким, ҳәким жоқлығында орынбасарлары яки депутатлардың кеминде үштен еки бөлеги басланасы менен де шақырылыўы мүмкин. Депутатлар сессия басланыўынан ў күн алдын хабардар қылыныўы лазым. Кеңестиң ис алып барыў тәртиби сессияда белгиленеди.

Жергиликли атқарыў ҳәкимиятына область, район ҳәм қала ҳәкимлери басшылық қылады ҳәм ол жеке басшылық принципи тийкарында жумыс алып барады ҳәмде ҳәким ҳәрекетин әмелге асырыўда оның орынбасарлары жәрден береди.

Жергиликли атқарыў ҳәкимияты уйымы-ҳәкимлер басқармалар, бөлимлер ҳәм бөлинбелерден ибарат болып, олардың структурасы, дүзилиў тәртиби ҳәм ҳәрекети Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети тастыйықлайтуғын тийисли режелер менен белгиленеди.

Жергиликли ҳәкимият уйымлары өз ўәкилликли шегинде тийисли ҳүжжетлер қабыл қылады. Область, район ҳәм қалалық кеңеслери қарарлар қабыл қылады. Область, район ҳәм қала ҳәкимлер болса қарарлар қабылайды ҳәм буйрықлар шығарады. Ҳәкимлер тараў мекемелериниң ҳәрекетин муўапықластырыў ҳәм сондай-ақ кадрлар мәселесин шешиў мақсетинде ишки ис тәртиплерин белгилеўши ҳәр түрли қағыйдаларды тастыйықлаў ушын ҳәм де өз ўәкиллигине кириўши мәселелер жүзесинен қарарлар қабыл қылса, сол қарарларды орынлаў жүзесинен буйрықлар қабыл қылады.

Жергиликли ўәкиллик уйымлары ҳәм ҳәкимлердиң актлери конституция ҳәм нызамларға қарсы болмаслығы лазым, керисинше жағдайда, жоқары турыўшы мәмлекет ўйымы тәрепинен бийкар қылынады, сондай-ақ олардың тәртиби төмендегише әмелге асырылады

- жергиликли кеңеслердиң қарарлары Конституция, нызамлар Президент пәрманлары, Министрлер Кабинети қарарларына қарсы келсе, Олий Мәжилис тәрепинен бийкар қылынады,
- төмен басқыштағы кеңеслердиң қарарлары жоқары басқыштағы кеңеслер тәрепинен бийкар қылынады,
- ҳәкимлердиң қарарлары Конституция, нызамлар, Президенттиң пәрман ҳәм буйрықларына, Министрлер Кабинети ҳүжжетлерине яки

республика мәплерине қарсы келетуғын болса, Президент яки Министрлер Кабинети тәрепинен тоқтатылады яки бийкар қылынады.

- ҳәкимлердиң қарарларын тийисли халық депутатлары кеңеслери де, төменги ҳәкимияттың қарарларын жоқары турыўшы ҳәкимлер де бийкар қылыўы мүмкин.

Жергиликли хакимият уйымлары оз алдыларына койылган уазыйпаларды шешиулери ушын ен ауеле, олар харекетин еркинлестириу, атап айтканда, уакилликлери шегарасын кенейттириу хам машкалаларды сапластырыў зарур. Бул тараўдагы ўазыйпалардын орынланыўы еркинлестириў идеялары ҳаққында хар тарепламе пикирлеуге ийе болыуды талап кылады.

Сиясий тараўды еркинлестириу ушын ауеле пукаралардын сиясий тураклылыгын асырыу, жамийетимиздеги бар болган хар турли сиясий маплерди инабатка алыушы хам олар ортасындагы тен салмаклықты саклаушы механизмди калиплестириу керек. Бул механизм аркалы мамлекеттин рауажланыуы тезлеседи, реформалар нәтийже бере баслайды. Сонлықтан соңғы жылларда мамлекет курылысы хам пуқаралык жәмийетин қәлиплестириў процесслерин еркинлестириўде мәмлекеттиң дыққат орайында турыпты. Ҳәр қыйлы ҳәкимият тармақларының бир-биринен ғәрезсиз ҳалда жумыс алып барыўы тәмийинленбес екен, хәкимият уйымларынын айырым ўәкилликлери ақыр-ақыбетте жәмәәтшиликке берилмес екен, «күшли мәмлекеттен күшли жәмийетке қарай» принципин жүзеге шығарып болмайды.

Мәмлекет әмелге асырып атырған реформалардағы изшиллик еркинлестириў процессине қарата да қолланылыўы шәрт. Мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларының бир путин системасын ҳәм оны қураўшы буўынларды еркинлестириў жудә қурамалы, көп қырлы процесс болып есапланады. «Еркинлестириў коринислеринин басқышпа-басқыш әмелге асырылыўы, турақлылығы ҳәм абсолют қағыйдалары усы процесстин изшиллигин тамийинлеуге имканият жаратып береди. Жәмийетимиз турмысын еркинлестириу процессинин тийкаргы мазмуны болса инсан хуқықлары хам еркинликлери, Конституция хам нызам үстинлиги, пуқаралардың нызам алдында теңлиги, мәмлекет ҳәм жәмийет ислеринде қатнасыўы ушын жаратылған имканиятлар менен байланыстырылыўы лазым.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, жергиликли хәкимият уйымлары хызметин еркинлестириў бир қанша уәкилликли ўазыйпаларды орайдан орынларға, мәмлекеттен жергиликли ҳәкимият уйымларына, мәмлекетлик емес дузилмелер, жәмәәтлик бирлеспелерине ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына басқышпа-басқыш өткизип барыўды талап етеди. Жергиликли ҳәкимият ўәкилликлеринин кеңейтирилиўи олардың еркин хызмет көрсетиўи, бунын нәтийжесинде пуқаралық жәмийет тийкарларын кәлиплестириў процессине турақлы қатнасыў ушын беккем таяныш жаратады. Усы уақытта жәмийет хам мәмлекет қурылысын еркинлестириўде жергиликли уәкиллик уйымлары

абыройынын жоқары дәрежеге көтерилиўи ушын қолайлы имканиятлар пайда болды. Сондай-ақ ҳәкимияттың айырым ўәкилликлерин орай ықтыярынан алып таслаў, орай ўәкилликлериниң бир бөлегин областларға, жергиликли хәкимият уйымларына әсте-секин алып бериў жолларын излеп табыў обьектив зәрурликке айланбақта.

Мәмлекет ўәкиллеринен бир бөлегинин жергиликли хәкимият уйымлары ықтыярына берилиуи менен бирге область, қала хам районларда хызмет көрсетип атырған басқарыў системасы буўынларының ўәкилликлерин анық белгилеп бериў, олардын өз-ара байланыслы хызмет көрсетиўин тәмийинлейтуғын орталық, нәтийжели механизмди қәлиплестириў айрықша әҳмийетке ийе мәселе болып қалмақта.

Жергиликли хәкимият уйымларының функционаллық уазыйпалары анық белгиленбесе ҳәм бир-биринен айырмашылыққа ийе болмаса олардың мәмлекеттиң стратегиялық мақсетлери жолында бирге хызмет көрсетиўине ерисип болмайды. Жергиликли хәкимият уйымларының функционаллық ўазыйпалары анық белгиленбесе ҳәм бир-биринен айырмашылыққа ийе болмаса олардың мәмлекеттиң стратегиялық мақсетлери жолында бирге хызмет көрсетиўине ерисип болмайды. Жергиликли ҳәкимият ўәкиллик уйымлары хызметин халык аралық демократиялық нормаларға сай келтирип еркинлестириў олардың мәмлекетлик дузимниң басқа буўынлары менен, ауеле жергиликли атқарыў хәкимияты, мәмлекетлик емес шөлкемлер, жәмәәтлик бирлеспелер хам пуқаралардын өзин-өзи басқарыў уйымлары менен өз-ара қатнасықлары принциплерин анық белгилеп алыўды талап етеди. Усы уақытта оларды муўапықластырыў тек атына ғана рәсмий түрде емес, ал халықтың кәлеўи, сиясий мәплери жолында әмелге асырылыўы дәркар. Усы усылда еркинлестириў керексиз қадағалау ҳәм артыкша буйрыкпазлык пенен шугылланатугын бууынларды сапластырыуды талап етеди. Ҳәр кандай кадагалау зарурли характерге ийе болыуы, малим бир дауирде амелге асырылыуы хам репрессив методлардан тыс болыуы лазым.

Усы принциплерден биреуине сай туспеген кадагалау ҳәм тексериў ислерин орынлайтугын шөлкемлер ҳәр кыйлы институтлардын, атап айтканда жергиликли хакимият уйымларынын жамийетлик рауажланыуына емес, хызмет натийжесинин азайыуына хызмет кылады. Жергиликли хакимият уйымларынын хызметин еркинлестириу хакимлердин функционаллык хызметинин уазыйпалары хам оларга жуклетилген жууапкершиликлерге де жанаша катнасыкта болыуды талап етеди. Жергиликли мамлекет хакимияты путкил системасын баскарыуда хакимлерге кобирек гарезсизлик берилсе, олардын бул тараулардагы уакилликлери хам хукыкларының колеми кенейтирилсе, пукаралардын социаллык, экономикалык сиясий хам руухый-мадений маплерине сай келетугын карарлар кабыллау оларды кунделикли турмыска кенирек усыныу хам орынланыуында жууапкер шахслардын хукык хам миннетлемелери жеке жууапкершиликлерин асырыу имканиятлары жаратылады. Хакимлерге оз уакилликлерин орынлап атырган уакилликли

уйымларына да жеке басшылык кылыу хукыкынын берилиуи, аймаклардын еле пайдалана алмай атырган жетискенлигинен натийжели пайдаланыу, оларды жокарыдан буйрык кутип отырмастан улыума мамлекет маплерине багдарлау, басламашылык, исбилерменлик пенен ис жургизиу, жанаша жантасыуларды жузеге келтириу имканиятын береди.

Областларда мамлекет хакимиятын билдиретугын уйымлар хызметин еркинлестириудин жане бир ахмийетли багдарларынан бири олардын сияий партиялар, мамлекетлик емес, коммерциялык емес бирлеспелер, жамаатлик шолкемлер, пукаралардын озин-ози баскарыу уйымлары менен бирге ислесиуин беккемлеуден ибарат. Сондай-ак пукаралык жамийетин қәлиплестириўдиң үстинликке ийе бағдарларынан бири-мамлекетлик емес хам жамаат шолкемлерин рауажландырыу болып есапланады. Жергиликли хакимият уйымлары Конституция хам мамлекет нызамлары колеминде хызмет корсететугын, жәмийетлик-экономикалык раўажланыўдың актуаль ҳәм келешектеги машкалаларына тийисли конструктивлик усынысларга, оз дастурлерине ийе болган ҳәттеки, мәмлекет ҳәкимияты уйымлары менен басеке кыла алатугын мамлекетлик емес, жамаат шөлкемлери менен бирге ислесиў мақсетке муўапык болады. Усы бирге ислесиудин тийкарын болса мәмлекет суверенитети, оның аймақлық пүтинлиги хам шегаралары кол-катылмаслыгын тамийинлеу, тынышлык хам тураклылыкка хызмет кылыудан ибарат болмагы керек.

**Қарақалпақстанда жергиликли ҳәкимият уйымлары қатнасықларының ҳуқықый тийкарлары.**

Ҳәр қандай мәмлекетте, мәмлекеттиң характерине сай келетуғын, оның функцияларын орынлаў қәбилетине ийе болған, ҳәкимиятты әмелге асыра алатуғын мәмлекетлик уйымлар, атап айтқанда жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары бар болыўы керек.

Өзбекстан Республикасында 1991-жылы 31-августта ғәрезсизлик жәрияланғаннан кейин, мәмлекетлик уйымлардың системасын, жумыс алып барыў тәртибин, структурасын раўажландырыў жаңа басқышқа кирди.

Өзбекстан Республикасының Жергиликли ҳәкимият уйымларын қайта дүзиў ҳаққындағы 1992-жылғы 4-январдағы нызамы, республикада жергиликли ҳәкимшилик уйымларының жаңа системасы пайда болыўында айрықша әҳмийетке ийе болды. Бул нызамның әҳмийетли тәрепи, биринширден, жергиликли орынларда ҳәкимияттың еки ғәрезсиз уйымлары болыўын (ўәкиллик ҳәм атқарыўшы уйымлары), екиншиден, атқарыў ҳәкимияты уйымлары ўәкиллик уйымына бойсынбайтуғын уйым екенлиги, үшиншиден, орынларда жеке басшылық тийкарында жумыс алып барыўшы ҳәким лаўазымынының енгизилгенлигинде болып табылады.

1993-жыл 24-декабрде „Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында“ғы Қарақалпақстан Республикасының нызамы қабыл қылынды. Бул нызам Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы нормаларын турмыста жәрия етип,

жергиликли ўәкиллик ҳәм атқарыў ҳәкимияты уйымларының жаңа системасын беккемледи. Нызам нормалары орынларда бир-бирине бойсынбайтуғын, ғәрезсиз ўәкиллик ҳәм атқарыў ҳәкимиятын әмелге асырыўшы уйымлардың ҳәрекетин тәртипке салады.

Нызамның әҳмийети ҳәм жаңа тәреплери:

1) ўәкиллик ҳәм атқарыў ҳәкимиятының жаңа системасы орнатылғанлығы ҳәм оларды ғәрезсиз бөлек мәмлекет ҳәкимияты уйымы сыпатында белгилениўи;

2) Жергиликли ҳәкимият уйымларының ўәкилликли уйым болыўын, ғәрезсизлигин тәмийнлеў мақсетинде нызамда жергиликли ҳәкимият уйымларының экономикалық ҳәм финанслық тийкарларының белгиленгенлиги;

3) Жергиликли ҳәкимият уйымларының ҳәрекетинде нызамшылықты күшейтириў ушын олардың ҳәрекетиниң кепилликлерин нызамның айрықша (VII) бабында беккемленгенлиги;

4) биринши мәрте жергиликли ҳәкимият уйымларының барлық басқышы хызметиниң жеке нызам менен тәртипке салыныўы (бурын ҳәр бир басқыштағы уйымлар ушын бөлек-бөлек нызамлар қабылланар еди) ҳәм нызамның ықшамлылығы аркалы белгиленеди.

Солай етип, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққындағы нызамды тереңирек үйрениў, оның нормаларын түсинип жетиў, ақыбет нәтийжесинде жергиликли ҳәкимият уйымларының ҳәрекетин жәнеде жақсылаўға алып келеди. Лейкин өткен дәўир тәжирийбесинен келип шығып айтыў мүмкин жақсы нызам қабыл қылынды, бунын менен жергиликли ҳәкимият уйымларының хызметиндеги барлық машқалалар толық өз шешимин тапты деп айтыў натуўры есапланады. Машқалаларды, қойылған ўазыйпаларды толық шешиў ушын көплеген қосымша факторларды жүзеге келтириў зәрүр (кадрлар, экономикалық-финанслық дереклер ҳ. т. б.), сонда ғана гөзленген мақсетке ерисиўимиз мүмкин.

Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының жумыслары Қарақлпақстан Республикасы Конституциясы, усы нызам ҳәм Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының басқада нызам актлери менен ретлестириледи. Конституция нормаларында жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәрекетиниң конституциялық тийкарлары беккемленген болса, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққындағы нызам жергиликли ҳәкимият ҳәм атқарыў уйымлары ҳәрекетиниң барлық басқышларын: олардың системасын, дүзилиў тәртибин, ўазыйпаларын, ўәкилликлери, шөлкемлестириў хызметиниң формалары, олардың жумысының экономикалық ҳәм финанслық тийкарларын тәртипке салады. Бул нызам әўелги нызамлардан айырмашылыққа ийе болып, орынлардағы ҳәкимият ҳәм аткарыў уйымларының барлық басқышының жумысын тәртипке салады.

Халық депутатларының Кеңеслери районларда ҳәм қалаларда (районлық бағыныўдағы қалалардан басқа) ўәкилликли ҳәкимият уйымлары болып табылады.

Районның, қаланың ҳәкими районның, қаланың ең жоқары лаўазымлы адамы болып табылады ҳәм усының менен бир ўақытта тийисли аймақта ўәкилликли ҳәм атқарыў ҳәкимиятын басқарады.

Халық депутатларының Кеңеслери ҳәм ҳәкимлердиң тийкарғы ўазыйпалары:

- тийисли аймақлар ушын улыўма болған жәмийетлик экономикалық раўажланыў ўазыйпаларының әмелге асырылыўын;

орынларда Конституция ҳәм нызамлар, Олий Мәжилистиң басқа ҳүжжетлери, Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманларының қарарлар ҳәм бийликлеринин, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ҳүжжетлеринин, Қарақалпақстан Республикасы нызамларының, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң басқада шешимлеринин, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қарарлары ҳәм бийликлеринин, жоқары турыўшы ҳәкимлердиң шешимлериниң орынланыўын;

- республиканың мәмлекет ҳәкимияты басқарыў уйымлары менен пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ортасындағы байланысларды;

-пуқараларды район ҳәм қалаларды басқарыўға қатнастырыўды тәмийнлеўден ибарат.

Районның, қаланың ҳәкими Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымнан босатылады ҳәм халық депутатларының тийисли Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

Районның, қаланың ҳәкими әлбетте тийисли халық депутатларының Кеңеслериниң депутаты болыўы керек.

Районлық бағыныўдағы қала ҳәкими Жоқарғы Кеңес Баслығының келисими бойынша районның ҳәкими тәрепинен лаўазымға тайынланады ҳәм босатылады, халық депутатларының районлық Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

Халық депутатларының Кеңеслериниң ҳәм ҳәкимлердиң ўәкиллик мүддети-бес жыл болып есапланады.

Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң тийкарғы жумыс формасы сессия болып, ол жылына еки реттен кем шақырылмайды.

Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы район ҳәм қала ҳәкимлери аппаратының үлгили структурасы ҳәм штатлары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың „барлық буўындағы мәмлекет уйымларының хызметиниң ҳуқықый тийкары болып хызмет қылатуғын нызамлар системасын жаратыў лазым"-деген сөзлери еле бул тараўда көплеген ислер қылыў зәрүрлигин көрсетеди.

Халық депутатларының кеңеслери мәмлекет ҳәкимиятының халыққа тиккелей жақын турған ҳәм ең көп органы есапланады. Олар мәмлекеттиң мәплерин ҳәм усы аймақта жасайтуғын пухаралардың мәплерин қорғайды. Халық депутатларының кеңеслери жоқары мәмлекет органларының қарарларын иске асырады, өзлерине бойсынатуғын мәмлекетлик мәкемелерге, кәрханаларға,

мектеплерге, емлеўханаларға, басқа шөлкемлерге ҳәм ведомстволарға басшылық етеди. Нызамлардың қатаң сақланыўын, жәмәәт тәртибин қорғайды.

Республикалық ҳәм жергиликли әҳмийеттеги мәселелерди қорғаўға қатнасады.

Жоқарғы органлардың өзлерине берилген ўәкиллик шеңберинде қабыл еткен карарлары төменги органлардың орынлаўы мәжбур болып есапланады. Халық депутатларының ўәлаятлық, районлық, қалалық кеңеслериниң негизги жумыс формасы сессия болып табылады. Ол тийисли ҳәким, ал ҳәкимниң жоқлығында оның орынбасарларынан бири тәрепинен жағдайдың талап етиўине қарай, бирақ жылына кеминде еки мәртебе шақырылады. Сессия соның менен бирге халық депутатларының тийисли кеңесиниң депутатларының кеминде үштен еки бөлегиниң интасына муўапық шақырылыўы мүмкин. Кеңестиң сессиясын шақырыў ҳаққындағы қарардан депутатлар сессия ашылыўдан кеминде жети күн бурын хабардар етиледи.

Жаңа сайланған халық депутатлары ўәлаят, район, қала кеңеслериниң биринши сессиясы ҳәким тәрепинен сайлаўдан кейин ең кем дегенде үш ҳәпте ишинде шақырылады ҳәм ол кеңес депутатлардан бири тәрепинен ашылады. Халық депутатларының кеңесиниң сессияларында ҳәким, ал ол жоқ болса кеңестиң қарарына ямаса ҳәкимниң тапсырыўына муўапық усы кеңестиң депутатларынан бири басшылық етеди.

Халық депутатлары кеңестиң ҳәр бир сессиясын өткериў дәўиринде депутатлар арасында сессияның секретары ямаса секретариаты сайланады. Халық депутатлары кеңесиниң сессиясы, егер онда гүллән депутатлардың кеминде үштен-еки бөлеги қатнасса, ўәкилликлер есапланады.

Халық депутатларының ўәлаятлық, районлық, қалалық кеңесиниң сессиясында додаланып атырған мәселелер бойынша ашық ямаса жасырын даўыс бериў арқалы депутатлардың улыўма санының көпшилик даўысы менен қарар қабыл етиледи. Халық депутатлары кеңесиниң сессияларын шақырыў ҳәм өткериў, сессиясының додалаўына мәселелер киргизиў ҳәм оларды қарап шығыў халық депутатларының кеңесиниң органларына шөлкемлестириў және сайлаў, олардың хызметине байланыслы есапларын тыңлаў депутатлардың сораўларын, қарар жойбарларын, даўыс бериў, қарарларды дағазалаў, сессияға мирәт етилетуғын адамлардың санын аныңлаў тәртиби, сондай-ақ депутатлардың жуўапкершилиги ҳәм сессияның жумысын шөлкемлестириўге байланыслы басқа мәселелер халық депутатлары кеңесиниң ис тәртибине муўапық белгиленеди.

Халық депутатларының ўәлаятлық, қалалық кеңеслериниң негизги ўәкилликлерине.

Ҳәкимниң усыныўына муўапық жергиликли бюджет ҳәм оның орынланыўына байланыслы есабын, аймақты раўажландырыўдың бийғәрезсизликке бағдарланған бағдарламаларын, районның, қаланың бас режеси ҳәм оны қарап шығыў қағыйдаларын тастыйықлаў.

Ҳәрекеттеги нызамларға муўапық жергиликли салықлар, жыйымлар, баж муғдарын белгилеў, жергиликли бюджетке түсетуғын жергиликли салықлар, жыйымлар ҳәм төлемлер бойынша жеңилликлер бериў.

Ҳәкимди ҳәм оның орынбасарларын лаўазымнан босатыў олардың хызметине байланыслы есапларын тыңлаў.

Усы нызамда көзде тутылған жағдайларда ҳәкимниң қарарларын тастыйқлаў, халық депутатлары кеңесиниң жумыс тәртибин, халық депутатлары кеңесиниң турақлы ҳәм басқа комиссиялары ҳаққындағы нызамларды тастыйқлаў, оларға өзгерис ҳәм қосымталар киргизиў.

Халық депутатлары кеңесиниң турақлы ҳәм ўақытша комиссияларын, басқа органларын дүзиў, сайлаў ҳәм тарқатыў, олардың қурамын өзгертиў, олардың жумысына байланыслы есапларын тыңлаў.

Нызамларда белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте халық депутатларының ўәкилликлерин қорғаў ҳәм-мүддетинен бурын тоқтатыў, оларды жуўапкершиликке тартыў ушын разылық бериў.

Атқарыў ҳәкимиятының бөлимлериниң, басқармаларының, басқа структуралық бөлинбелердиң есапларын тыңлаў.

Халық депутатларының сораўларын қарап шығыў ҳәм олар бойынша қарарлар қабыл етиў. Ҳәкимниң ҳәм төменги кеңестиң Өзбекистан республикасы нызамларына сай келмейтуғын қарарларын бийкар етиў.

Ҳәкимниң усынысына муўапық ҳәкимлик структурасын, оның хызметкерлериниң штатларын ҳәм ис ҳақы фондын тастыйықлаў киреди. Халық депутатларының ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслери пухаралардың ҳуқықларына жәнe нызамлық мәплерине, социаллық экономикалық раўажланыўын тәмийнлеўге, қоршап турған орталықты қорғаўға байланыслы өз ўәкилликлерине берилген ўазыйпаларды, шөлкемлестириў мәселелерин ҳәм Өзбекистан Республикасы нызамларына муўапық қадағалаўға байланыслы ҳәм басқа да мәселелерди шешеди.

Ўәкиллик ҳәм атқарыў ҳәкимиятын тийислигине қарай ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимлери басқарады. Олардың ўәкиллик мүддети 5 жыл ўәлаят ҳәкимлери ҳәм Ташкент қаласы ҳәкими Президент тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымнан босатады.

Район ҳәм қала ҳәкимлери тийисли ўәлаят ҳәкими тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымынан босатылады. Өзбекстан Республикасының Конституциясына тийкарланып аўылларды, мәҳәллелерди басқарыўда анағурлым жетисқенлик ҳәм бийғәрезлик жүз берди. Усыған муўапық қалаша, аўылларда сондай-ақ олардың қурамындағы мәҳәллелерде пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары болып олар еки ярым жыл мүддетке баслықты (ақсақалды) ҳәм оның мәсләҳәтгөйлерин сайлайды. "Пухаралардың өзин-өзи басқарыў ҳаққындағы" нызам 1993 жылы 2 сентябрьде қабыл етилди. Бул нызамға муўапық қалада, аўылларда, сондай-ақ олардың қурамындағы мәҳәллелерде пухаралардың жыйналыслары өзин-өзи

басқарыў органлары болып, баслық (ақсақал) ҳәм оның мәсләҳәтгөйлери тийисли район, қала ҳәкими менен келисилген жағдайда сайланады. Жыйналыста усы аймаққа тийисли болған барлық мәселелер қаралып, ашық даўыс пенен қарар қабыл етиледи. Пухаралардың жыйналысы сондай-ақ халық депутатларының кеңеси, ҳәким тәрепинен ямаса 18 жасқа шыққан ҳәм усы аймақта жасап атырған пухаралардың үштен бир бөлегиниң интасы менен шақырылыўы мүмкин. Қарақалпақстанның мәмлекетлик қурылысында мәмлекетлик ҳәкимияттың жергиликли уйымларының жумысын жетилистириў көп ғана жыллардан бери өз шешимин айтарлықтай дурыс таба алмай киятырған машқалалардың бири еди. 1992 жылдың 11 апрелине шекем, яғный жоқарғы советтиң XII шақырық 8 сессиясына дейин республика районларында ҳәм қалаларында ҳәким лаўазымын шөлкемлестириў деген гәпте болмады. Қарақалпақстанда барған сайын жергиликли советлердиң ҳуқықый статусын бекемлеў ҳәм оның қолына берилген басшылықты жетилистириў даўам етти. Бирақ Өзбекистанның ҳәкимияттың жергиликли уйымларын қайтадан шөлкемлестириў нызамында болса базар экономикасы қатнасықларына өтиў дәўиринде республикада атқарыўшы ҳәкимияттың жумысын беккемлеў нәзерде тутылған еди. Сонлықтан Өзбекистан ўәлаятларында, районларда ҳәм қалаларда ҳәким лаўазымлары шөлкемлестирилип ол орынлардағы жергиликли ўәкиллик ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятты басқаратуғын болды. Жоқарыда аты аталған Өзбекистанның нызамында Қарақалпақстанда ҳәкимияттың жергиликли уйымларының жумысын қайта шөлкемлестириў оның еркине берилген болып, ол ҳәм республиканың өзиниң нызамы менен де ретлестириледи деп көрсетиледи. Жуўмақлап айтқанда, ҳәкимлик институты Қарақалпақстанда қәлиплесип ҳәм оның жумыслары ҳәзирги заман талапларына муўапық жетилистирилип атырған бир дәўирде Өзбекистан Республикасының 1992 жылғы Конституциясы жергиликли мәмлекет ҳәкимияты тийкарларын белгилеп берди. Ал Қарақалпақстанда 1993 жылы 9 апрельде қабыл етилген оның конституциясында орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимияттың тийкарларын анықлады. Солай етип республикамыздағы орынларда мәмлекетлик ҳәкимияттың жумысларын шөлкемлестириў конституциялық жол менен анық белгиленди.

Жергиликли ҳәкимият уйымларының бийлигине конституция бойынша томендегилер берилди. Нызамшылықты, ҳуқықый тәртипти ҳәм пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийнлеў, аймақларды экономикалық социаллық ҳәм мәдений жақтан раўажландырыў мәселелери, жергиликли салықларды, жыйымларды белгилеў бюджеттен тыс қорларды дүзиў, жергиликли коммуналлық хожалыққа басшылық етиў, қоршап турған орталықты қорғаў, пуқаралық ҳалаты актлерин дизимге алыўды тәмийнлеў, Қарақалпақстанның конституциясына ҳәм нызамларына қайшы келмейтуғын нормативлик актлерди қабыл етиў мәселелри киреди.

Халық депутатларының Кеңеслери мәмлекет ҳәкимиятының халыққа тиккелей жақын турған халық пенен сабақлас байланысқан ең көп санлы

тийкарғы органы болып есапланады. Олар мәмлекет мәплерин ҳәм сол аймақта күн кешириўши пухаралардың мәплерин гөзлеўи ҳәм қорғаўы тийис деп тастыйықланған.

Халық депутатларының кеңеслери жоқары мәмлекет уйымларының қарарларын иске яғный әмелге асырып отырады. Нызамлардың қатаң сақланыўын жәмәәт тәртибин қорғайды.Республикалық ҳәм жергиликли әҳмийеттеги мәселелерди қорғаў усы уйымның атқаратуғын ўазыйпасы болып нәзерде тутылады.

Ҳәкимлер өз ўәкилликлерин жеке басшылық тийкарында әмелге асырады. Өзлери басшылық етип атырған уйымлардың қарарлары және хызмет ислеўи ушын жеке өзи жуўапкер болып табылады. Өзин өзи басқарыў уйымлары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда қатнасыўға байланыслы өз ҳуқықларын ис жүзине шығарыўда пухараларға көмеклеседи. Өз аймақларында жәмийетлик ҳәм хожалық ўазыйпаларын шешиў, массалық мәдений илажларды өткериў, мәмлекет ҳәкимиятына ҳәм басқарыў уйымларына Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын, Өзбекстан Республикасы нызамларын, Өзбекстан Республикасы ҳүкиметиниң халық депудатлары кеңеслери менен ҳәкимлериниң қарарларын орынлаўда жәрдемлесиў мақсетинде пухараларды бирлестиреди. Өзин-өзи басқарыў уйымларының хызмет көрсетиў бағдарламасы, елатлы пунктлерди абаданластырыў ҳәм санитариялық жағдайын жақсылаўға қаратылған илажлардың жобаларын тастыйықлайды. Жуўмақлай келип соны айтыўымыз мүмкин жергиликли ҳәкимият уйымларыда мәмлекетимизде бирден-бир шешиўши орынды ийелейди.

## Тема 14: Жергиликли атқарыў ҳәкимияты уйымларының жумысын шөлкемлестириў.

- Жергиликли атқарыў ҳәкимиятының басшылығы: мәкеме хаткери, тармақ жыйнақлары, мәсләҳәт кеңеси мәжлислерди таярлаў, ҳәкимиятга халықты қабыл етиўди шөлкемлестириў.
- Ҳәкимниң биринши орынбасарларының, орынбасарларының жумысын шөлкемлестириў.
- Қала қурамындағы районлар ҳәм районларға бойсыныўшы қала ҳәкимлериниң жумысын шөлкемлестириў.

Жергиликли атқарыў ҳәкимияты уйымларының жумысын шөлкемлестириў Өзбекстан Республикасының Конституциясы, Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында“ нызамы, халық депутатларының ўәлаят, район ҳәм қала кеңеслериниң ис тәртиби ҳәм басқа нормативлик нызам-ҳүжжетлери тийкарында шөлкемлестириледи. Өзбекстан Республикасындағы айырым халық депутатлары кеңеслеринде ҳәкимниң атқарыўшы мекемеси туўралы режелер қабыл етилген.

Атқарыўшы мекеме  ҳәкимниң басшылығы астында ислейди. Атқарыўшы мәкеме қурамына белгили бир ўазыйпаны орынлаўшы бөлимлер сыпатында ҳәким секретариаты ҳәм тармақ  кодекслери киреди.

Ўәлаят, район, қала атқарыў ҳәкимиятына ҳәким басшылық етеди. Ҳәким Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети белгилейтуғын  муғдарда биринши орынбасарға ҳәм  орынбасарларға ийе болады.

Жергиликли атқарыў ҳәкимиятының уйымлары (ҳәкимлер) басқармалар, бөлимлер ҳәм бөлимшелерден ибарат болып олардың структурасы, олардың шөлкемлестириў тәртиби ҳәм жумысы Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети тастыйықланған тийисли  нызамлар менен белгиленеди.

Секретариат сессияларға,  мәжилислерге Мәсләҳәт кеңесине таярлықты қабыл ететуғын қарарлардың  экспертиза исиниң перспективалық ҳәм ҳәрекеттеги жобаларын ислеп шығыўды халық депутатлары Кеңесиниң  турақлы комиссияларына әмелий жәрдем көрсетиўди, сондай-ақ олардың орынланыўын нәтийжели қадағалаўды шөлкемлестиреди, районларға әмелий жәрдем көсретеди, ис  жүритиўди  қадағалайды. Секретариат ҳәким мәкемеси жумысының экономикалық, материаллық, техникалық ҳәм хабар  қураллары тәмийинлеўди әмелге асырады. Хожалық ҳәм социаллық мәдений қурылыс тармақларын пухталық пенен басқарыўды тәмийинлеў ушын бас басқармаларды, бөлимлер ҳәм атқарыўшы бөлимшелерди бирлестириўши тармақлар дүзиледи. Бул тармақларға басшылық етиў ҳәкимниң орынбасарларына жүкленеди.

Мәсләҳәт Кеңеси - Мәсләҳәт Кеңеси уйымының  мәжилислери зәрүр болғанда ҳәким тәрепинен шақырылады ҳәм соның басшылығында өткизиледи.

Мәжилислердиң күн тәртибин дүзиў, оларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў, ҳүжжетлерди рәсмийлестириў ҳәким  секретариатының баслығы тәрепинен әмелге асырылады. Кеңес мәжилисиниң күн тәртибин ҳәким тастыйықлайды. Кеңес мәжилислеринде қаралатуғын мәселелерди көрип шығыў ушын районлардың шақырылған ҳәкимлери, турақлы комиссиялардың баслықлары, бөлимлердиң, бас басқармалардың, басқармалар ҳәм бөлимлердиң басшылары, жәмийетшилик ҳәм хожалық шөлкемлеринин, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери қатнасыўы мумкин.

Кеңеслердиң мәжлислерин таярлаў ҳәм өткизиў ҳәким тәрепинен тастыйықланатуғын  регламентке муўапық әмелге асырылады. Ол жергиликли атқарыў ҳәкимияты ўәкиллигиниң мүддетине белгиленеди. Мәселелерди көрип шығыў тәртиби ҳәм өткерилетуғын  ўақты, баянатларға  қатнасыўшылар ҳәм шақырылған адамлар бир ўақытта  келетуғын етип белгиленеди.

Кеңеслердиң мәжлислериниң нәтийжелилиги ушын баянатлардың узақ созылмаўы ҳәм сөзге шығыўлар қысқа ўақыт көрилип атырған мәселелер бойынша сөйлеўи,  регламентке бойсыныў нәтийжеси болады.

Күн тәртибине киргизилген мәселелер бойныша мәлимлеме бериледи, кейин қысқаша пикир алысыў болады. Мәжилистиң барысы мәлимлемеде көринеди,

мәсләҳәт кеңесиниң мәжилислерин таярлаў Кеңес сессиясын таярлаў менен улыўма бирдей тәреплерге ийе. Өзбекстан Республикасында базыбир ҳәкимликлерде көп жағдайларда ҳәким мәкемесиниң мәжлислерин ҳәм материаллар таярлаў ҳаққында мәкемесиниң мәжлислерин ҳәм материаллар таярлаў ҳаққында арнаўлы тәртип қабыл етеди. Ҳәкимияттың барлық қарарларының жойбары оларға берилген уйымлардың басшылары тәрепинен қол қойылады, ҳәким, орынбасары ҳәм секретариат баслығы қол қояды ҳәм мәпдар шөлкем, кәрханалар менен келисип алынады, ҳәкимият аппаратындағы юрист мәсләҳәтши де қарар жойбарын көрип шығып қол қояды.

Ҳәкимниң жанындағы мәсләҳәт кеңесиниң мәжилислери арасындағы дәўирде шөлкемлестириў де атқарыў ҳәкимиятының күнделикли жумысына байланыслы болады.

Ҳәкимият басшыларының ҳәр бири мәсләҳәт кеңесиниң мәжлисинде ҳәм қарар қабыл етиўге ғана қатнасып қоймастан, ал оларды таярлаўға да ҳәм қарарларды орынлаў ҳәм қадағалаўды шөлкемлестириўге де қатнасыўы шәрт. Оларға әдетте турақлы ҳәм ўақытша тапсырмалар жүкленеди. Сонлықтан көп жағдайларда олар ҳәкимият қасындағы қандайда бир комиссия қурамына сайланады, халықты қабыл етеди.

Мәсләҳәт кеңеси мәжилислер аралығындағы дәўирде оның жумысының тийкарғы үш баслы бағдары болады.

1. Бөлим ҳәм басқарма, Кеңес ықтыярындағы шөлкемлер, мәкемелердиң жумысын бағдарлаў, басқарыўдың күнделикли мәселелерин шешиў;

2. Улыўма Кеңестиң үзликсиз ислеўин тәмийинлеў, сессияларды таярлаў, депутатларға жәрдемлесиў;

3. Халық пенен тиккелей байланыста болыў, жәмәәтши басламашы уйымларды, пухаралардың өзин өзи басқарыў уйымларын раўажландырыў.

Бөлим, басқарма Жергиликли Кеңес, кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелердиң жумысын бағдарлаў, олардың жумысын күнделикли қадағалап барыў, олардың жумысын муўапықластырыў, басқарыўдың базыбир мәселелерин шешиўден ибарат.

Ҳәкимияттың жумысын шөлкемлестириўде ҳәкимниң биринши орынбасары ҳәм орынбасарларының жумыс шөлкемлестириўи үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳәкимниң биринши орынбасары аймақтың хожалық ҳәм социаллық мәдений қурылыс тараўындағы жумысларды муўапықластырыў, пуқталық пенен басқарыў ҳәм олардың жумысын қадағалаўды тәмийинлейди. Ҳәкимниң биринши орынбасарлары қарар ҳәм бийликлер қабыл етеди.

Ҳәким өзиниң орынбасарлары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди. Ҳәкимниң орынбасарлары ҳәкимниң қарарларын ҳәм бийликлерин орынлаў мақсетинде де көрсетпелер береди, ҳәким орынбасарларының көрсетпелери ҳәким тәрепинен бийкар етилиўи мумкин.

Өзбекстан Республикасының „Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында“ ғы нызамына муўапық районларға бөлинген қалаларда ҳәм районларға бойсынған қалаларда Кеңеслер дүзилмейди.

Қала қурамындағы район ҳәкими қала ҳәкими тәрепинен тайынланатуғын болады ҳәм тийисли Кеңес тәрепинен тастыйықланады, қала ҳәкиминиң рәсмий ўәкиллери есапланады ҳәм оған есап береди.

Районлардың ҳәкимлери қала ҳәкими менен келискен ҳалда ҳәкимниң орынбасарларын тайынлайды. Район ҳәкимлериниң атқарыўшы мекемелери қала ҳәкими тәрепинен белгиленген хызметкерлер санынан келип шығып дүзиледи. Районлардың ҳәкимлери өзлериниң әмелий жумысларында Өзбекстан Республикасы нызамлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, жоқары басқарыўшы уйымлардың қарарлары ҳәм буйрықлары, тийисли Кеңес, қала ҳәкими қарарларын әмелге асырыў жумысын тәмийинлейди.

Районлардың ҳәкимлери қала ҳәкими, оның мекемеси тармақ бирлеспелери қала уйымлары ҳәм шөлкемлери кәрханалары, жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымлары менен болған қатнасықларда район атынан шығады.

Район ҳәм районларға бойсынатуғын қала ҳәкимлери қурылып атырған ҳәм ислеп турған өндирис кшлери, егер олар Өзбекстан Республикасының қоршап турған орталықты қорғаў, жерлерден ҳәм тәбийий қорлардан пайдаланыў, медициналық нормативлерге ҳәм қағыйдаларға бойсыныў ҳаққындағы нызамларға муўапық келмесе қурылысты тоқтатып қойыў яки тексериў ҳуқықына ийе болып табылады.

Мийнет ресурсларын тийисли аймақта пайдаланыўын тәмийинлейди, пуқараларды жумыс пенен тәмийнлеў, халықтың социаллық тәмийинленген қатламын социаллық қорғаў жүзесинен қандай шаралар көрилип атырғанлығы қадағалайды. Ҳәр жылы жоқары турыўшы ҳәкимге өз ислери бойынша есап берип, аймақтың келешекте социаллық экономикалық раўажландырыўы жүзесинен тийисли усыныслар көрсетеди.

Қала қурамындағы районлар ҳәм районларға бойсынатуғын қалалар ҳәкимлериниң көплеген ўәкилликлери жоқарыда турыўшы ҳәкимлер ҳәм халық депутатларының кеңеслери менен келисилген ҳалда әмелге асырылады.

Ўәлаят, қала, район ҳәкимликлеринде халық хожалық тармақлар бирлеспеси арқалы басқарыў әмелге асырылады. Мәселен, Ташкент қаласында 6 бирлеспе дүзилген. Санаат, транспорт, байланыс архитектура ҳәм қурылыс, социаллық сиясат, саўда ҳәм халыққа хызмет көрсетиў, экономикалық турақ жай коммунал ҳәм энергетика бирлеспелери. Ҳәкимниң тийисли комитетлери бас басқармалары, бөлимлери мине усы бирлеспелер арқалы басқарылады, буларға ҳәкимниң биринши орынбасары ҳәм орынбасарлары басшылық етеди. Жергиликли атқарыў ҳәкимиятының жумысын шөлкемлестириўге ҳәким аппаратына кириўши бөлимлердиң роли айрықша.

Улыўма бөлим ҳәким тәрепинен дүзиледи, тиккелей секретариат баслығына бойсынады. Улыўма бөлиминиң тийкарғы ўазыйпаларына:

-ҳәким атқарыў аппаратында ис жүритиўди анық түрде шөлкемлестириў ҳәм алып барыў;

-халық депутатлары кеңеслери сессияларын мәсләҳәт кеңеслерин техникалық түрде таярлаў ҳәм оларға хызмет көрсетиў;

-ҳәким аппараты секретариятында, бас басқармаларда, ислеп шығарыў бирлеспелеринде, район ҳәкимликлеринде ис жүритиўдиң бағдарламаларын талапларына сай түрде әмелге асырылыўына басшылық етиў ҳәм шөлкемлестириў;

-халық депутатлары кеңеси, ҳәким, ҳәким орын басарлары атына келген хат ҳәм ҳүжжетлердиң орынланыўы бойынша қадағалаў орнатыў, сол ҳүжжетлерди сақланыўын тәмийнлеў.

-халық депутатлары кеңеси, ҳәким аппаратында жумысқа алынған хызметкерлерди тийисли ҳүжжетлер, ишки жумыс тәртиби менен таныстырыўлар киреди.

Ҳуқықый бөлимлердиң тийкағы ўазыйпаларына төмендегилер киреди:

1) Халық депутатлары Кеңеслериҳәм ҳәкимниң қарар ҳәм буйрықлары жойбары бойынша  усыныслар таярлаў;

2) Район ҳәкимлериниң Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм тийисли ҳәкимлердиң қарар ҳәм буйрықларына, тийисли халық депутатлары қарарларына ҳәм әмелдеги нызамшылыққа қарсы қарар ҳәм буйрықларды бийкарлаў ҳәм оларды тоқтатып қойыў бойынша тийкарланған жуўмақлар таярлаў;

3) Халық депутатлары Кеңеслери турақлы комиссиялары, ҳәкимниң аппараты, аймақтағы суд, прокуратура әдиллик министрлиги,ишки ислер, қорғаныў, миллий қәўипсизлик тараўында жумыс алып баратуғын басқа мәмлекетлик уйымлар менен тийисли өз-ара бирге ислесиўшиликти тәмийнлеў;

4) тийисли халық депутатлары Кеңеслериниң ҳуқықый жумысын шөлкемлестириў, раўажланыў тәжирийбесин үйрениў;

5) Халық депутатлары жумысын муўапықластырыў.

Ҳәким атқарыў аппаратының шөлкемлестириўши кадрлар бөлими ҳәким тәрепинен дүзиледи ҳәм тиккелей  ҳәкимге бойсынады. Бөлим халық депутатлары Кеңеслери ҳәм ҳәкимият жумысын шөлкемлестириў усыллық тәмийинлеў ҳәм ҳәким аппаратына кадрлар таңлап алыў ушын дүзиледи. Бөлим өзи ҳаққында ҳәким алдында есап береди.

Шөлкемлестириўши кадрлар бөлиминиң тийкарғы ўазыйпаларына.

-халық депутатлары Кеңеси ҳәм ҳәкимият жумысын шөлкемлестириў, техникалық ҳәм усынлық тәмийнлеў;

-ҳәкимниң тапсырмасына тийкарланып Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманларын, ҳәкимниң қарар ҳәм буйрықларын орынлаўын қадағалаў;

-кадрларды таңлаў орын-орнына қойыў, оларды квалификациясын асырыў;

-пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына шөлкемлестириў ҳәм усыллық жәрдем көрсетиўлер киреди.

Ҳәким атқарыў аппараты ислер басқармасының ўазыйпаларына төмендегилер киреди:

- халық депутатлары Кеңеси ҳәм ҳәким атқарыў аппараты жумысына финанслық, техникалық ҳәм транспорлық хызмет көрсетиў;

- ҳәким көрип шығыў ушын Халық депутатлары Кеңеси ҳәм ҳәким атқарыў аппараты жумысы менен байланыслы қаржылар сиятасын ҳәм оның орынланыўы ҳаққындағы есабатты таярлаўды;

- ҳәким атқарыў аппаратында компьютер техникасын жәриялаў шараларын көреди;

- бухгалтер есабын, статистикалық есабат, дебитор ҳәм кредитор есабатларын аппарат хызметкерлери жумыс ҳақы карточкаларын алып барады;

- Ҳәкимлик ықтыярына келип түсетуғын материаллық байлықлардың есабын алып барады, банк пенен финанслық операциялар дүзеди.

- Ҳәкимлик аппаратындағы бөлимлер менен биргеликте атқарыў аппараты хызметкерлери мийнетин илимий шөлкемлестириў шараларын көреди.

## Тема 15: Халық депутатларының өз сайлаў округлериндеги жумысын шөлкемлестириў.

- Халық депутатларының өз сайлаў округлериндеги жумысларының ҳуқықый тийкарлары
- Жергиликли депутат Кеңеслеринин сайлаў округлериндеги тийкарғы ўазыйпалары
- Депутаттың халық арасында депутатлық жумысты алып барыўына байланыслы болған ҳуқық ҳәм миннетлемелери
- Сайлаў округлеринде депутатлардың бирликтеги жумысын шөлкемлестириў.

Мәмлекет ҳәкимиятының ўәкилликли ҳәм пухаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары жумысының шөлкемлестириў формалары арасында ўәкилликли уйымлары халық депутатларының Кеңеслери депутатлардың өз сайлаў округлеринде ҳәм пухаралардың өзин өзи басқарыў уйымының баслығы (ақсақалы) мәсләҳәтшилерин халық арасындағы жумысы айрықша орын ийелейди, себеби олар халық ўәкиллери болып есапланады.

Ҳәр қыйлы басқыштағы халық депутатларының Кеңеслери ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси депутатларының халық ўәкиллери сыпатында сайлаў округлериндеги ўазыйпаларының тийкары бирдей болып, олар „Өзбекстан Республикасында халық депутатларының статусы ҳаққында“ғы нызам менен белгиленеди. Нызамның 3-бабы „Депутаттың сайлаў окуругиндеги жумысы“ деп аталады.

Усы нызамның 17-статьясында депутаттың сайлаў округиндеги жумысына байланыслы ҳуқықлар келтирилген. Оларға төмендегилер киреди:

-Мәмлекетлик басқарыў уйымларында-ҳәкимиятларда сайлаў округлериндеги пухаралардың әҳмийетли мәплерине тийисли болған ҳәр қандай мәселелерди көрип шығыў ўақтында қатнасыў, бул уйымлар усындай мәселелердиң алдын-ала көрип шығылыўы ҳаққында депутатларды хабардар етип қойыўы шәрт.

-өзлериниң басламалары менен, зәрүр болса мәмлекетлик уйымларының ўәкиллери ҳәм жәмәәтшиликти қатнастырып, пухаралар ҳәм шөлкемлердиң мүрәжәтлерин ҳәм басқа да дереклерден мәлим болып қалған нызамлар, пухаралырдң ҳәм шөлкемлердиң ҳуқықлары ҳәмде нызамлы мәплериниң бузылғанлығын, шубқалылық ҳәм бюрократизм көринислери туўралы мағлыўматларды тексериў, буның ушын зәрүр мағлыўматларды алыў, тийисли уйымлар ҳәм мәпдар шахслардан анықланған кемшиликлерди сапластырыўды талап етиў;

- округ сайлаўшыларының жыйналыслары, конферецнияларын, мийнет жәмәәтлериниң ҳәм шөлкемлердиң, сиясий партиялардың жергиликли уйымлары белсендилери менен ушырасыўлар өткериў;

-депутат баспа сөз тараўларында (радио ҳәм телевидение арқалы) өзиниң депутатлық жумысы негизинде шығып сөйлеўлерге үстин дәрежеде ҳақылы болып есапланады.

Өзбекстан Республикасында халық депутатлары ғалаба хабар қуралларынан шығып сөйлеў ҳуқықынан пайдаланыўда өз ара тең ҳуқықлы болып табылады.

Депутатлар нызамларды, Кеңес ҳәм оның уйымлары қарарларының орынланыўын қадағалап барыўы, жәмәәтшилик пикирлерин үйрениўи, Кеңес ҳәм оның уйымларына халықтың талап ҳәм зәрүрликлерин жеткизиўи, оларды қанаатландырыўда илажлар көриўи, тийисли уйымларды көрип шығыўы ушын депутатлық жумысынан келип шығатуғын усынысларды киритиўи лазым.

Депутатлардың бул ўазыйпалары пухаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының баслықларына мәсләҳәтшилерине де тийисли болады. Соның менен бирге жергиликли Кеңеслер депутатлардың округлериндеги жумысы өзине тән тәреплерине ийе болып, ол жергиликли Кеңеслердиң халыққа жақын турыўы менен, депутатлардың жәмәәтшилик ҳәм сайлаўшылар менен беккем байланыс орнатыўы ушын үлкен имканиятлары менен, белгиленеди.

Сайлаў округлериндеги жумыслардың биринши күнинен баслап-ақ депутатлар кең жәмийетшиликке сүйенеди. Олар халықтың басламашы

жәмәәтшилик уйымлары: мәҳәлле, квартал, ата-аналар комитетлери, ҳәр қыйлы мәсләҳәтши уйымлар менен тиккелей байланыс орнатады. Депутатлар партиялар, кәсиплик ҳәм жаслар уйымлары менен де беккем байланыста болады. Бундай уйымлардың көмеклесиўи депутатларға әсиресе жаслар арасында тәрбиялық жумыс алып барыў, нызамшылыққа бойсыныўды тәмийинлеў ҳәмде сайлаўшылардың арза ҳәм мүрәжатлерин көрип шығыўды шөлкемлестириўде зәрүр болады.

Депутат жумысы нәтийжелилигиниң зәрүрли талабы, ол тәрепинен округ шараятын жақсы билиў болып табылады. Депутат өз сайлаўшыларының жумыс ҳәм жасаў жағдайларын үйренеди, округи аймағындағы қандай шөлкем ҳәм кәрханалардың барлығын қандай қоспа кәрханалар, қанша исбилермен барлығын, олардың функцияларын анықлайды.

Депутатлардың сайлаў округлериндеги шөлкемлестириў ҳәм тәрбиялық жумысының әҳмийетли мақсети Өзбекстанның ғәрезсизлигин беккемлеў, нызам ҳәм қарарларды турмысқа асырыўға ғалаба қатнасыўды тәмийнлеўден ибарат.

Депутатлар сайлаўшылар менен ушырасқанда Өзбекстан Республикасының Президенти, Олий Мәжилис, жергиликли Кеңеслердиң белгиленген илажларын әмелге асырады, мийнеткешлерге олардың әҳмийетин түсиндиреди, орынланыўын шөлкемлестиреди. Олар Кеңес ҳәм ҳәкимият қандай да бир илажды әмелге асырыў ушын қандай имканиятларға ийе екенлигин түсиндиреди ҳәм усы исте халықтың өзи не ислеўи мумкин екенлиги туўралы сөз етеди.

Депутат өзиниң шығып сөйлеген сөзинде кәрхана, шөлкем, ҳәм мәкеме мийнет жәмәәтлериниң ўазыйпалары туўралы тәсирли сөз етиў үлкен әҳмийетке ийе болады. Кәрхана ҳәм шөлкемлер жумысында көрсетилиўи мумкин болған алдыңғы тәжрийбелерди сөз етеди. Бундай жумыс формасы депутаттың таярлық дәрежесине, сайлаў округлериниң көлемине, халықтың қурамына байланыслы болады. Депутатлар сайлаўшылар алдында шығып сөйлейди ҳәм баянатлар жасайды, пухаралар менен гүрриңлесиўлер өткизеди.

Депутаттың сайлаў округиндеги жумысының әҳмийетли тәрепи, Кеңес ҳәм жоқарыда турыўшы уйымлардың жумысы ҳаққында халықты хабардар етип турыў ҳәм қарарлардың орынланыўын тәмийинлеўден ибарат. Депутаттың бул миннети „Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққында“ нызамда белгиленген.

Кеңес ҳәм ҳәкимият жумысы ҳаққында халыққа сөйлеп бергенде қабыл етилген қарарлардың мазмуны ҳәм мақсетин түсиндириўге, депутат олардың орынланыўына кең жәмәәтшиликти тартыўға ҳәрекет қылады.

Көпшилик жағдайларда депутатлар округте қандайда бир қарарды орынлаў турмысқа асырыў, сайлаўшылардың жәрдеминен пайдаланыў ҳаққында, ҳәкимият бөлим ҳәм басқарма басшылары менен алдын ала мәсләҳәтлесип алады. Депутатлардың басламасы менен аймақты абаданластырыў, көшелерди көгаллandырыў, тазалаў бойынша шембиликлер өткизилип турылады. Бундай илажларда депутатлардың қатнасыўы олардың абыройын асырады.

Кеңес, ҳәкимият ҳәм жоқарыда турыўшы уйымлардың қарарларының орынланыўын қадағалаў да депутатлардың ўазыйпасына киреди. Депутат өзиниң қадағалаў функцияларын өзине берилген барлық ҳуқықлардан пайдаланып әмелге асырады. Ол Кеңес, ҳәкимият яки оның уйымының тапсырмасына муўапық, Кеңес ўәкиллигине тийисли болған мәселелер жүзесинен кәрхана шөлкем ҳәм мекемелердиң жумысын тексереди, тексериў нәтийжелери тийкарында тийисли уйымларға мәлимлеме берди. Депутат керек болса олардың жумысын жақсылаў, анықланған кемшиликлерди сапластырыў, мәмлекет интизамын ҳәм нызамшылықты бузған адамларды жуўапкершиликке тартыў ҳаққында усынислар береди.

Депутатлар өз басламасы менен Кеңес ҳәм ҳәкимият алдына тексериў өткизиў ҳаққындағы мәселени де қойыўы мумкин. „Өзбекстан Республикасында халық депутатларының статусы“ ҳаққындағы нызамға тийкарланып депутатлар өз жумысына байланыслы болған мәселелер бойынша мәмлекет, жәмәәт уйымларына, кәрхана, шөлкем, мәкемелерге, лаўазымлы шахсларға мүрәжат етиў ҳуқықына ийе. Олар депутат қойған мәселени көрип шығыўға ҳәм нызам менен белгиленген мүддетте оған жуўап бериўге мәжбүр болып табылады.

«Депутатлардың статусы ҳаққындағы» нызам бойынша депутатларды мәмлекет ҳәм жәмәәтлик шөлкемлерге, кәрхана, мекеме, қоспа кәрханалар басшыларына, лаўазымлы шахсларға қаратылған мүрәжатларында болған ең әҳмийетли мәселелер тийислисинше ҳәкимиятта, Министрлик ҳәм уйымларда, Министрлер Кабинети ҳәм Олий Мәжилисте көрип шығыўлары лазым. Депутат өзи қойған мәселени көрип шығыўда сол уйымларда жеке қатнасыўы мүмкин. Көрип шығылатуғын күн ҳаққында сайлаў округинде жайласқан кәрхана, шөлкем ҳәм мекеме басшылары, депутаттың илтимасына көре, депутатлық жумысын әмелге асырыў ушын зәрүрли болған мағлыўмат ҳәм басқа материалларды да бериўи шәрт.

Депутат өз сайлаў округинде ең дәслеп халықтың зәрүрли талапларын қанаатландырыўға қаратылған қарарлардың орынланыўын ҳәм сайлаўшылардың наказларының орынланыўы бақлайды, сол қатнасық пенен депутатларға саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары, социаллық турмыс ҳәм мәдений мәкемелер, турақ жай уйымларының жумысына, жәмийетлик тәртипти сақлаўға итибар береди. Егер қадағалаўды әмелге асырыўға сайлаўшылардың өзлери қатнасса ҳәм анықланған кемшиликлерди сапластырыўда жәмәәтшилик пикири, күшинен пайдаланылса, депутатлық қадағалаў нәтийжелилиги үлкен болады.

Ҳәр бир депутат бир қәлипте сайлаўшыларды қабыл етип турыўы, хат ҳәм арзаларды көрип шығыўы пуқаралардың өз ҳуқық ҳәм мәплерин әмелге асырыўға көмеклесиўи лазым. Қабыл қылыў мүддетлери қандайда бир нормативлик актлерде көрсетилген емес, ол сайлаў округи аймағының көлемине Кеңес ҳәм ҳәкимияттың өзине сай тәртепине, жергиликли шараятларға қарап ҳәр түрли болыўы мүмкин. Область, район ҳәм қала Кеңеслериниң депутатлары халықты айына еки рет қабыл

қылады. Қабыл етиў күни ҳәм саатлары ҳаққындағы дағазалар тек қабыл етилетуғын орынға илдирип қоймастан, ал сол сайлаў округиниң ири кәрхана ҳәм шөлкемлеринде, адамлар көп топланатуғын орынларға да асып қойылады, бул радио арқалы дағазаланыўы ҳәм баспа сөзде жәрияланыўы мумкин. Депутаттың сайлаў округине барыўы ҳәм қабыллаўы бир неше күн даўам етиўи мүмкин.

Депутат тек ғана өзине келген арза ҳәм хатлар бойынша ислеместен, көплеген жағдайларда ҳәкимият, турақлы комиссиялар илтимасына көре хатлар бойынша тексериў өткизеди. Әдетте, депутатға өз сайлаў округи сайлаўшыларынан түскен арзаларды тексериў тапсырылады.

Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери бузылғанлығы яки нызамшылықты басқа түрде бузыў жағдайлары анықланған тәғдирде, мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкили болған депутат усы нызам бузыўшылықларды тоқтатыўды талап қылыўға, зәрүр жағдайларда болса усындай нызам бузыўшыларға шек қойыўды талап қылып, тийисли уйымларға ҳәм лаўазымлы шахсларға мүрәжат қылыўға ҳақылы болып табылады.

Депутат топарларын дүзиў, олардың қурамы ҳәм баслығы ҳаққындағы қарар жергиликли Кеңес сессиясында қабыл қылынады. Депутат топарлары сайлаўшылар наказларын, Кеңес ҳәм ҳәкимият қарарларының орынланыўын қадағалайды, оларды орынлаўға халықты қатнастырады.

Депутатлық топар ҳаққындағы Режеге көре, олар Кеңесте ҳәм ҳәкимиятта көрип шығыўы ушын мәселелер усыныўы мумкин. Депутатлардың бирликтеги жумысы ушын бирлесиўлери, ҳәр бир депутаттың өз ҳуқық ҳәм миннетлерин әмелге асырыўына имканият жарататуғын дәрежеде пайдалы ҳәм өз орнын ақлайды.

Халык депутатларының районлық ҳәм калалық Кеңеслерине депутатларды сайлаў улыўмалық болып табылады. Сайлаў күнине он сегиз жасқа толғын Қарақалпақстан Республикасы пуқаралы сайлаў ҳуқықына ийе. Сайлаў күни жигирма бир жасқа толған ҳәм де кеминде бес жыл Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағында турақлы жасап атырған пуқаралар сайланыў ҳуқықына ийе.

Суд тәрепинен уқыпсыз деп табылған пуқаралар, сондай-ақ суд ҳүкими менен еркинен айырыў орынларында қамақта сақланып атырған адамлар сайланыўы мүмкин емес ҳәм сайлаўда қатнаспайды.

Халық депутатларының районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине депутатларды сайлаў отыздан көп болмаған аймақлық сайлаў округлери дүзиледи. Ҳәр бир сайлаў округинен халық депутатларының тийисли Кеңесине бир депутат сайланады.

Халық депутатларының районлық ҳәм қалалық Кеңесине сайлаў өткериў ушын сайлаў округлериниң саны халық депутатларының тийисли Кеңеси тәрепинен сайлаўшылардың саны, аймақ ҳәм басқа да жергиликли жағдайлар есапқа алынған халда белгиленеди.

Сайлаў округлер әдеттегидей районлық, қалалық (район бағыныўындағы қалалрдан басқа) ҳәкимлердиң усыныслары бойынша тийисли районлық, қалалық сайлаў комииссиясы тәрепинен ондағы сайлаўшылардың саны тендей етип дүзиледи. Сайлаў округлериниң шегаралары районлардың ҳәм қалалардың ҳәкимшилик-аймақлық дүзилисин есапқа алған ҳалда белгилеленди.

Сайлаў округлериниң дизими олардың шегаралары ҳәм сайлаўшылардың саны көрсетилген ҳалда сайлаўдан жетпис бес күн алдын жәрияланады.

Сайлаў участкалардың, қалалардың шегараларын есапқа алған ҳалда сайлаўшыларға барынша қолайлы жағдай жаратыў мақсетинде дүзиледи. Сайлаў участкалары әскерий бөлимлеринде де дүзиледи ҳәм бөлим жайласқан орынларындағы сайлаў округине киреди. Сайлаў участкаларының шегаралары сайлаў округиниң шегараларын кесип өтпеўи керек.

Сайлаўды шөлкемлестириў ҳәм өткериў ушын:

-халық депутатларының районлық Кеңесине сайлаў бойынша районлық сайлаў комиссиясы;

-халық депутатларының қалалық Кеңесине сайлаў бойынша қалалық сайлаў комиссиясы;

-округлик сайлаў комиссиялары;

-участкалық сайлаў комиссиялары дүзиледи.

Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы тийисли халық депутатлы Кеңси тәрепинен сайлаўға кеминде сексен күн қалғанда комиссияның баслығы ҳәм алты-он төрт басқа ағзадан ибарат қурамда дүзиледи ҳәм де өз ўәкилликлерин тийисли халық депутатлары Кеңеслерине сайлаў бойынша гезектеги сайлаў кампаниясының басланғанлығын жәрия еткенге шекем әмелге асырады.

Комиссия баслығының орынбасары ҳәм хаткери комиссияның биринши мәжилисинде оның ағзалары арасында сайланады. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы өзиниң қурамы, мәкан жайы ҳәм телефон номерлери туўралы мағлыўматларды жергиликли рәсмий ғалаба хаба қуралларында жәриялайды.

Округлик сайлаў комиссиясы районлық, қалалық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўға кеминде жетпис күн қалғанда комиссияның баслығы, баслықтың орынбасары, хаткери ҳәм алты-сегиз басқа ағзасынан ибарат қурамда дүзиледи.

Участкалық сайлаў комссиясы районлық, қалалық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўға қырық күн қалғанда бес-он тоғыз ағзадан, соның ишинде баслық, баслықтың орынбасары ҳәм хаткерден ибарат қурамда дүзиледи.

Егер комиссия жети ағғзаға шекемги қурамда дүзилсе-онда баслық ҳәм хаткер сайланады.

Участкалық сайлаў комиссиясы қурамының саны зәрүр болған жағдайлада көбейтилиўи ямаса азайтылыўы мүмкин.

Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслерине сайлаў бойынша сайлаў кампаниясының басланғанлығы депутатлардың ўәкиллик мүддети питиўнен

кеминде үш ай алдын Қарақалпақстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен ғалаба хабар қуралларында жәрияланады.

Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңслериниң депутатлығына талабанлар көрсетиў сайлаўға алпыс бес күн қалғанда басланады ҳәм сайлаўға қырық бес күн қалғанда тоқтатылады.

Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлығына талабанлар сиясий партиялардың тийисли районлық, қалалық уйымлары тәрепинен ҳәм де пуқаралар жыйынларында (ўәкиллери жвыйналысларында) көрсетиледи.

## Тема 16. Халық депутатлары Кеңеслери сессияларын таярлаў ҳәм өткизиў тәртиби.

- Жергиликли Кеңеслер ўазыйпаларын шешиўде сессиялардың жетекши әҳмийети.
- Сессияларды таярлаў жумысларының тийкарғы басқышлары
- Кеңес мәжилислерин өткизиў тәртиби.
- Жергиликли Кеңеслер сессиялары әшкаралығын тәмийинлеў.

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары халық депутатлары Кеңеслери ўәкиллигине тийисли болған әҳмийетли мәселелерди сессияларға жыйналып шешеди. Өзбекстан Республикасының «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында»ғы нызамына көре, халық депутатлары ўәлаяты, район, қала кеңесиниң тийкарғы жумыс формасы сессия болып есапланады. Жергиликли кеңеслердиң гезектен тысқары сессиялары тийисли ҳәким, ҳәким жоқлығында болса оның орынбасарларынан бири тәрепинен зәрүрлигинен қарар жылына кеминде 2 реет шақырылды. Сессиялар депутатлары ҳәм олар атынан шығарылған сайлаўшылардың пикир ҳәм тәжирийбелерин ҳәр тәреплеме итибарға алыў, жергиликли шәраят талапларына жуўап беретуғын қарарлар қабыллаў имканиятын береди.

Сессия сондай-ақ, ҳәкимниң басламасына көре ҳәм халық депутатлары тийисли кеңеси депутатларының кеңесинде үштен бир бөлегиниң басламасы менен шақырылыўы мүмкин. Ҳәким кеңести гезектен тыс сессиясын ашылыўынан үш күн алдын өзиниң қарарын жәриялап сессияны шақырыўы мүмкин. Кеңес сессиясын шақырыў ҳаққындағы қарардан депутатлар сессия ашылыўынан кеминде еки ҳәпте алдын хабардар қылынады.

Жаңа сайланған халық депутатлары ўәлаят, район, қала кеңесиниң биринши сессиясы ҳәким тәрепинен сайлаўдан кейин кеши менен 3 ҳәптелик мүддет ишинде шақырылады. Халық депутатлары кеңеси сессияларында ҳәким, ол жоқлығында болса кеңестиң қарарына яки ҳәкимниң тапсырмасына тийкарланып усы кеңестиң депутатларынан бири басшылық қылады. Жергиликли Кеңес сессиясы күн тәртиби жойбарын ҳәкимият таярлайды. Ҳәкимият оны таярлаўда

жумыс жобалары, жоқары турыўшы уйымлар көрсетпелери, сайлаўшыларды усыныс ҳәм наказларына, турақлы комиссиялар. Депутатлар, бөлим ҳәм басқармалардың жәмәәт шөлкемлериниң усынысларын итибарға алады.

Жәмәәтшиликтиң сессия күн тәртиби жойбарын таярлаўда қатнасыўы жүдә әҳмийетке ийе.

Сессияларды пуқта таярлаў, кеңес сессиясы көрип шығатуғын мәселени ҳақыйқый аҳўалын анықлаўға, жол қойылған кемшиликлерди анықлаўға, оларды сапластырыў ушын мақсетке муўапық нәтийжели шаралар табыўға, кеңести туўры, тийкарланылған, қарарын ислеп шығыўға жәрдем береди. Ҳәкимият сессия ушын зәрүрли болған ҳүжжетлер ҳәм материалларды таярлайды. Ол халықты ҳәм депутатларды сессия өткизилиўи ҳаққында хабардар қылады, оның мәжилислерине ҳәр қыйлы шөлкемлерди, мекемелерди ҳәм жәмәәтшилик ўәкиллерин шақырады.

Ҳәкимияттың сессиясын шақырыў ҳаққындағы қарарында сессияны шақырыў ўақты ҳәм орны сессия көрип шығатуғын мәселелер көрсетиледи.

Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққындағы нызамға көре сессияны шақырыў ҳаққындағы қарар оны шақырыўдан 7 күн алдын қабыл қылынады.

Сессияға таярлық көриўдиң әҳмийетли басқышы сессияға киритилетуғын мәселени ҳәр тәреплеме үйрениў, зәрүрли мағлыўматларды жыйнаў ҳәм улыўмаластырыў болып есапланады. Сессияда көрилиўи ушын ислердиң түсиндирип турыўы шешилиўи ушын орынлардағы ҳақыйқый аҳўалды үйренип, жыйналған мағлыўматлар керек.

Ҳәкимият яки сессияны таярлаў ушын дүзилген комиссия депутатларға кеңес сессиясына киритилетуғын мәселелерди өз сайлаў округиндеги аҳўалын үйренип шығыўды, сайлаўшылардың пикир ҳәм усынысларын анықлап өз усынысларын бериўди илтимас қылып хат пенен мүрәжәәт қылыўдың тәжирийбеси бар. Усындай жол менен ҳәкимият сессияға таярланыў көлемин кеңейтиреди, мәселелерди додалаўда депутатлардың басламашы болыўын тәмийинлейди. Сессияның күн тәртиби ҳаққында халық алдын-ала радио, телевидение, баспа сөз уйымлары, жағазалар жәрдеминде ҳәм сайлаўшыларды депутатлар менен ушырасыў ўақытларында хабардар қылынады.

## Тема 17: Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысын шөлкемлестириў тәртиби.

- Пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының ҳуқықый жағдайы.
- Пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларын дүзиў тәртиби
- Өзин-өзи басқарыў уйымларының жыйналысларын шөлкемлестириў тәртиби
- Өзин-өзи басқарыў уйымларының басшылығы.

Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашиниң он екинши шақырық он үшинши сессиясында 1993-жыл 2-сентябрьде қабыл етилген „Пуқаралардың

өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында“ ғы Өзбекстан Республикасының нызамы аўыл, поселкаларда ҳәм олардың қурамындағы мәҳәллелерде дүзилетуғын пухаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының дүзилисин ҳәм оларды ҳуқықый жағдайын белгилеп берди.

Өзбекстан демократиялық ҳуқықый мәмлекет дүзиў процессинде жергиликли өзин өзи басқарыў уйымларының ҳуқықый жағдайын анықлаў үлкен әҳмийетке ийе болады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда қатнасыўға байланыслы өз ҳуқықларын жүзеге шығарыўда пуқараларға көмеклеседи, өз аймақларындағы социаллық ҳәм хожалық ўазыйпаларын шешиў, улыўма мәдений илажларды өткериў, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларына Өзбекстан Республикасының нызамларын, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын, Өзбекстан Республикасы ҳүкимети, халық депутатлары Кеңеслери ҳәм ҳәкимлер қарарларының орынланыўына жәрдемлесиў мақсетинде пуқараларды бирлестиреди.

Өзин-өзи басқарыў уйымларын сайлаў тәртиби, жумысын шөлкемлестириў ҳәм ўәкиллик көлеми нызам менен белгиленеди.

Өзбекстан Республикасындағы өзин-өзи басқарыў системасы биринשиден Өзбекстанның базар қатнасықларына өтиў талапларын есапқа алып әмелге асырылған болса, екиншиден, усы тараўда дүньяда қабыл етилген системаларға да сай келеди.

Бул тараўда Европада жергиликли өзин өзи басқарыў турақлы конференциясының басламасы менен Европа Кеңеси тәрепинен қабыл етилген жергиликли өзин өзи басқарыўдың Европа хартиясы дыққатқа ылайықлы болып есапланады.Хартияға тийисли ҳәм улыўма жергиликли өзин-өзи басқарыў машқалалары ҳәр жылы бир мәрте жергиликли өзин өзи басқарыў бойынша турақлы конференцияда көрип барылады, бул конференция мәмлекетлер аралық шөлкем болмастан ўәкиллик сыпатқа ийе.Жергиликли өзин өзи басқарыў тараўында ҳүкиметлер аралық шөлкем жергиликли өзин өзи басқарыў турақлы Комитети болып есапланады, бул шөлкем Европа Кеңесиниң жергиликли өзин-өзи басқарыў тараўында юридикалық, финанслық жумысының тийкарларын таярлап береди, комитет жылына еки мәрте мәжилислер өткизеди.

Ғәрезсиз Өзбекстанда биринши мәрте пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына сайлаўлар болып өтти, сол сайлаўларға муўапық Өзбекстанда өзин-өзи басқарыў уйымларының бирден бир дүзилиси жүзеге келди. Ҳәзирги күнниң ўазыйпасы мине усы өзин өзи басқарыў уйымларының алдыңғы ис тәжирийбесин кең ең жайдырыўдан ибарат.

Пуқаралар жыйыны-пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларын тийкарғы шөлкемлестириўдиң формасы болып табылады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызам пуқаралар жыйынын шақырыўдың демократиялық тийкарларын белгилейди. Пухаралар жыйынының баслығы (ақсақалы) тийисли

халық депутатларының кеңеси яки ҳәким менен келисилген ҳалда зәрүрлигине қарай жыйын шақырады. Пухаралардың жыйыны сондай-ақ халық депутатларының кеңеси, ҳәким тәрепинен яки он сегиз жасқа жеткен ҳәм усы аймақта жасап атырған пухаралар үштен бир бөлегиниң басламасы менен шақырылыўы мумкин. Пухаралардың жыйының (жыйналысын) алып барыў ушын президиум сайланады. Жыйынды (жыйналыс) ақсақал яки оның мәсләҳәтшилеринен бири алып барады. Барлық мәселелер бойынша қарарлар ашық даўыс бериў арқалы ҳәм көпшилик даўыс пенен қабыл етиледи. Нызамда баслық (ақсақал) ҳәм оның мәсләҳәтшилерин сайлаў тәртиби белгиленген, оларды пухаралардың жыйыны (жыйналысы) тийисли район, қала ҳәкими менен келисилген ҳалда сайлайды.

Өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының нәтийжелилигин асырыўда нызамда олардың жумысының экономикалық ҳәм финанслық негизин белгиленгенлиги ҳәзирги базар қатнасықлары орнатылған дәўирде үлкен әҳмийетке ийе.

Өзин-өзи басқарыў уйымлары қурған, сатып алған яки нызамда белгиленген тәртипте оларға берилген жәмәәт объектлери, социаллық турмыс ҳәм басқа объектлер, сондай-ақ сатып алынған транспорт қураллары, хожалық әсбаплары ҳәмде басқа мал мулк өзин өзи басқарыў уйымларының мүлки болып, булар өзин-өзи басқарыў уйымларының экономикалық тийкарын қурайды. Өзин өзи басқарыў уйымларының финанслық ресурслары халық депутатларының район ҳәм қала кеңеслери тәрепинен ажыратылатуғын бюджет қаржыларынан, пухаралар ҳәм мийнет жәмәәтлериниң ықтыярлы қайыр сақаўатларынан, қамсызландырыў мәкемелери ажыратып беретуғын қаржылардан қуралады.

Өзин-өзи басқарыў уйымларының финанслық қаржылары банктеги бийғәрез есапларда сақланады, олар тәрепинен ғәрезсиз реализация етиледи ҳәм алып қойылыўы мумкин емес. Нызамда өзин өзи басқарыў уйымларының ўәкилликлери бул уйымлардың структурасы ҳәм олардың жумысын шөлкемлестириў, баслықтың (ақсақалдың) ўәкилликлери берилген.Өзин-өзи басқарыў уйымлары өзлерине берилген ўәкилликлер көлеминде қарарлар қабыл етеди. Бул қарарларды тийисли аймақта жасайтуғын барлық пухаралардың орынлаўлары шәрт. Өзин- өзи басқарыў уйымларының нызамға байланыслы ҳүжжетлерин халық депутатларының район, қала кеңеслери яки тийисли ҳәкимлер бийкар етеди. Нызамға муўапық өзин-өзи басқарыў уйымларының қарарлары, сондай-ақ баслықтың (ақсақалдың) нызамсыз ҳәрекетлерине байланыслы суд тәртибинде шағым берилиўи мумкин.

Республикамыздың ғәрезсиз раўажланыўы дәўиринде сол нәрсе аян болды, мәмлекетти басқарыўда ҳәмде демократиялық реформаларды әмелге асырыўда пуқаралардың қатнасыўын тәмийнлеў ҳәрүр болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 105-статьясында «Қалада, аўыл ҳәм поселкаларда сондай-ақ, олар қурамындағы мәҳәллелерде пуқаралар

жыйынлары өзин-өзи басқарыў уйымлары болып, олар 2,5 жыл мүддетке баслықты (ақсақалды ҳәм оның мәсләҳәтшилерин) сайлайды,» деп белгилеп қойылған.

Олий Мәжилистиң XIV сессиясында жаңа редакцияда «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында» ғы нызамы (1999 жыл 14-апрель) қабылланды.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары өз ҳәрекетин аймақлық принцип бойынша әмелге асырады ҳәмде пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы Өзбекстан Республикасы пүтин аймағында әмелге асырылады.

Пуқаралар өз ҳуқықларын пуқаралар жыйынлары арқалы әмелге асырады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызамның 7-статьясында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары көрсетип өтилген болып, оларға төмендегилер киреди

- пуқаралар жыйыны,
- пуқаралар жыйының кеңеси,
- пуқаралар жыйыны ҳәрекетиниң тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар,
- пуқаралар жыйынының шөлкемлестириў комиссиясы ҳәмде ҳәкимшилик комиссиялар. Олардың ҳуқықый жағдайы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызам менен беккемленген.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары юридикалық шахс статусына ийе болып, белгиленген үлгидеги мөрине ийе ҳәмде жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларында дизимге алынады.

Пуқаралар жыйыны кеңеси ҳәм пуқаралар жыйының мәжилиси пуқаралар жыйының баслығы тәрепинен зәрүрлигине қарап, лекин айына кеминде бир рет өткизиледи ҳәмде кеңес ағзаларының үштен еки бөлеги болғанында қабылланған қарар ўәкилликли есапланады.

Пуқаралар жыйының қарарларын өрынлаў ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының пуқаралар жыйынлары аралық дәўириндеги жәрияланған ҳәрекетин әмелге асырыў ушын пуқаралар жыйынының баслығы (ақсақалы), оның мәсләҳәтшилери пуқаралар жыйыны ҳәрекетиниң тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялардың баслықлары ҳәм жыйынның жуўапкершиликли хаткеринен ибарат қурамда пуқаралар жыйынының кеңеси дүзиледи.

Пуқаралар жыйының кеңеси төмендеги ўәкилликлерге ийе

- пуқаралар жыйынын шақырады,
- пуқаралар жыйыны ҳәрекетиниң тийкарғы бағдарлары бойынша комиссия исин муўапықластырады, ғамхорлық шөлкемлери ҳәм басқа шөлкемлер менен биргеликте усылар белгилейди
- ғалабалық-сиясий, руўхий-ағартыўшылық, мәдений, спортқа байланыслы басқа усыларды өткизиўде жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына көмеклеседи;

- дизминен өтпеген диний шөлкемлер ҳәрекетиниң алдын-алыў, пуқаралардың диний исенип еркинлиги ҳуқықларына бойсынылыўын тәмийнлеў; диний көз-қарасларды мәжбүрий түрде синдириўге жол қоймаслық усылларын көреди, ҳүждан еркинлигин ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине бойсынылыўы менен байланыслы басқа мәселелерди көрип шығады;
- еки жасқа толмаған балалары бар ислемейтуғын аналарға напақаларды сол мақсетте ажыратылған мәмлекет бюджети қаржыларынан белгиленген тәртипте тайынлайды ҳәм төлейди;
- тийисли аймақта жәмәәт тәртибин тәмийинлеўде, пуқаралардың келиўи ҳәм кетиўин есапқа алыўды шөлкемлестириўде, өспиримлер ҳәм жаслар ортасында ҳуқық бузыўшылықлардың алдын-алыў исинде, ер жетпегенлердиң ҳуқықларын қорғаўда ҳуқық қорғаў уйымларына көмеклеседи;
- Халық пунктлери, суў тәмийнаты дереклери, турақ жайлары, мектеплер ҳәм басқа билимлендириў мекемелериниң санитариялық ҳәм экологиялық жағдайы үстинен қадағалаўдың әмелге асырылыўына көмеклеседи,
- Жазаны орынлаў мекемлеринен азат етилген шахсларды жәмийетлик мийнетке тиклеў ҳәм жынаятшылықтың алдын-алыўға тийисли усылларды жәмийетлик сәйкес орайлары менен биргеликте нызам ҳүжжетлерине муўапық, басқа ўәкилликлерди де әмелге асырады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары өз аймағында орынланыўы мәжбүрий болған қарар қабыл қылады.

Солай етип демократиялық ҳуқықый жәмийет дүзиў ушын пуқаралар ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаў менен бирге халықтың ҳуқықый саўатлылығын тәмийнлеў сондай-ақ халықтың социаллық қатнасығын асырыў ҳәм турмыс жағдайын жақсылаў мақсетинде республикамызда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў системасы қәлиплестирилди.

## Тема 18: Өзбекстан Республикасында ҳәкимият ўәкиллик уйымларының депутатлары ҳәм олардың ис-ҳәрекетин шөлкемлестириў.

- Депутат ҳәм оның ҳуқықый статусы.
- Депутатлық ҳәрекеттиң формалары, олардың ҳуқық ҳәм миннетлери.
- Депутатлық ҳәрекеттиң тийкарғы кепилликлери.
- Өзбекстан Республикасында депутатты шақырып алыў тийкарлары ҳәм тәртиби.

Өзбекстан халқы мәмлекет ҳәкимиятының нызам шығарўшы ҳәм басқа ўәкиллик уйымларына тиккелей өз ўәкиллерин - депутатларын сайлайды. Бул

уйымларда ҳәрекет жүритиўши депутатлар халықтың ўәкилликли ағзалары есапланады. Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлары нызам шығарыў ҳәкимиятын әмелге асырады, яғный нызам жойбарларын таярлаўда, оларды комитет ҳәм комиссиялар ҳәмде сиясий мәжлислеринде додалаўда, нызамларды қабыллаўда қатнасады. Өзбекстан нызамшылығына муўапық парламент депутатлары да өз найлаўшылары мәпин ҳәм пүткил халық мәпин билдиреди, халық қәлеўин билдириўши нызамлар қабыл қылады. Өзбекстан Республикасының Конституциясында халық депутатлары ҳуқықый статусының конституциялық тийкарлары беккемленген. Депутаттың ҳуқықый статусы - оның нызамшылығында белгиленген ҳуқықлары ҳәмде миннетлемелериниң бир пүтин жыйындысы болып есапланады. Тийкарғы нызамда белгилениўинше Олий Мәжилиске сайлаў ҳуқықына сайлаў күнине шекем 25 жасқа толған Өзбекстан Республикасының пуқаралары ийе болады. Олий Мәжилис депутатлары пуқаралар тәрепинен тиккелей сайланады. Өзбекстан Республикасының Конституциясы депутатлық иммунитетин нәзерде тутыўшы қағыйданы беккемлейди: „Олий Мәжилис депутаты қол-қатылмаслық ҳуқықынан пайдаланады. Ол Олий Мәжилистиң келисимисиз жынайый жуўапкершиликке тартылыўы, қамаққа алыныўы яки суд тәрепинен берилетуғын ҳәкимшилик жазаларға тартылыўы мүмкин емес“. (88-статья). Усы Конституциялық қағыйда Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси депутатының абыройы ҳәм қәдир-қымбатын, шахсын қорғаў мақсетинде, оның белгили юридикалық жуўапкершиликке тартылмаслығын нәзерде тутады.

Олий Мәжилис депутатына тийисли жынайый ис тек Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры тәрепинен қозғатылыўы  мүмкин.Қол-қатылмаслық ҳуқықы Олий Мәжилис депутатын мәжбүрий келтириў, услап турыў ҳәмде оның жеке буйымларын, жүги, транспорты, үй-жайы яки хызмет орнын көзден кешириўге жол қоймаўшылықта да анықланады.

„Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққында“ғы нызамда (1995-жыл 6-май) Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, халық депутатлары область, район ҳәм қала кеңеслери депутатларының статусы, ең әҳмийетли ўәкилликлери ҳәм депутатлық ҳәрекетиниң кепилликлери беккемленген. Сондай-ақ Олий Мәжилистиң Регламенти, Жоқарғы Кеңестиң Регламенти, ўәкиллик уйымлары, комитетлер ҳәм комиссиялар ҳаққындағы режелерде де депутатлардың ҳуқықый статусына тийисли қағыйдалар бар. Депутатлар өз ҳәрекетлерин Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм нызамларына муўапық, сондай-ақ халық депутатлары тийисли кеңеслериниң қарарлары ҳәм тийисли сиясий партиялардың сайлаў алды дәстүрлери тийкарында қурылады.

Депутатлардың ўәкилликлери олардың ҳәкимият ўәкиллик уйымларына сайланған күниннен басланады. Ҳәр бир депутат өз депутатлық ҳәрекети дәўиринде өзин депутатлыққа талабын етип көрсеткен сиясий партиялар, ҳәкимият ўәкиллик

уйымлары сайлаўшылар менен турақлы түрде байланыс жасап турады, тийисли ҳәкимият ўйкиллик уйымында олардың мәплерин билдиреди, сайлаўшылар алдында жуўапкер болады. Соның ушын да депутатлар бәрқулла халықтың ишинде, тиккелей халық көп жасайтуғын ҳәм ислейтуғын орынларда жумыс алып барыўлары зәрүр. Өзбекстан Республикасында депутат әдеп-икрамлылық қағыйдаларына бойсыныўы лазым.

Айырым жағдайларда Өзбекстан Республикасы депутатларының ўәкиллиги мүддетинен бурын тоқтатылыўы мүмкин.Депутатлардың статусы ҳаққындағы нызамда депутат ўәкилликлерин мүддетинен бурын тоқтатыў шәртлери көрсетилген. Бул нызамға муўапық:

1) депутат өз ўәкиллигин жуўапкершилигин сезбеген;

2) нызамға көре, депутатлық ўәкиллигин орынлаўға муўапық емес лаўазымға сайланған яки тайынланған, оған қарата судтың айыплаў ҳүкими нызамлы күшине кирген;

3) суд оны қатнасыққа уқыпсыз деп тапқан;

4) депутатлықтан шақырып алынған;

5) Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқан, қайтыс болған тәғдирде, оның ўәкилликлери мүддетинен бурын тоқтатылады.

Ҳәкимият ўәкиллик уйымларының депутатлары өз ҳәрекетлерин тийкарынан еки формада әмелге асырады:

Бириншиден, олардың ҳәкимият ўәкиллик уйымларындағы ҳәрекети;

Екиншиден, сайлаў округиндеги ҳәрекетлер болып табылады.

Өзбекстан Республикасының Конституциясына ҳәм нызамларына муўапық, сессия Олий Мәжилис, халық депутатлары область, район, қала кеңеслериниң тийкарғы жумыс формасы есапланады. Сол ҳәкимият ўәкиллик уйымлары сессияларында депутатлар өз ўәкилликлерин әмелге асырады.

Олий Мәжилис, Жоқарғы Кеңес депутаты жоқары ўәкиллик уйымының сессияларында Олий Мәжлистиң Баслығына ҳәм Министрлер Кабинетине, Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси Баслығына ҳәм Министрлер Кеңесине, министрлерге, мәмлекеттиң басқа уйымы басшыларына сораў менен мүрәжәәт етиў ҳуқықына ийе.

Сораў қаратылған мәмлекет уйымы яки лаўазымлы шахс сораўға кеми менен 3 күн мүддет ишинде яки тийисли ҳәкимият ўәкиллик уйымы белгилеп қойған басқа мүддетте, сессияда аўызеки яки жазба түрде жуўап бериўи шәрт. Депутатлар тийисли ҳәкимият ўәкиллик уйымлары дүзген комитет ҳәм комиссиялар ҳәрекетинде де қатнасыў ҳуқықына ийе.

Депутатлар ҳәрекети әмелге асырыўының екинши формасы олардың сайлаў округлериндеги ҳәрекети болып есапланады. „Өзбекстан Республикасында депутатлардың статусы ҳаққында“ғы нызамның 15-статьясында депутатлардың сайлаў округиндеги ҳәрекети ҳәм ҳуқықлары анық көрсетилген. Мысалы, депутатлар сайлаў округинде өз ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын тийисли

ҳәкимият ўәкиллик уйымы қадағалаўы астындағы шөлкемлерде өз сайлаў округиндеги пуқаралардың әҳмийетли мәплерине тийисли болған ҳәр қандай мәселе көрип шығылыўы ўақытында қатнасыў, округ сайлаўшылары менен жыйналысар, мийнет жәмәәтлери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, сиясий партиялардың шөлкемлери менен ушырасыўлар өткериў ҳуқықына ийе болады.

Өзбекстан Республикасында ҳәр бир депутатқа өз ўәкилликлерин тосқынлықсыз ҳәм нәтийжели әмелге асырыў ушын шәраят жаратылыўына кепиллик бериледи ҳәмде оның ҳуқықлары, абыройы ҳәм қәдир-қымбаты қорғалады. Депутатты кемситкен, оған жала жапқан, оның исине тосқынлық қылған, оған атайлап жалған мағлыўмат берген лаўазымлы шахслар нызамға муўапық жуўапкершиликке тартылады.

Депутат барлық мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик бирлеспелерге, меншик формасынан қатты нәзер, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлерге, лаўазымлы шахсларға депутатлық ҳәрекети менен байланыслы мәселелер жүзесинен мүрәжат қылыўға ҳәм ортаға қойылған мәселелерди көрип шығыўда қатнасыўға ҳақылы болып табылады.

Өзбекстанда депутатты шақырып алыўдың нызамлы беккемленгенлиги халық ҳәкимиятшылығының толық анықланыўы ҳәм депутаттың өз сайлаўшылары алдындағы жуўапкершилигин тастыйықлаўшы жағдай болып есапланады.

Өзбекстан Республикасының 1996-жыл 26-апрельдеги „Өзбекстан Республикасында депутатты шақырып алыў тәртиби ҳаққында“ғы нызамының 1-статьясында депутатты шақырып алыў тийкарлары көрсетилген. Депутаттың Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларын бузып атырғанлығы, депутатлық ўазыйпаларын орынламағанлығы яки сайлаўшылардың сондай-ақ депутатлыққа талабан қылып көрсеткен уйымның исенимин ақламай атырғанлығы оны шақырып алыў ушын тийкар болады.

Депутатты шақырып алыў ҳаққындағы усыныс ҳәкимият ўәкиллик уйымы депутатлыққа талабан етип көрсеткен тийисли уйым яки тийисли сайлаў округиниң сайлаўшылары тәрепинен киргизиледи. Нызамда көрсетилген депутатлықтан шақырып алыў тийкарлары бар болған тәғдирде, депутатлыққа талабан көрсеткен тийисли уйым, яғный сиясий партияның жоқары уйымы яки ол ўәкиллик берген уйым область ҳәм Ташкент қалалық кеңеслери бул ҳаққында қарар қабыл қылыўы мүмкин. Усы қарар баяннама менен еки баяннамадан көширме менен бирге Олий Мәжилис Кеңесине жибериледи.

Депутатты шақырып алыў ҳаққындағы усыныс тийкарлы болса, ҳүжжетлер алынған күннен баслап он күн мүддет ишинде Олий Мәжилис Кенгаши депутатты шақырып алыў бойынша даўыс бериўди өткизиў зәрүрлиги ҳаққында қарар қабыл қылады ҳәм оны Олий Мәжилиске сайлаў өткизиўши Орайлық сайлаў комиссиясына жибереди. Орайлық сайлаў комиссиясы Олий Мәжилис Кенгашиниң қарары алынған күннен баслап он күн мүддет ишинде депутатты

шақырып алыў бойынша округ комиссиясын дүзеди, даўыс бериў күнин тайынлайды ҳәм бул ҳаққында Олий Мәжилис Кенгашине мәлим қылады.

Олий Мәжилис депутатын шақырып алыў ҳаққындағы усынысты округте қоллап-қуўатлаған сайлаўшылардың саны сайлаў күни дүзимге киритилген сайлаўшылар улыўма санының кеминде 5 процентин қураўы керек.

## Тема 19: Өзбекстан Республикасында сайлаў ҳәм референдум.

- Сайлаў ҳуқықының конституциялық тийкарлары.
- Өзбекстан Республикасында сайлаў өткизиў принциплери.
- Өзбекстан Республикасында референдум ҳәм оны өткизиў тәртиби.

„Сайлаў“ өз мазмунына көре қандай да бир уйымды даўыс бериў жолы менен қәлиплестириў болып есапланады. „Сайлаў ҳуқықы“ түсиниги еки мәниде ислетиледи.Бириншиси, сайлаў ҳуқықы сайлаў жолы менен қәлиплестирилетуғын мәмлекет уйымлары ҳәрекетин тәртипке салыўшы ҳуқықый нормалар системасы болып табылады. Сайлаў ҳуқықының дереклери Конституция, мәмлекеттиң жоқары ҳәм жергиликли ўәкиллик уйымларына сайлаўлар ҳаққындағы нызамлар есапланады. Екиншиси, сайлаў ҳуқықы пуқаралардың сайлап қойылатуғын уйымларын дүзиўде қатнасыў, яғный оған өзлериниң сайлаў ҳәм олардың қурамын сайлаў ҳуқықлары болып табылады.

Өзбекстанда сайлаўлар улыўма, тең, турыдан-туўры сайлаў ҳуқықы ҳәм көппартиялылық тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен әмелге асырылады.

Сайлаў системасы - жәмийетте мәмлекеттиң ўәкиллик уйымларын сайлаў жолы менен жүзеге келиўши мәмлекет сиясий қатнасықлары системасы есапланады.

Сайлаў системасын реформалаўдың ҳәр түрли жоллары болыўы мүмкин. Бирақ гәп даўыс бериў жуўмақларын жәҳән тәжирийбесиндеги формалары мажоритар ҳәм пропорционал сайлаў системалары ҳәмде сайлаў округлериниң бир яки еки мандатлы түрлеринен бирин таңлап алыў ҳаққында бармақта. Бир мандатлы округ бир депутатлық орынға ийе. Көп мандатлы округ болса нызамда нәзерде тутылған муғдардағы депутатлар орнына ийе болып есапланады.

Мажоритар сайлаў системасына керисинше жағдайларда яки абсолют көпшиликтиң сайлаўларда жеңип шығыў қағыйдасы тийкар қылып алынған болып, ҳәр бир сайлаў округи депутатлық орынлары белгилеп қойылған көпшилик даўыс алыўға ерискен сиясий партияның кандидаты яки кандидатларына бериледи.

Пропорционал сайлаў системасында ҳәр бир сайлаў округиндеги мандатларға олардың ҳәр биринде топланған даўыслар тәсир қылады. Әдетте бул системадағы сайлаўларда шет ел мәмлекетлери тәжирийбесинде даўыслардың үлеслилиги яки

нормасы белгиленеди. Бундай шәртке көре, ол яки бул партияның кандидатлары сол белгиленген даўысларды алғаннан кейин ғана мандатларды бөлиўде қатнасады. Әўеле сайлаўшылар берген даўыслардың муғдары депутатлық орынларының санына бөлинеди. Сонда бир мандат көлеминдеги даўыслар саны мәлим болады. Кейин ҳәр бир партия алған даўыслар бөлек-бөлек есаплап шығарылады. Бул муғдар депутаттың 1 мандаты ушын зәрүр болған даўыслар муғдарына бөлинеди. Сонда усы партияға берилген депутатлық орынлар саны келип шығады.

Сайлаў ҳуқықының тийкарғы дереги конституциялық нормалар болып табылады. Конституциямыздың 117-статьясына тийкарланып, Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқаралары сайлаў ҳуқықына ийе. Олий Мәжилиске сайлаўлар, улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен өткизиледи.

Конституцияның 77-статьясында белгиленгениндей, „Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилиси аймақлық сайлаў округлери бойынша көппартиялылық тийкарында 5 жыл мүддетке сайланатуғын депутатлардан ибарат“. Мәлим болғанындай, Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилисине сайлаў ҳуқықына сайлаў күнине шекем 25 жасқа толған Өзбекстан Республикасының пуқаралары ийе болады.

„Көппартиялылық“ түсиниги толық мәниде сайлаўларда бир неше сиясий партиялардың, кеминде болса еки сиясий партияның қатнасыўын билдиреди. Сонлықтан сайлаў системасының көппартиялылығы пуқаралардың таңлаў ҳуқықына кепиллик береди. Көппартиялылық тийкарында сайлаўлар өткизиў төмендегилерди билдиреди: биринширен, юридикалық тәрептен дизимге алынған барлық сиясий партиялардың сайлаў компаниясында қатнасыўы; екиншиден, Конституция ҳәм нызам талаплары шегинде өз кандидатларын Олий Мәжилис депутатларына көрсетиў ҳуқықы ҳәм кепилликли шәраятлары жаратылыўы; үшиншиден, сиясий партиялар ўәкиллериниң барлық дәрежедеги сайлаў комиссияларының исинде қатнасыў ҳуқықы ҳәм оларға кепилликли шәраят жаратыўы; төртиншиден, Жоқары судқа, зәрүр жағдайларда болса, Конституциялық судқа Олий Мәжилиске сайлаўлар ҳаққындағы нызамның бузылыўы фактлери үстинен шағым қылыў ҳуқықының кепилрениўин билдиреди.

Сайлаў ҳуқықының конституциялық принциплери жасырын даўыс бериў жолы менен улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы болып табылады.

Конституциялық тийкарлардан келип шығып, сайлаў системасының тийкарғы шөлкемлесиўшилик-ҳуқықый механизмлери белгилениўи мүмкин. Олар: 1) сайлаў комиссиялары ҳәрекетиниң тәртиби ҳәм қәлиплесиўи; 2) сайлаў округлары ҳәм участкаларын қәлиплестириў; 3) сайлаўшы пуқаралардың дизимин дүзиў; 4) кандидатлар көрсетиўге сиясий партиялардың ҳуқықый келисими; 5) депутатлыққа кандидатлар дизимин қәлиплестириў; 6) сайлаў округлери бойынша даўыс бериў тәртиби; 7) даўысларды санаў ҳәм даўыс бериў жуўмақларын шығарыў тәртиби; 8)

сайлаў ҳуқықы нормаларының бузылыўы үстинен судқа шағым қылыўлар болып табылады.

Ҳәзирги күнде Өзбекстанда халық аралық ҳуқық талапларына ҳәм шет ел тәжирийбесине сай сайлаў нызамшылығы жаратылды. Сайлаў нызамшылығымыздың тийкарғы мақсети: нәтийжели, исшең ўәкиллик уйымларын сайлаў ҳәм жоқары пуқаралық туйғысы ҳәм ҳуқықый мәдениятқа ийе сайлаўшыларды қәлиплестириў болып есапланады. Өзбекстан Республикасының Конституциясы - сайлаў нызамшылығы системасының тийкарын қурайды. Сайлаў нызамшылығы системасына, **бириншиден,** Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққындағы нызам; **екиншиден,** Өзбекстан Республикасы Президентин сайлаў ҳаққындағы нызам; **үшиншиден**, халық депутатлары область, район ҳәм қала кеңеслерине сайлаў ҳаққындағы нызам; **төртиншиден**, Орайлық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы нызам киреди.

Өзбекстан сайлаў нызамшылығы системасы еки топар нызамлардан қуралған: биринхшиси, Конституция ҳәм тиккелей сайлаў ҳақындағы нызамлар, екиншиси, сайлаў мәселелерин ол яки бул тәрептен тәртипке салатуғын нызамлар. Буларға: „Ғалаба хабар қураллары ҳаққында“ғы нызам, „Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекс“, „Жынаят кодекси“, „Жәмийетлик бирлеспелер ҳаққында“ғы нызам, „Прокуратура ҳаққында“ғы нызам  ҳәм басқа да бир қатар нызамларды киргизиў мүмкин.

Өзбекстанда сайлаў нызамшылығының ең биринши ҳәм тийкарғы өзгешелиги - бул оның улыўма белгиленген халық аралық талапларға сай келиўи болып табылады.

Екинши әҳмийетли өзгешелиги Орайлық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы нызамның барлығы ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясы қурамының дүзилгенлиги болып есапланады.

Дүнья жүзи әмелиятында сайлаўларды шөлкемлестириўдиң төрт түри бар:

Бириншиси-сайлаўлар ҳүкимет тәрепинен дүзиледи. Мысалы, Германияда сайлаўларды ишки ислер министрлиги дүзеди. Сайлаў участкаларында ислеўши лаўазымлы шахслар мәмлекет хызметшилери арасынан таңлап алынады.

Екиншиси-сайлаўлар суд уйымлары тәрепинен дүзиледи. Мысалы, Пакистанда орайлық сайлаў комиссиясы жоқары ҳәм басқа суд баслықлары тәрепинен тайынланған үш судьядан ибарат болады. Румынияда Жоқары судтың 7 ағзасы таңлаў жолы менен орайлық сайлаў комиссиясына алынады.

Үшиншиси - көппартиялылық жантасыў болып, мәпдар сиясий партиялар өз ўәкиллерин орайлық сайлаў комиссиясына тайынлайды.

Төртиншиси - ғәрезсиз орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў. Өзбекстан усы төртинши түрдеги орайлық сайлаў комиссиясы дүзиў жолын таңлап алды.

Өзбекстан сайлаў нызамшылығының үшинши өзгешелиги - сайлаў компаниясы процессинде пуқаралар басламасы топарының дүзилиўи болып, бул

сайлаў ҳуқықын ҳәм нызамшылықты демократияластырыўға қаратылған әҳмийетли қәдем болып табылады.

Төртинши өзгешелиги - бул өзин-өзи басқарыў уйымларының сайлаў процесслериндеги қатнасы. Бул-Өзбекстандағы демократияластырыў процессиниң ең үстинликке ийе бағдарларынан бири есапланады.

Сайлаў нызамшылығының бесинши өзгешелиги - Олий Мәжилис депутатлығына талабанларды тиккелей пуқаралар тәрепинен көрсетилиўи болып табылады.

Ғәрезсиз талабанлардың күшли, әдил, халықшыл, пуқаралық жәмийетин дүзиўдеги әҳмийети үлкен болып, бул жағдай мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған демократиялық реформаларға халқымызда исенимниң артып баратырғанлығын көрсетеди.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 9-статьясында: „Жәмийет ҳәм мәмлекет турмысының ең әҳмийетли мәселелери халық додалаўына усынылады, улыўма даўысқа (референдумға) қойылады. Референдум өткизиў тәртиби нызам менен белгиленеди“ - деп көрсетилген. Референдум айырықша жәмийет ҳәм мәмлекет әҳмийетине ийе мәселени шешиў ушын улыўма халықлық даўысқа, сораўына қойыў есапланады. Референдум - тиккелей демократияның ең әҳмийетли конституцияларынан бири.Референдумға экономикалық, сиясий, мәдений тараўларға тийисли әҳмийетли мәселелер қойылады.

Өзбекстан Республикасында референдум мәмлекеттиң демократиялық белгилеринен бири сыпатында Конституцияда ҳәм 1991-жыл 18-ноябрде қабылланған „Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында“ғы нызамда өз көринисин тапқан. Усы нызам 2001-жыл 29-августта жаңа редакцияда қабыл қылынды.

Референдум - жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда халық қатнасыўының жоқары формасы. Өзбекстан Республикасы пуқаралары референдумда ықтиярлы түрде ҳәм тиккелей қатнасады. Референдумда пуқаралар тең тийкарларда қатнасады ҳәм ҳәр бир пуқара жеке өзи даўыс береди, бир даўысқа ийе болады. Референдумда даўыс бериў жасырын түрде өткизилмейди. Референдумды таярлаў ҳәм оны өткизиў даўымында кең әшкаралық, жәмәәтшиликтиң қатнасыўы тәмийнленеди.

Өзбекстан Республикасы референдумын өткизиў басламасы менен:

-Өзбекстан Республикасы пуқаралары;

-Өзбекстан Республикасы Олий Кенгаши;

-Өзбекстан Республикасы Президенти;

-Қарақалпақстан Республикасы атынан оның мәмлекет ҳәкимияты жоқары уйымы шығыўы мүмкин.

Референдумды тайынлаў ҳуқықына Өзбекстан Республикасы Олий Кенгаши ийе болып табылады.Референдумға тийисли барлық мәселелер, сондай-ақ референдумға киритилежақ нызам яки басқа қарарлардың жойбарлары тийисли

уйымлар тәрепинен қабылланғаннан кейин 7 күн ишинде ғалаба хабар қуралларында жәрияланыўы керек.

Референдумды таярлаў ҳәм оны өткизиў қәрежетлери Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик қаржылары есабынан әмелге асырылады.

Демек, Өзбекстан Республикасының пуқаралары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда тиккелей ҳәмде ўәкиллери арқалы қатнасыў ҳуқықына ийе. Бул ҳуқық пуқаралардың референдумларда, Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўында ҳәм ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары сайлаўында қатнасыўы арқалы әмелге асырылады.

Парламентимиз тәрепинен қабылланған бир қанша нызамлардың жойбарлары әўеле улыўма халықлық додаланыўынан өткизилип, билдирилген усыныс ҳәм пикирлер тийкарында қабылланады.

Нызамлар жойбарлары улыўма халықлық додаланыўының әҳмийети нелерден ибаратЎ

Бириншиден, мәмлекетимизде дүзилип атырған демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң мәниси сәўлеленген Конституцияда: „Мәмлекет халық қәлеўин билдирип, оның мәплерине хызмет қылады“, - деп көрсетилген (2-статья). „Мәмлекет өз ҳәрекетин инсан ҳәм жәмийет пәраўанлығын гөзлеп, жәмийетлик әдиллик ҳәм нызамлылық принциплери тийкарында әмелге асырады“ (14-статья) нәзерде тутылған.

Екиншиден, еркин, ашық ҳәм тиккелей сайлаўлар демократияның тийкарында жатады.

Үшиншиден, Өзбекстан Конституциясында: „Өзбекстан Республикасында жәмийетлик турмыс сиясий институтлар, идеологиялар ҳәм пикирлердиң ҳәр қыйлылығы тийкарында раўажланады“, - деген әҳмийетли қағыйда бар.

Төртиншиден, ғәрезсизлик шарапаты менен нызамға халық тәрепинен мәмлекет адамларының ҳәрекетин шеклеў ушын жоқарыдан белгилейтуғын шегара емес, керисинше халық мәплерин қорғайтуғын, адамлардың өзлери қатнасында ислеп шығылатуғын норма сыпатында қаралмақта.

Бесиншиден, нызамлардың улыўма халықлық додаланыўы олардың орынланыўына да тиккелей тәсир қылады.

Алтыншыдан, нызамлардың улыўма халықлық додаланыўы адамлардың ҳуқықый аңы ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыў ушын пуқаралардың ҳуқықый ой-пикирин раўажландырыў ең әҳмийетли мәселе болып келмекте.

Жетиншиден, нызам жойбарының улыўма халықлық додаланыўынан өтиўи оның „легитимлиги“н - халық алдындағы ҳүрмети ҳәм қәдирин тәмийнлейди.

Сегизиншиден, Өзбекстан Республикасы Президенти алдымызға қойған талап - „Күшли мәмлекеттен күшли жәмийетке қарайӘ“ ҳәрекетлениўимизде халықты нызамшылық процессине тартыў, пуқараларымызды қатнастырыў үлкен әҳмийетке ийе.

Нызам жойбарларын улыўма халық додаланыўына шығарыў мүмкиншилиги Конституциямыздың 9-статьясында, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси ҳаққындағы конституциялық нызамда, парламентимиз регламентинде, нызам жойбарларын таярлаў ҳаққындағы нызамда айтылған. Өзбекстан Республикасының „Нызам жойбарларының улыўма халықлық додаланыўы ҳаққында“ғы нызамы 2000-жыл 14-декабрде қабылланған. Ол 5 бап, 27 статьядан ибарат.

**Халық депутатлары жергиликли Кеңес депутатын, Өзбекстан Республикасы Олий**
**Мәжилисиниң Нызамшылық палатасы депутатын ҳәм Сенат ағзасын шақырып алыў**
**ҳаққында Өзбекстан Республикасының нызамы**

Депутаты, сенаторды шақырып алыў ушын төмендегилер тийкар болады:

Депутаттың, сенатордың Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлерин жыйнайый-ҳуқықый, пуқаралық-ҳуқықый, ҳәкимшилик-ҳуқықый жуўапкершиликке ҳәмде нызамда нәзерде тутылған басқа түрдеги жуўапкершиликке алып келиўи мүмкин болған жағдайда бузғанлығы;

Депутаттың, сенатордың әдеп-икрамлық, депутатлық әдепикрамлық улыўма белгиленген нормаларын қопал түрде бузыўшы ҳәм депутат, сенатор атына дақ түсириўши ҳәмде мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының абыройына зыян жеткизиўши ҳәрекетлер, нызамсыз ислер исленгенлиги;

Депутаттың, сенатордың нызам ҳүжжетлеринде көрсетилген өз ўазыйпаларын кеширимли себеплерсиз орынламағанлығы, сондай-ақ тийисли депутатлары Кеңеслериниң, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси палаталарының мәжилислеринде, олардың уйымлары жумысында қатнаспағанлығы, олардың тапсырмаларын орынламағанлығы.

Депутат сенаторға қарата судтың айыплаў ҳүкими күшке кирген жағдайда, оның ўәкилликлери тийисли халық депутатлары Кеңесиниң, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси палатасының қарарына тийкарланып мүддетинен бурын тоқтатылады. Бундай жағдайда депутаты, сенаторды шақырып алыў ҳаққындағы мәселе қозғатылмайды ҳәм шақырып алыў бойынша даўыс бериў өткизилмейди.

Нызам ҳүжжетлерин, депутаттың әдеп-икрамлылық нормаларын бузған, өзиниң ўазыйпаларын орынламаған депутаты, сенаторды шақырып алыў зәрүрлиги ҳаққындағы қарар тийислисинше халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңеси, Нызамшылық палатасы яки Сенат (Сенат Кеңеси) тәрепинен қабыл қылынады.

Депутаттың, сенатордың нызам ҳүжжетлерин бузғанлығы дәлийллерге тийисли материаллар халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңеси, Нызамшылық палатасы яки Сенат тәрепинен тийисли ўәлаят, район, қала прокурорына яки Өзбекстан Республикасы Бас прокурорына дәслепки түрде көрип шығыў ҳәм усы мәселе жүзесинен халық депутатлары Кеңесиниң, нызамшылық палатасының яки Сенаттың депутатлық одоби комитетине (комиссиясына) жуўмақ бериў ушын тапсырылды. Халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңеси, Нызамшылық палатасы яки Сенат лепутатлық әдеп-икрамлылық комитетиниң (комиссиясының) ҳәм прокурордың жуўмақларын еситиўи бойынша жасырын даўыс бериў жолы менен депутатты, сенаторды шақырып алыў ҳаққындағы мәселениң қойылыўы тийкарлы яки тийкарсыз екенлиги ҳаққында қарар шығарады.

Шақырып алыў ҳаққындағы усыныс тийкарлы деп анықланғанда мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымының тийисли қарары депутаты сенаторды шақырып алыў бойынша даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясына жибериледи.

Нызам ҳүжжетлерине муўапық депутатты шақырып алыў ол сайланған округ сайлаўшыларының жасырын даўыс бериў жолы менен әмелге асырылады.

Нызам ҳүжжетлерине муўапық сенаторды шақырып алыў оны сенатор етип сайлаған Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, ўәлаятлар, районлар ҳәм қалалар мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары депутатларының тийисли қоспа мәжилислеринде жасырын даўыс бериў жолы менен әмелге асырылады.

Депутаты, сенаторды шақыырып алыў бойынша даўыс бериўди Орайлық сайлаў комиссиясы «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққында»ғы, «халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамлары тийкарында ҳәм депутаты, сенаторды сайлаў ушын белгиленген тәртипте шөлкемлестиреди.

Орайлық сайлаў комиссиясы мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының депутатты шақырып алыў мәселеси бойынша даўыс бериўди өткизиў зәрүрлиги ҳаққындағы қарарын алған күннен баслап 10 күннен мүддет ишинде нызамға муўапық халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңесиниң депутатын, сондай-ақ нызамшылық палатасы депутатын шақырып алыў бойынша округ комиссиясы дүзилиўин тәмийинлейди ҳәмде даўыс бериў ўақты ҳәм орнын тайынлайды.

Орайлық сайлаў комиссиясы бул ҳаққында тийисли халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңесин яки нызамшылық палатасын хабардар қылады.

Орайлық сайлаў комиссиясы Сенаттың сенаторды шақырып алыў ҳаққында даўыс бериўди өткизиў зәрүрлиги ҳаққындағы қарарын алған күннен баслап 10 күнлик мүддет ишинде Қаақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, ўәлаятлар, районлар ҳәм қалалар мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары

депутатларының тийисли қоспа мәжилиси өткизилиўи орны ҳәм ўақтын жәриялайды ҳәмде бул ҳаққында Сенатты хабардар қылады.

Халық депутатлары ўәлаят, район Кеңеси, нызамшылық палатасы яки Сенат депутатты, сенаторды шақырып алыў ушын нызамлы тийкарлар болған материаллар келип түскен күннен баслап 3 күннен кешиктирмей депутатқа, сенаторға келип түскен ҳүжжетлердиң көширмелерин қосып жазба хабарнама жибереди.

Шақырып алыныўы ҳаққындағы мәселе қойылған депутат, сенатор сайлаўшылар менен ушырасыўға, сайлаўшылардың жыйналысларында мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликли уйымларының сессиялары ҳәм мәжилислеринде (қоспа мәжилисинде) шақырып алыў ҳаққындағы мәселе көрилип атырғанда қатнасыўға ҳәм өзин қорғап шығып сөйлеўге ҳақылы.

Депутатты, сенаторды шақырып алыў ҳаққындағы мәселе қойылыўына себеп болған жалған мағлыўматты билетурып көрсеткен шахслар нызамға муўапық жуўапкер болады.

Депутатты шақырып алыў ислерин шөлкемлестириў тийисли округ комиссиясы, жуўапкершилигине жүкленеди. Депутаты шақырып алыў мәселеси бойынша даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткизиў ушын даўыс бериўге 25 күн қалғанда даўыс бериў участкалары ҳәм 21 күн қалғанда участка комиссиялары дүзиледи. Тийисли сайлаў округи сайлаўшыларының дизимлери даўыс бериў күнине 10 күн қалғанда барлық адамлар танысып шығыўы ушын көрсетиледи.

Даўыс бериў участкаларын ҳәм комиссияларын дүзиў, комиссиялардың ўәкилликлери, сайлаўшылардың дизимлерин дүзиў, даўыс бериўди өткизиў «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққында»ғы ҳәмде «Халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала Кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамларында белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Даўыс бериў нәтийжелери депуитатты шақырып алыў бойынша округ комиссиясының мәжилисинде, даўыс бериў өткизилген күнниң ертеңине анықланып, баяннамаға киритиледи, баяннама тийисли Орайлық сайлаў комиссиясына, ўәлаят, район, қала сайлаў комиссиясына жибериледи. Егер даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылардың ярымынан көби депутаттың шақырып алыныўы жақлап даўыс берген болса, ол шақырып алынған есапланады.

Егер даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылардың ярымынан азы депутаттың шақырып алыныўын жақлап даўыс Берген болса, сондай-ақ даўыс бериўде даўыс бериў дизимине киргизилген сайлаўшылардың 33% нен кеми қатнасқан болса, депутатты шақырып алыў бийкарланған есапланады.

Депутаттың шақырып алыныўын жақлап ҳәм шақырып алыныўына қарсы берилген даўыслар тең болып қойған жағдайда, депутат өзиниң ўәкилликлерин сақлап қалады. Орайлық сайлаў комиссиясы яки тийисли ўәлаят, район, қала сайлаў комиссиясы даўыс бериў нәтийжелерин ҳақыйқый емес деп табыўы мүмкин. Бундай жағдайда тәкирарланып даўыс бериў тайынланып, ол усы нызам

талапларына бойсынған ҳалда 2 ҳәпте ишинде өткизиледи. Орайлық сайлаў комиссиясы тийисли ўәлаят, район, қала сайлаў комиссиясы округ комиссиясынан алынған баяннама тийкарында депутатты шақырып алыў мәселеси бойынша даўыс бериў нәтийжелерин 5 күн ишинде дизимге алады ҳәмде бул ҳаққында ғалаба хабар қураллары арқалы хабар қылады.

Нызамшылық палатасы депутатын шақырып алыў бойынша даўыс бериў жуўмақлары ҳаққында Орайлық сайлаў комиссиясы Нызамшылық палатасын хабардар қылады. Халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңеси депутатын шақырып алыў бойынша даўыс бериў жуўмақлары ҳаққында тийисли ўәлаят, район, қала сайлаў комиссиясы тийисли мәмлекет ҳәкимияты ўәкиллик уйымын ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясын хабардар қылады.

Депутаттың ўәкилликлери, егер даўыс бериў нәтийжесинде депутат шақырып алынған болса, оны шақырып алыў бойынша даўыс бериў нәтийжелери дизимге алынған ўақыттан баслап мүддетинен бурын тоқтатылған есапланады.

Сенаторды шақырып алыў мәселеси бойынша мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликли уйымларының қоспа мәжилиси, сондай-ақ усы мәселе бойынша даўыс бериў Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленетуғын тәртипте өткизиледи. Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тайынланған сенатор Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен шақырып алыныўы мүмкин.

Депутатты, сенаторды шақырып алыў менен байланыслы қәрежетлер Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджети есабынан әмелге асырылады.

Халық депутатлары жергиликли кеңеси депутатын, Нызамшылық палатасы депутатын ҳәм Сенат ағзасын шақырып алыў ҳаққында нызам бузылыўы үстинен Орайлық сайлаў комиссиясына, тийисли ўәлаят, район, қала сайлаў комиссиясына яки судқа шағым қылыныўы мүмкин.

## Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси, Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенат ағзасының статусы ҳаққында Өзбекстан Республикасы нызамы.

Бул нызам Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенат ағзасының ҳуқықлары, миннетлерин ҳәмде жумысының тийкарғы кепилликлерин белгилейди.

Депутат Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Нызамшылық палатасына сайланған ҳәм „Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққында“ ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына муўапық Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынған Өзбекстан Республикасы пуқарасы болып есапланады. Сенатор Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Сенатына сайланған ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына муўапық Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынған сондай-ақ Өзбекстан

Республикасы Президенти тәрепинен Сенатқа тайынланған Өзбекстан Республикасы пуқарасы.

Депутат, сенатор өз жумысын Өзбекстан Республикасының Конституциясы, «Референдум жуўмақлары ҳәмде мәмлекет ҳәкимиятын шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери ҳаққында»ғы, «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Нызамшылық палатасы ҳаққында»ғы, «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Сенаты ҳаққында»ғы конституциялық нызамлар, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Нызамшылық палатасының Регламенти ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамлары, усы нызам ҳәм басқа нызамларға муўапық әмелге асырады.

Депутат нызамшылық палатасының ўәкилликлери мүддетине сайланады. Сенатор Сенаттың ўәкилликлери мүддетине сайланады (тайынланады).

Депутаттың, сенатордың ўәкилликлери төмендеги жағдайларда мүддетинен бурын тоқтатылады:

-ол өз ўәкилликлерин жуўапкершилигинен азат қылыў ҳаққында жазба арза берген жағдайда;

-ол нызамға көре депутатлық, сенаторлық ўәкилликлерин әмелге асырыўына муўапық болмаған лаўазымқа сайланған яки тайынланған тәғдирде;

-оған байланыслы судтың айыплаў ҳүкими нызамлы күшке кирген жағдайда;

-ол шақырып алынған жағдайда;

-суд оны қатнасыққа уқыпсыз деп тапқан жағдайда;

-судтың нызамлы күшке кирген қарары тийкарында ол бийдәрек жоғалған деп табылған яки қайтыс болған деп жәрияланған жағдайда;

-ол Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан айырылғанда

-ол қайтыс болған жағдайда;

-палата тарқатып жиберилген жағдайда;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңесиниң сенатор етип сайланған депутаты ўәкилликлериниң мүдетинен бурын тоқтатылыўы оның сенаторлық ўәкилликлери тамамланыўына алып келеди.

Айырым жағдайларда депутаттың, сенатордың ўәкилликлери тийисли Нызамшылық палатасының, Сенаттың қарары менен мүддетинен бурын тоқтатылыўы мүмкин.

Депутаттың, сенатордың ўәкилликлерин бассқа шахсқа тапсырыў мүмкин емес.

Депутатта, сенаторда Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен берилетуғын тийисли гүўалық ҳәм көкирек нышаны болады. Депутат, сенатор гүўалық ҳәм көкирек нышанынан өз ўәкилликлери мүддети дәўиринде пайдаланады.

Депутаттың, сенатордың гүўалығы ҳәм көкирек нышаны ҳаққындағы реже, сондай-ақ бундай гүўалық ҳәм нышан үлгилери ҳәм усыныслары Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиялары тәрепинен тастыйықланады.

Депутат Нызамшылық палатасында турақлы түрде ислеўи лазым ҳәмде өз ўәкилликлери дәўиринде илимий ҳәм педагогикалық жумыстан басқа ҳақы төленетуғын басқа түрдеги жумыс пенен шуғылланыўы мүмкин емес. Сенатор нызам ҳүжжетлерине муўапық Сенатта турақлы түрде ислеўи мүмкин. Сенатта турақлы ислеўши сенатор өз ўәкилликлери дәўиринде илимий ҳәм педагогикалық жумыстан басқа ҳақы төленетуғын басқа түрдеги жумыс пенен шуғылланыўы мүмкин емес.

Нызамның 7-статьясында Депутат ҳәм сенатордың ҳуқықлары көрсетилген. Депутат, сенатор тийисли Нызамшылық палатасының, Сенаттың мәжилисинде көрип шығылатуғын барлық мәселелер бойынша шешиўши даўыс ҳуқықынан пайдаланады.

Депутат, сенатор:

-тийили палатаның уйымларына сайлаў ҳәм сайланыўға,

-палата мәжилисинде көрип шығылыўы ушын мәселелер киритиўге;

-палата мәжилисиниң күн тәртиби, көрилип атырған мәселелерди көрип шығыў тәртиби ҳәмде бул мәселелердиң мазмуны бойынша усынıслар киритиў ҳәм пикирлер билдириўге;

-қарар жойбарлары ҳәм оларға дүзетиўлер киритиўге;

-палата тәрепинен дүзилетуғын уйымлардың жеке қурамы ҳәмде сайланатуғын, тайынланатуғын яки тастыйықланатуғын лаўазымлы шахслардың кандидатуралары ҳаққында пикир билдириўге;

-сөйлесиўлерде қатнасыўға, баянатшы ҳәм басшылық етиўшиге сораўлар бериўге;

-парламент сораўы менен мүрәжәәт етиўге;

-өз усынысларын тийкарлап бериў ушын сөзге шығыўға ҳәм даўыс бериў себеплери ҳаққында түсиндирме бериўге;

-тийисли палата мәжилисинде көрилип атырған мәселе бойынша өзиниң пикирин, усынысын жазба формасын палата мәжилисинде басшылық етиўшиге тапсырыўға;

-палата қурамындағы өзи ағза болған тийисли уйымның қарарына қосылмаған жағдайда өзиниң пикирин палата мәжилисинде билдириўге яки бул ҳаққында Нызамшылық палатасының Спикерине, Сенат Баслығына жазба түрде мәлим қылыўға;

-палатаға есап беретуғын яки оның бақлаўындағы ҳәр қандай уйым ямаса лаўазымлы шахстың есабаты, мағлыўматын палата мәжилислеринде еситиў ҳаққында усыныс киритиўге;

-Өзбекстан Республикасы нызамлардың орынланыўын, сондай-ақ палата қарарларының орынланыўын тексериў ҳаққында көрип шығылыўы ушын мәселелер киритиўге;

-палата мәжилислериниң стенограммалары менен танысыўға;

-пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузыў жағдайлары яки нызамлылықты бузыўдың басқа жағдайлары менен мәлим болған тәғдирде оларға дәрҳал шек қойыў шараларын көриў талабы менен тийисли уйымлар ҳәмде лаўазымлы шахсларға мүрәжот етиўге ҳақылы. Депутат, сенатор нызамларға муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин.

Депутат ҳәм Сенатордың миннетлемелери Нызамның 8-статьясында белгиленип қойылған. Буған көре депутат, Сенатор тийислинше Нызамшылық палатасының, Сенаттың сондай-ақ палатаның комитетлери, комиссияларына, келисим комиссиясына сайланған болса, олардың мәжилислеринде қатнасыўы, даўыс бериўде Нызамшылық палатасының, Сенаттың регламентлериндебелгиленген тәртипте жеке өзи қатнасыўы шәрт.

Нызамшылық палатасы, Сенат, комитет, комиссия, келисим комиссиясы мәжилисинде қатнасыў имканы болмаған жағдайда депутат, Сенатор бул ҳаққында тийислисинше Нызамшылық палатасының Скиперине, Сенат Баслығына комитет, комиссия баслығына, келисим комиссиясының тийисли палатадан сайланған баслығын алдын-ала хабардар қылыўы шәрт.

Депутаттың, сенатордың жуўапкершилигинде нызамларға муўапық басқа миннетлемелерде болыўы мүмкин.

Депутат өз округи сайлаўшылары, оны депутатлыққа талабан етип көрсеткен сиясий партия менен байланысжасап, Нызамшылық палатасында олардың мәплерин билдиреди. Сайлаўшылардың исенимин ақлай алмаған депутат нызамда белгиленген тәртипте шақырып алыныўы мүмкин.

Депутат өзине сайлаўшылардан түскен мүрәжатларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте көрип шығады, оларды шешиў шараларын көреди, пуқараларды қабыл қылады. Депутат ўақты-ўақты менен бирақ жылына кеминде сайлаўшыларға өз жумысы ҳаққында мағлыўмат береди.

Депутатқа сайлаўшылар менен алып барылатуғын жумыслар ушын Нызамшылық палатасының Регламентин Сайлаўшылар менен ушырасыўлар өткериў ушын депутатлыққа зәрүрли шәраятлар тәмийнленеди. Ақтқарыўшы ҳәкимият уйымлары оның илтимасына көре жай (орны) ажыратылыўын шөлкемлестиреди, депутаттың сайлаўшылар менен ушырасыўлары өткерилетуғын депутат пуқараларды қабыл ететуғын ўақыт ҳәм орын ҳаққында пуқараларға хабар береди, қабыл ҳәм ушырасыўларда қатнасыў ушын депутаттың усынысына тийкарланып өзлериниң жуўапкер ўәкиллерин жибереди, сондай-ақ депутаттың орынлардағы жумысына көмеклесиў бойынша басқа шара ҳәм усыллар көреди.

Депутат, сенатор мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларының лаўазымлы шахсларына олардың ўәкилликлерине киретуғын мәселелер бойынша

тийкарланылған түсиндирме бериў, яки пикирин билдириў талабы менен парламент сораўы жибериўге ҳақылы.

Мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларының лаўазымлы шахслары парламент сораўына жуўапты белгиленген мүддетлерде тийисли палатаның мәжилисинде береди. Өзбекстан Республикасының Жоқарғы суды баслығына, Бас прокурорына, сорастырыў ҳәм тергеў уйымларының басшыларына жоллаған парламент сораўы олардың ис жүритиўиндеги белгили бир ислер ҳәм материалларына тийисли болыўы мүмкин емес.

Парламент сораўлары бойынша мағлыўмат тийислисинше Нызамшылық палатасы, Сенат мәжилисинде көрип шығылыўы мүмкин.

Депутат, сенатор әдеп-икрамлылық нормаларына қатаң түрде бойсыныўы лазым. Депутаттың, сенатордың өз статусынан пуқаралар, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерине зыян жеткизетуғын түрде пайдаланыўына жол қойылмайды.

Әдеп-икрамлылық нормалары бузылған жағдайда депутаттың, сенатордың минез-қулқы ҳаққындағы мәселе тийисли палата тәрепинен яки оның тапсырмасына тийкарланып палатаның уйымы тәрепинен көрип шығылыўы мүмкин.

Ҳәр бир депутатқа, сенаторға өз ўкилликлерин нәтийжели әмелге асырыўы ушын шәраятларға кепиллик бериледи, оның ҳуқықлары, абыройы ҳәм қәдир-қымбаты қорғалады.

Депутаттың, сенатордың абыройы ҳәм қәдир қымбатына қастыяншылық қылған шахслар нызамға муўапық ҳәкимшилик жыйнайый яки өзге түрде жуўапкер болады. Депутатты, сенаторды кемситиў, сондай-ақ  оған қарата жала жабыў нызамда белгиленген тәртипте жуўапкершиликке себеп болады.

Депутатлық, сенаторлық ўәкилликлерин әмелге асырыўына тосқынлық қылыў мақсетинде депутатқа, сенаторға қандайда бир түрде болмасын тәсир көрсетиўге жол қойылмайды. Депутат, сенатор алдындағы өз ўазыйпаларын орынламайтуғын оның жумысына тосқынлық қылатуғын, биле турып оған жалған мағлыўмат беретуғын, депутатлық жумысы ҳәмде сенаторлық жумысы кепилликлерин бузатуғын лаўазымлы шахслар нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкер болады.

Депутат, сенатор өзиниң ўәкилликлери дәўиринде қол-қатылмаслық ҳуқықына ийе болады. Тийисли палатаның келисимисиз депутат, сенатор жынайый жуўапкершиликке тартылыўы, услап турылыўы, қамаққа алыныўы яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаға тартылыўы мүмкин емес.

Депутаты, сенаторды мәжбүрий келтириў, сондай-ақ оның үй-жайы, хызмет ханасын жүги ҳәм жеке хызмет траспорт қуралларын, ол пайдаланып атырған байланыс қуралларын, сондай-ақ оған тийисли ҳүжжетлерди көзден кешириўге жол қойылмайды.

Депутат, сенатор тийисли палатада даўыс бериў ўақтында пикир билдиргенлиги яки өзиниң көз-қарасын баян еткенлиги ушын ҳәмде ўәкилликлерин әмелге асырыў менен байланыслы басқа қәрежетлери ушын

жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин емес, сондай-ақ ўәкилликлери мүддети тамамланғанынан кейинде жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин емес.

Егер сондай ҳәрекетлер менен депутат, сенатор кемситиўге, жала жабыўға яки нызам ҳүжжетлеринде жуўапкершилик нәзерде тутылған бсқа нызам бузыўшылықларға жол қойған болса, ол тек қол-қатылмаслық ҳуқықынан айырылған жағдайда жуўапкершиликке тартылады.

Депутатты, сенаторды қол-қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселе Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының көрсетпеси бойынша Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң тийисли палатасы тәрепинен шешиледи.

Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының депутатты жынайый жуўапкершиликке тартыў, услап турыў, қамаққа алыў яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаны қолланыўға келисим бериў ҳаққындағы көрсетпеси Нызамшылық палатасы тәрепинен, Нызамшылық палатасының сессиялары аралығындағы дәўирде болса, оның Кеңеси тәрепинен көрип шығылып, кейин Нызамшылық палатасы Кеңесиниң усы мәселеге тийисли қарары Нызамшылық палатасының сессиясында тастыйықланады. Сенаторды қол-қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселе Сенат тәрепинен оның мәжилисинде, Сенаттың мәжилислери аралығындағы дәўирде болса, сенаттың Кеңеси тәрепинен көрип шығылады.

Нызамшылық палатасының, Сенаттың яки олардың Кеңеслериниң депутатты, сенаторды қол-қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға келисим бериў мәселесине тийисли қарары дәрҳал Өзбекстан Республикасы Бас прокурорына жибериледи. Депутат яки сенаторды қол-қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға келисим алған Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры исти жүритиў тамамланған күннен баслап 3 күн ишинде Нызамшылық палатасына яки сенатқа исти тергеў қылыў, судта көрип шығыў нәтийжелери ҳаққында хабар бериўи шәрт.

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси тийисли палатасының депутатты, сенаторды қол-қатылмаслық ҳуқықынан айырыўға келисим бериўден бас тартыўы оған байланыслы жынаят исин жүритиўди яки суд тәртибинде берилетуғын ҳәкимшилик жазаны нәзерде тутатуғын ҳәкимшилик ҳуқық бузыўшылық ҳаққындағы исти жүритиўди бийкарлайтуғын ҳәм бундай ислерди тоқтатыўға себеп болатуғын жағдай есапланады. Тийисли исти тоқтатыў ҳаққындағы қарар тек жаңадан ашылған жағдайлар бар болғанда бийкар қылыныўы мүмкин.

Депутат, сенатор өз ўәкилликлерин әмелге асырыў ўақтында гүўалығын көрсетип, Өзбекстан Республикасы аймағындағы кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлерге иркинишсиз кириў ҳуқықынан, сондай-ақ олардың басшылары ҳәмде басқа лаўазымлы шахслары тәрепинен дәрҳал қабыл қылыныў ҳуқықынан пайдаланады.

Жумысы мәмлекетлик сыр ҳәмде нызам менен қорғалатуғын басқа сыр менен байланыслы кәрханалар, мекемелер, шөлкемлерге депутаттың, сенатордың кириў тәртиби нызамда белгиленеди. (15-статья).

Депутаттың сенатордың тийисли палатада ислеген ўақты улыўма ис стажына ҳәм әўелги қәнигелиги бойынша ис стажына қосып есапланады.

Кәрханалар, мекемелер яки шөлкемлердиң басшылары өз ўәкилликлерин ислеп шығарыў яки хызмет жумысынан ажыралмаған ҳалда әмелге асырып атырған сенаторды ол өзиниң сенаторлық ўазыйпаларын орынлайтуғын ўақытта, оның жумыс орны (лаўазымы) сақланған ҳалда, жумыстан азат етиўи шәрт. Сенаторлық ўазыйпаларын орынлайтуғын ўақытта сенатордың орташа ис ҳақы сақланып қалады.

Депутатқа, сенаторға ҳәр жылы 36 жумыс күнине тең ҳақы төленетуғын мийнет дем алысы бериледи, нызам ҳүжжетлеринде көбирек мүддетли дем алыс көрсетилген жағдайлар буған кирмейди. Ҳәр жылғы мийнет дем алысы депутатқа қағыйда түринде, нызамшылық палатасының сессиялары аралығындағы дәўирде бериледи. Нызамшылық палатасы яки Сенат тарқатылып жиберилгенде депутатқа яки сенатта турақлы ислеўши сенаторға жумыстан босатыў напақасы төленеди ҳәмде жумысқа орналасыў дәўиринде нызамда белгиленген тәртипте орташа ис ҳақы сақланып қалады. Депутат, сенатор өз ўәкилликлери мүддети дәўиринде әскерий жыйынлардан азат қылынады. (17-статья).

Нызамшылық палатасы девоны, сенат девоны тйиислисинше депутатты, сенаторды ҳүжжетлер, зәрүрли мағлыўматлар менен тәмийинлейди, сондай-ақ оның жумысы менен байланыслы мәселелер бойынша қәнигелердиң мәсләҳәтлерин уйымластырады. Депутатқа, сенаторға техникалық қураллар, байланыс қураллары ҳәм мағлыўматлар базаларынан пайдаланыў ушын шәраятлар жаратылады.

Депутатқа, сенаторға депутатлық, сенаторлық жумысы менен байланыслы қәрежетлер ушын ҳәр айда ең кем ис ҳақының бес барабары муғдарында физикалық шахслардан алынатуғын дәрамат салығы салынбайтуғын қаржы төленеди (18- статья).

Депутатақа, сенаторға Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси тийисли палатасының имаратында уйымның мебели, зәрүрли техникалық қураллар ҳәм канцелярия буйымлары менен үскенеленген бөлек хызмет ханасы (кабинети) бериледи. (19-статья).

Депутат, сенатор Өзбекстан Республикасы аймағында ҳаўа, темир жол, автомобиль жолаўшылар транспортында бийпул жүриў ҳуқықынан пайдаланады. (такси ҳәм қалалық жолаўшылар транспортынан басқа).

Дептат, сенатор аэропортлар ҳәм аэровокзаллар, темир жол вокзаллары ҳәм станцияларының рәсмий шахслар ҳәм делегациялар ушын арналған залларынан бийпул пайдаланыў ҳуқықына ийе.

Депутат, сенатор өз гүўалығын көрсеткенинен кейин темир жол вокзаллары ҳәм станцияларының билет сататуғын кассалары, пуқара авиациясы агентлиги яки

аэропортлар оған поездың жатақлы жумсақ орынлы, вагонынан, самолет салонынан гезексиз орын бериўлери шәрт.

Депутат, сенатор палатаның мәжилисине баратуғын ўақытта оған самолет билети ушыўдан 2 саат алдын, басқа жағдайларда болса кеминде 1 сутка алдын бериледи.

Билетинде орынлықтың номери көрсетилетуғын қалалар аралық, сондай-ақ қала әтирапына қатнайтуғын автобусларда депутат, сенатор автовокзаллар ҳәм автостанциялардың кассаларынан нәўбетсиз түрде алынатуғын бийпул билет пенен жүреди. Қалған барлық жағдайларда депутаттың, сенатордың жолаўшылар транспортында жүриўи (таксилерден басқа) депутаттың, сенатордың гүўалығы бойынша әмелге асырылады.

Депутат, сенатор ҳәр бир транспорт түринде әмелде болған нормаларға сай түрде қол жүгин бийпул алып жүриў ҳуқықына ийе.

Транспорт шөлкемлери менен есап-китап қылыў тәртиби нызам ҳүжжетлеринде белгиленеди. (20-статья).

Депутатқа, сенатта турақлы ислеўши сенаторға, егер олар Ташкент қаласында турар жайға ийе болмаса, берген арзаларына тийкарланып ўәкилликлери әмел, қылатуғын мүддетке семья ағзалары менен жасаў ушын Ташкент қаласында хызмет турар жайы бериледи. Депутат, сенатор өзине берилген турақ жайды депутаттың, сенатордың ўәкилликлери тамамланған күннен баслап 10 күннен кешиктирмей босатып бериўи керек. Усы талаптың орынланбаўы ҳәкимшилик тәртипте көширилиўине себеп болады. (21-статья).

(Бул нызам Олий Мәжилистиң 15-сессиясында көрилди).

**Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққында Өзбекстан Республикасының нызамы 2003-жыл, 29-пвгусть қабыл етилди. 2004- жыл, 1-июльде ҳәрекетке кирди.**

Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Нызамшылық палатасы аймақлық бир мандатлы сайлаў округлери бойынша көп партиялылық тийкарында 5 жыл мүддетке сайланатуғын 120 депутаттан ибарат.

Нызамшлық палатасы депутатлары улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен сайланад.

Ҳәр бир пуқара сайлаўшы бир даўысқа ийе. Пуқаралар жынысы, динге қатнасы, тили, социаллық келип шығыўы, жеке ҳәм жәмийетлик дәрежеси, мағлыўматы ҳәм басқада өзгешеликлеринен қатты нәзер тең сайлаў ҳуқықына ийе. (3- статья).

Нызамшылық палатасы депутатлары пуқаралар тәрепинен тиккелей сайланады. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўында еркин ҳәм жасырын түрде даўыс бериледи.

Нызамшылық палатасы сайлаўына таярлық көриў ҳәм оны өткизиўди сайлаў комиссиялары ашық ҳәм әшкара түрде әмелге асырады.

6-статья Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткизиўдеги әшкаралылық.

Сайлаў комиссиялары пуқараларды өз жумысларынан, сайлаў округлери, участкалары дүзилгенлиги, сайлаў комиссияларының қурамы, олардың жайласқан орны ҳәм жумыс ўақтынан хабардар етеди, сайлаўшылардың дүзимлери, сайлаўда қатнасқан сиясий партиялардың дизими менен таныстырады, Нызамшылық палатасы депутатлығына талабанлар ҳаққындағы мағлыўматлар, даўыс бериў ҳәм сайлаў жуўмақларынан хабардар қылады.

Өзбекстан Республикасының ғалаба хабар қураллары сайлаўға таярлықтың барысы ҳәм сайлаў қандай өтип атырғанлығын хабарлап барады.

Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткизиўге тийисли барлық жыйынларда, сондай-ақ сайлаў күни даўыс бериў ханаларында ҳәм даўысларды санап шығыўда депутатлыққа талабанлар көрсеткен сиясий партиялардан, сайлаўшылар инта топарларынан бир бақлаўшы, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер, халық аралық шөлкемлер ҳәм ҳәрекетлерден бақлаўшылар қатнасыў ҳуқықына ийе. Олардың ўәкилликлери тийисли ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек. Мәпдар шөлкемлер сайлаўшылар инта топарлары өз бақлаўшылары ҳаққында нызамшылық палатасына сайлаў өткизиўши округ сайлаў комиссияларына сайлаўға кеминде 15 күн қалғанда мәлим қылады.

Округ сайлаў комиссиясы Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленетуғын көрсетилген мандатыы мәпдар шөлкемлерден, сайлаўшылар инта топарынан арза алынғанынан кейин бақлаўшыға 5 кун ишинде береди.

Бақлаўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе.

-депутатлыққа талабанлар көрсетиўге арналған жыйналысларда, округ ҳәм участка сайлаў комиссияларының мәжилислеринде қатнасыў;

-сайлаў участкасында болыў ҳәм таярлық ислериниң барысын, даўыс бериў ушын сайлаў қутыларының жайластырылыўы ҳәм мөрлениўин, пуқараларға сайлаў бюллетенлериниң берилиўин бақлаў;

-даўысларды санап шығыўда ҳәм участка сайлаў комиссиясының баяннамаларын дүзиўде қатнасыў;

-сайлаў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған көширмелерин сораў ҳәм оларды алыў;

-егер сайлаў участкасында усы Нызамның бузылыўына жол қойылған деп есаплаў ушын тийкар болса, өз бақлаўшылары ҳаққында жоқары сайлаў комиссиясына мәлим қылыў.

Бақлаўшыларға төмендегилер қадаған етиледи:

-сайлаўшы сайлаў бюллетенине өз белгисин қоятуғын ўақытта жасрын даўыс бериў кабинасында яки ханасында болыў;

-сайлаўшыларға тәсир өткизиў, қандай да бир материал яки әдебиятты тарқатыў;

-сайлаўшылардан олар кимди жақлап даўыс бергенликлерин сорастырыў яки сайлаўшыларға сайлаў бюллетенине белги қойыўда қандайда бир формада жәрдем көрсетиў;

-участка сайлаў комиссиясының жуысына, сондай-ақ сайлаў қутыларын мөрлеўде, оларды ашыўда, даўысларды санап шығыўда араласыў.

Нызамшылық палатасына сайлаў өткизиў ушын 120 аймақлық сайлаў округи дүзиледи. Ҳәр бир сайлаў округинен бир депутат сайланады. Нызамшылық палатасына депутатлар сайлаўын өткизиўши сайлаў округлери Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қала ҳәкимлериниң көрсетпесине тийкарланып Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дүзиледи. Сайлаў округлериниң шегаралары Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласының ҳәкимшилик-аймақлық дүзилисин инабатқа алған ҳалда белгиленеди. Сайлаў округлери Өзбекстан Республикасының пүткил аймақлық сайлаўшылар саны teң ҳалда дүзиледи. Ҳәр бир сайлаў ушын сайлаў округине туўры келетуғын сайлаўшылар нормасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди. Орайлық сайлаў комиссиясы сайлаў округлери дизимин олардың шегаралары ҳәм сайлаўшылар санын көрсеткен ҳалда сайлаўға 75 күн қалғанда жәриялайды.

Сайлаў участкаларын дүзиў тәртиби ҳәм нормасы (8-статья).

Сайлаў участкалары районлар, қалалар, қалалардағы районлардың шегараларын инабатқа алған ҳалда, сайлаўшыларға көбирек қолайлық жаратыў мақсетинде дүзиледи. Сайлаў участкалары әскерий бөлимлерде де дүзиледи ҳәм бөлим жайласқан жердеги сайлаў округине киреди. Сайлаў участкаларының шегаралары тийисли сайлаў округи көлеминен шығып кетпеслиги керек.

Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги ўәкил-ханалары қарамағында, санаторийлар ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мекемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған жерлердеги пуқаралар турған орынларда сайлаў участкалары дүзилиўи мүмкин. Бул сайлаў участкалары өзлери жайласқан жердеги сайлаў округлерине киреди. Өзбекстаннан тысқарыда дүзилетуғын сайлаў участкаларын қайсы сайлаў округине бириктириў ҳаққындағы мәселе Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен шешиледи. Сайлаў участкалары район, қала ҳәкимликлериниң көрсетпесине тийкарланып округ сайлаў комиссиялары тәрепинен дүзиледи. Әскерий бөлимлерде сайлаў участкалары бөлимлер яки әскерий отряд командирлериниң көрсетпелерине тийкарланып округ сайлаў комиссиялары тәрепинен дүзиледи. Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги елшиханалары жанында сайлаў участкалары Өзбекстан Республикасы сыртқы ислер министрлигиниң көрсетпесине тийкарланып Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дүзиледи.

Сайлаў участкалары сайлаўға 60 күн қалғанда дүзиледи. Әскерий бөлимлерде, Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги елшиханалары жанында, сондай-ақ алыс ҳәм барыў қыйын болған жерлерде де сайлаў участкалары (60 күн

қалғанда) сол мүддетте, айырым жағдайларда сайлаўға кеминде 5 күн қалғанында дүзиледи.

Сайлаў участкалары кеминде 20 ҳәм көби менен 3000 сайлаўшыдан ибарат етип дүзиледи.

Даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын ҳәр бир сайлаў участкасына район, қала ҳәкимлиги жай ажыратады.

Округ сайлаў комиссиясы участка сайлаў комиссиясының ҳәм даўыс бериў орынның жайласқан жерин көрсеткен жағдайда ҳәр бир сайлаў участкасының шегаралары ҳаққында сайлаўшыларды хабардар етиўди шөлкемлестиреди.

Нызамшылық палатасына сайлаў төмендегилер тәрепинен шөлкемлестириледи ҳәм өткизиледи:

Орайлық сайлаў комиссиясы, округ сайлаў комиссиялары, участка сайлаў комиссиялары.

Орайлық сайлаў комиссиясының ўәкилликлери (11-статья).

1) Өзбекстан Республикасы ның пүткил аймағында усы Нызамның орынланыўын қадағалайды ҳәм оның бирдей түрде қолланылыўын тәмийинлейди, сайлаўды шөлкемлестириўге тийисли мәселелер жүзесинен өз ўәкилликлери көлеминде бағдарламалар шығарады ҳәмде түсиндириўлер берип барады;

2) сайлаў округлерин дүзеди, оларға ат ҳәм тәртип санын береди;

3) округ сайлаў комиссияларын дүзеди ҳәм олардың жайласқан жери ҳаққындағы мағлыўматларды жәриялайди;

4) сайлаў комиссияларының жумысын бағдарлап барады, олардың қурамына өзгерислер киритиў тәртибин белгилейди, округ сайлаў комиссияларының қарарларын, егер бул қарарлар усы Нызамға қарсы болса, ғәрезсиз түрде яки Өзбекстан Республикасы  Бас прокурорының көрсетпесине тийкарланып бийкар қылыныўы мүмкин;

5) Өзбекстан Республикасы нан тысқарыда дүзилетуғын сайлаў участкаларын қайсы сайлаў округине бириктириў ҳаққындағы мәселелерди шешеди;

6) депутатлыққа талабанлар көрсеткен сиясий партиялардың, сайлаўшылар инта топарларының тийисли ҳүжжетлерин қабыл қылады;

7) депутатлыққа талабанлар дизимге алады;

8) депутатлыққа талабанларға сайлаў компаниясында қатнасыўы ушын тендей шараятларды тәмийинлейди;

9) пул қаржыларын сайлаў комиссияларына бөлистиреди, сайлаў комиссияларының имаратлар, транспорт ҳәм байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды, сайлаўды материаллық-техникалық тәрепинен тәмийинлеўдиң басқа мәселелерин көрип шығады;

10) сисяий партиялар, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм уйымлар, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, мәмлекеттиң басқа уйымлары ҳәмде жәмийетлик бирлеспелери ўәкиллериниң сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткизиў менен байланыслы мәселелери жүзесинен мағлыўматларын еситеди;

11) сайлаўдың Өзбекстан Республикасы бойынша улыўма жуўмағын шығарады, сайланған депутатларды дизимге алады, Нызамшылық палатасына өткизилген сайлаў жуўмақларына тийисли мағлыўматларды ҳәм сайланған депутатлардың дизимин баспа сөзде жәриялайды;

12) депутатларға Нызамшылық палатасы депутатының гүўалығы ҳәм көкирек нышанын береди;

13) сайлаў комиссияларының қарарлары ҳәм комиссияларының қарарлары ҳәм нызамсыз ҳәрекетлери үстинен келип түскен арза ҳәмде шағымларды көрип шығады ҳәм олар бойынша қарарлар қабыл етеди;

14) усы Нызам жынайый жуўапкершиликке тартыўға себеп болатуғын түрде бузылғанлығына тийисли материалларды прокуратура уйымларына жибереди;

15) сайлаўды шөлкемлестириў ҳәм оны өткизиў менен байланыслы ҳүжжетлер архивлерге тапсырылыўын тәмийинлейди;

16) усы Нызам ҳәм басқа нызамларға муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

12 статья. Округ сайлаў комиссиясын дүзиў.

Округ сайлаў комиссиясы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўға кеминде 70 күн қалғанда комиссияның баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм кеминде 6 басқа ағзасынан ибарат қурамда дүзиледи. Округ сайлаў комиссиясының жеке қурамы Орайлық сайлаў комиссиясының қарары менен тастыйықланады.

13-статья. Округ сайлаў комиссиясының ўәкилликлери.

1) сайлаў округи аймағында усы Нызам орынланыўын қадағалайды;

2) сайлаў участкаларын дүзеди, сайлаў округи бойынша олардың тәртип санын белгилейди, мәнзилин көрсеткен жағдайда олардың дизимин жәриялайды;

3) участка сайлаў комиссияларының жумысын муўапықластырып барады;

4) қаржыларды участка сайлаў комиссиялары ортасында бөлистиреди, участка сайлаў комиссияларының имаратлар, транпорт, байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды ҳәм сайлаў округинде сайлаўды материаллық техникалық тәрептен тәмийинлеўдиң басқа мәселелерин көрип шығады;

5) депутатлыққа талабанды қоллап-қуўатлаўшы имза топлаўға тийисли имза қағазларын сайлаўшылар инта топарларының исенимли ўәкилликлеринен қабыл етип алады, олардың туўры толтырылғанлығын тексереди;

6) депутатлыққа талабанды қоллап-қуўатлаўшы имза қағазлары қабыл қылынғанлығы ҳаққында сайлаўшылар инта топарларының исенимли ўәкиллерине имза қағаз қабыл қылынған күн дизимге алынған мағлыўматнама береди;

7) Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынған депутатлыққа талабанлар ҳаққындағы мағлыўматларды жәриялайды ҳәм бул талабанларға тийисли гүўалықлар береди;

8) депутатлыққа талабанлардың сайлаўшылар менен ушырасыўларын шөлкемлестириўге көмеклеседи;

9) депутатлыққа талабанлардың исенимли ўәкиллерин дизимге алады ҳәм бул ўәкиллерге тийисли гүўалықлар береди;

10) сиясий партиялар жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары, мәмлекеттиң басқа уйымлары ҳәмде жәмийетлик бирлеспелери ўәкиллерининң, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлер басшыларының сайлаўға таярлық көриў ҳәмде оны өткизиў менен байланыслы мәселелери жүзесинен мағлыўматларды еситеди;

11) сайлаўшылар дизимлери дүзилиўи ҳәм олардың ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныс етилиўин бақлап барады;

12) сайлаў округи бойынша Орайлық сайлаў комиссиясы тастыйықлаған үлгиге муўапық сайлаў бюллетени текстин тастыйықлайды, бюллетенлер таярланыўы ҳәм участка сайлаў комиссиялары олар менен тәмийинлениўин шөлкемлестиреди;

13) сайлаў округи бойынша нәтийжелерин анықлайды ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясына усынады;

14) тәкирарлап даўыс бериў ҳәм тәкирарлап сайлаў, сондай-ақ босап қалған орынға депутат сайлаўы өткизилиўин шөлкемлестиреди;

15) участка сайлаў комиссияларының қарарлары ҳәм нызамсыз ҳәрекетлери үстинен келип түскен арза ҳәм шағымларды көрип шығады ҳәм олар жүзесинен қарар қабыл қылады;

16) усы Нызам ҳәм басқа нызамларға муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

14-статья. Участка  сайлаў комиссиясын дүзиў

Участка сайлаў комиссиясы Округ сайлаў комиссиясы тәрепинен дүзиледи. Участка сайлаў комиссиясы сайлаўға кеминде 40 күн қалғанда 5-19 ағзадан, сондай-ақ баслық, баслық орынбасары ҳәм хаткерден ибарат қурамда дүзиледи. Егер комиссия 7 ағзадан ибарат қурамда дүзилсе, баслық ҳәм хаткер сайланады. Участка сайлаў комиссиясының жеке қурамы округ сайлаў комиссиясының қарары менен тастыйықланады. Участка сайлаў комиссиясы қурамының саны зәрүр жағдайларда көбейтирилиўи яки кемейтирилиўи мүмкин. Өзбекстан Республикасы ның шет мәмлекетлердеги елшиханалары жанында участка сайлаў комиссиясы баслығының ўазыйпаларын уйым баслығы әмелге асырады.

15-статья. Участка сайлаў комиссиясының ўәкилликлери.

1) участка бойынша сайлаўылар дизимин дүзеди;

2) сайлаўшыларды сайлаўшылар дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтелер ҳәм анықлық емес ҳаққында арзаларды қабыл қылады ҳәм көрип шығады, дизимге тийисли өзгерислер киритиў ҳаққындағы мәселени шешеди.

3) сайлаў күни өз турақ жайында болыў ҳәм даўыс бериўде қатнасыў имканиятына ийе болмаған сайлаўшылардан сайлаў конвертлерин қабыл қылып алады;

4) халықты сайлаў күни ҳәм даўыс бериў орны ҳаққында хабардар етеди;

5) даўыс бериў шараятлары ҳәм сайлаў қутылары ҳәмде басқа сайлаў буйымлары таярлап қойылыўын тәмийинлейди;

6) сайлаў күни сайлаў участкасында даўыс бериўди шөлкемлестиреди;

7) сайлаў участкасында берилген даўысларды есаплап шығады;

8) сайлаўға таярлық көриў ҳәм даўыс бериўди шөлкемлестириў мәселелери жүзесинен түскен арза ҳәм шағымларды көрип шығады ҳәмде олар жүзесинен қарарлар қабыл қылады;

9) усы нызам ҳәм басқа нызамларға муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

16-статья. Сайлаў комиссияларына ағзалық

Округ сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, халық депутатлары ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслериниң мәжилислеринде додаланады ҳәмде Орайлық сайлаў комиссиясына тастыйықлаў ушын усыныс етиледи. Участка сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар халық депутатлары район, қала Кеңеслериниң мәжилислеринде додаланады ҳәм тийисли округ сайлаў комиссиясына тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

Округ ҳәм участка сайлаў комиссияларының ағзалары жәмәәтшиликтиң абыройлы ўәкиллери арасынан тайынланады. Комиссияның ағзасы жеке өзи берген арзасына муўапық, сондай-ақ ўәкилликлеринен айырылған жағдайда өз ўазыйпасын орынлаўдан азат қылыныўы мүмкин.

Комиссия ағзасын ўәкилликлеринен айырыў ҳуқықы комиссияны дүзген уйымға тийисли болып, комиссия ағзасы усы Нызам талапларын бузған яки өз ўазыйпаларын турақлы түрде итибарсыз қалдырып келген жағдайда ўәкилликлеринен айырылады. Зәрүрлик болғанда сайлаў комиссиясының жаңа ағзасы усы Нызамда белгиленген тәрптипте тайынланады.

Сайлаў комиссиясының баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм басқа ағзалары сиясий партияның ағзасы болыўы мүмкин емес. Депутатлыққа талабанлар сайлаў комиссияларына ағза болыўы мүмкин емес. Бир шахс тек бир сайлаў комиссиясына ағза болыўы мүмкин.

Сайлаў комиссиясының мәжилиси, егер онда мәжилис өткизилип атырған күндеги комиссия қурамының кеминде үштен еки бөлеги қатнасқан болса, ўйкилликли есапланады. Комиссия қарары ашық даўыс бериў арқалы комиссия улыўма қурамының көпшилик даўысы менен қабыл қылынады. Қарарға наразы болған комиссия ағзалары өзлериниң пикирлерин билдириўге ҳақылы. Егер даўыслар тең бөлинип қалса, басшылық етиўшиниң даўыс бериўи шешиўши күшке ийе болады.

Сайлаў комиссиясының өз ўәкилликлери шегинде қабыл қылған қарары төмен турыўшы сайлаў комиссиялары, сондай-ақ барлық мәмлекетлик уйымлар, сиясий партиялар ҳәм басқа жәмийетлик бирлеспелер, мийнет жәмәәтлери ҳәм

әскерий бөлимлердиң, кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлер басшыларының орыўнлаўы ушын мәжбүрий болып табылады.

Мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар мекемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар сайлаў комиссияларына өз ўәкилликлерин әмелге асырыўда жәрдем бериўлери, олардың жумысы ушын зәрүрли мағлыўматларды усыныўлары шәрт.

Мәмлекетлик уйымлар, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткизиў ушын керекли имаратлар ҳәм үскенелерди сайлаў комиссиялары ықтыярына бийпул берип турыўлары шәрт.

Сайлаў комиссиясы сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткизиў менен байланыслы мәселелер бойынша мәмлекетлик уйымларға ҳәмде жәмийетлик бирлеспелерге, лаўазымлы шахсларға мүрәжәәт қылыў ҳуқықына ийе, олар комиссия тәрепинен қойылған мәселени нәби менен 3 күн ишинде көрип шығыўлары ҳәм сайлаў комиссиясына жуўап қайтарыўлары шәрт.

Орайлық сайлаў комиссиясының ўәкилликлери Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси тәрепинен «Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына муўапық тоқтатылыўы мүмкин.

Округ ҳәм участка сайлаў комиссиялары тийисли сайлаў округлеринен сайланған депутатлар Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынғанынан кейин өз жумысын тоқтатады.

Депутатлыққа талабанлар көрсеткен сиясий партиялардың уйымлары, депутатлыққа талабанлар, исенимли ўәкиллер, бақлаўшылар ҳәм сайлаўшылар сайлаў комиссияларының қарарлары үстинен сол қарар қабыл қылынғанынан кейин 10 күн ишинде жоқары сайлаў комиссиясына яки судқа шағым қылыўлары мүмкин. Орайлық сайлаў комиссиясының қарарлары үстинен қарар қабыл қылынғанынан кейин 10 күн ишинде Өзбекстан Республикасы Жоқары судына шағым қылыныўы мүмкин. Шағым келип түскеннен кейин 3 күн ишинде сайлаўға 6 күннен кем ўақыт қалғанда дәрҳал көрип шығылыўы керек (18-статья).

<u>19-статья. Сайлаў компаниясы басланғанлығын жәриялаў.</u> Сайлаў компаниясы басланғанлығы әўелги шақырық Нызамшылық палатасы депутатларының ўәкиллик мүддети тамамланыўынан кеминде 3 ай алдын Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен ғалаба хабар қуралларында жәрия қылынады. Депутатлыққа талабанлар көрсетиў ҳуқықына сиясий партиялар ҳәм тиккелей пуқаралар ийе.

Сиясий партия сайлаў компаниясы басланғанлығы жәрияланған күннен 6 ай алдын Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлиги тәрепинен дизимге алынған, сайлаўда қатнасыўын қоллап-қуўатлаўшы 50 мың сайлаўшының имзасын топлаған жағдайда ғана депутатлыққа талабанлар көрсетиўи мүмкин.

Ҳәкимшилик-аймақлық дүзилмелерден биринде (Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаят, Ташкент қаласы) сиясий партия 50 мың сайлаўшының көби менен 8% имзасын топлаўы мүмкин. Имза қойылған қағазларда имзалар қәлбеки

болған жағдайда Орайлық сайлаў комиссиясы сиясий партияның сайлаўда қатнасыў ҳуқықын бийкарлайды.

Депутатлыққа тлабанлар көрсетиў ушын сиясий партиялар сайлаўға 70 күн қалғанында Орайлық сайлаў комиссиясына төмендеги ҳүжжетлерди усыныўы керек:

Партия, басшысы тәрепинен имзаланған сайлаўда қатнасыў ҳаққындағы арза;

Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлигиниң сиясий партия сайлаў компаниясы басланғанлығы жәрияланған күннен 6 ай алдын дизимге алынғанлығын тастыйықлаўшы мағлыўматнамасы;

имза қойылған қағазлары.

Орайлық сайлаў комиссиясы усынылған ҳүжжетлер тийкарында 5 күн ишинде сисяий партияның сайлаўда қатнасыўға келисим бериў ҳаққында қарар қабыл етеди. Сайлаўда қатнасыўшы сиясий партиялардың дизими арзалар келип түсиў тәртибине қарап Орайлық баспа сөзде жәрияланады.

Әдебиятлар.

1. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиет йўли. Т., „Ўзбекистн“, 1992 йил.

2. Каримов И.А. Ўзбекистон келажаги буюк давлат. Т., „Ўзбекистон“, 1992 йил.

3. Каримов И.А. Буюк келажагимизнинг ҳуқуқый кафолати. Т., „Ўзбекистон“, 1993 йил

4. Каримов И.А. Ўзбекистон миллий истиқлол, иқтисод, сиесат, мафкура. Т., „Ўзбекистон“ 1993 йил

5. Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий сиесатнинг устувор йўналишлари. Т., „Ўзбекистон“, 1993 йил

6. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг сиесий-ижтимоий ва иқтисодий истиқболининг асосий тамойиллари. Т., „Ўзбекистон“, 1995 йил.

7. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиет кафолатлари. Т., „Ўзбекистон“, 1993 йил

8. Каримов И.А. Өз келешегимизди өз қолымыз бенен қурып атырмыз.-Н; Қарақалпақстан, 1999.

9. Каримов И.А. Ватан озодлиги - олий саодат. -Т.; Ўзбекистон, 1999 3. Каримов И.А. Адолат, Ватан ва ҳалқ манфаати ҳар нарсадан улуғ. -Т.;Ўзбекистон, 1998.

10. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаравон ҳает-пировард мақсадимиз.Т.;- Тошкент Ўзбекистон, ғ000.

11. Ўзбекстан Республикаси Конституцияси. -Т.; Ўзбекистан, 1993.

12. “Ўзбекистан Республикасининг Олий Мажлис тўғрисида„ги Қонун.- 1994.

13. «Ўзбекистан Республикаси Олий Мажлисининг регламенти».-Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1995, ғң- модда.

14. «Ўзбекистан Республикаси Олий Мажлисининг кўмиталари ва комиссиялари тўғрисида„ги Низом.-Ўзбекистон Республикаси Олий мажлисининг Ахборотномаси,1995, Қ ү.

15. «Ўзбекистон Республикаси Олий Мажилисининг сенати тўғрисида»ги қонун.-Халқ сўзи., 2002 йил,28 декабрь.

16. «Ўзбекистон Республикаси Олий Мажилисининг қонунчилик палатаси тўғрисида» 27-декабрь.

17. «Референдум жуўмақлары ҳәм мамлекетлик ҳәкимият шөлкемлестириўдың тийкарғы принциплери» ҳаққында Өзбекстан Республикасы Нызам.-Халқ сўзи, 2002 йил, 12-апрель.

18 Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы.- Нукус, 1998.

19. «Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында» Нызам.-Еркин Каракалпакистан, 1998, 24 февраль.

20. «Ўзбекистон Республикаси қонунларини таерлаш» тўғрисида» ги қонун.- Ўзбекистон Республикаси Олий Мажилисининг Ахборотномаси, 1997, Қ*, ғқў-модда.

21. Агзамходжаев А.А. Правовые основы государственной независомости Республики Ўзбекистан. Т., „Ўзбекистон“, 1993 йил

22. Адилкариев Х.Т. Новая Конституция - великий символ суверенитета вопросы теории и практики. Т., 1995 г.

23. Адилкариев Х.Т. Законотворческий процесс в Республике Узбекистон: вопросы теории и практики. Т., 1995 г.

24. Азизходжаев А.А. Проблемы правохранительной деятельности местных советов. -Т.: Ўзбекистон, 1990 г.

25. Абдуллаев Ш.Ю. Контрольная деятельность хокимов и областных Советов народных депутатов (в условиях Республики Узбекистон). 1995 г.

26. Исламов З.М. Общество, государство, право. Т., Адолат, 1997 г.

27. Саидов А.Х. Избирательное право в Республике Узбекистон: вопросы реформы, законодательство и зарубежный опыт. Т., Узбекистон, 1993 г.

28. Туляганов А.Т. Проблемы внедрения НОТ в деятельность местных Советов народных депутатов. Т., 1989 г.

29.Туляганов А.Т. Давлат ҳокимияти вакиллик ва ўзини-ўзи бошқариш органлари фаолиятини ташкил этиш. Ўқув қўлланма. Т., „Университет“, 1996 йил.

30. Хусанов О.Т. Ўзбекистон Республикасининг давлат ҳокимияти вакиллик ва ижроия ҳокимияти органлари. Ўқув қўлланма. Т., „Университет“, 1994 йил.

31. Хусанов О.Т. „Ўзбекистон Республикасинингш маҳаллий давлат ҳокимияти тўғрисида“ ги Қонунига шарҳлар. Т., „Адолат“, 1995 йил

32. Хусанов О.Т. Мустақиллик ва маҳаллий ҳокимият. „Шарқ“ нашриет матбаа концернининг бош таҳририяти. Т., 1996 йил

33. Жалилов Ш. Давлат ҳокимияти маҳаллий органлариислоҳати, тажриба ва муаммолар. Т., „Ўзбекистон“, 1994 йил.

34. Олий ва Маҳаллий кенгашларнинг ҳуқиқий асослари. Муаллифлар жамоаси. Т., „Фан“, 1992 йил.

35. Демократик давлат сари. Муаллифлар жамоаси. „Фан“, 1993 йил.

36. Ўзбекистон Республикаси мустақиллиги ва қонунчиликни такомиллаштириш масалалари. Муаллифлар жамоаси. Т., „Адолат“, 1993 йил.

37. Ўзбекистоннинг мустақил ҳуқиқий йўли: тажриба ва муаммолар. Муаллифлар жамоаси. Т., 1994 йил.

38. Ўзбекистон Республикаси мустақил давлат. Т., „Адолат“, 1995 йил.

39. Ўзбекистон Республикаси Конституцияга шарҳлар. Т., „Ўзбекистон“, 1995 йил.

40. Ўзбекистон Республикаси Конституциясини ҳаетга тадбиқ қилиш муаммолари Халқаро илмий анжуман материаллари. Т., „Ўзбекистон“, 1995 йил.

41. Конституция ҳуқуқий давлат қуришнинг асоси. Илмий-амалий анжуман материаллари. Т., „Адолат“, 1996 йил.

42. Одилқораев Х.Т. Ўзбекистон Республикасида қонун чиқариш жараени. Тошкент, „Ўзбекистон“, 1995 йил.

43. Хусанов О.Т. „Ўзбекистон Республикаси давлат органлари“, Ўқув қўлланма „Шарқ“ нашриет-матбаа концернининг бош таҳририяти. Тошкент. 1996 йил.

44. Адилкариев Х., Гультеев И. Формирование двухпалатного парламента в Республике Узбекистан.-Ҳуқуқ-Право-LAW, 2002, Қә, с.әғ-әў.

45.Адилкариев Х.Т. Ўзбекистон Республикасида қонун чиқариш жараени.-Т: Ўзбекистон, 1995.

46. Каюмов Р. Ўзбекистан Республикасининг конституциявий ҳуқуқи. -Т.: Адолат, 1998.

47 Котелевская И.В. Современный парламент.-Гос и право, 1997, Ққ.

48 Латипов А. Парламент назорати.-Ҳает ва қонун, 2001 йил, Қғ-қ, ғқ-ғңб.

49 Парламент ислоҳати: Ўзбек модели.-Ҳает ва қонун, 2002йил, Қғ, қ-ҳ б.

50. Таджиханов У. Законопослушашие - важнейшая черта правовой культуры. -Народное слово, 1995.51 Таджиханов У., Адилкариев Х., Сайдов А Ўзбекистон Республикасининг конституциявий ҳуқуқи.-Т: Шарқ, 2001.